# Ехъошуа

# Ехъошуа

Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр, Москва
2023

**Ехъошуа**

Книга Иисуса Навина
на адыгейском языке
Joshua in the Adyghe language *(ISO: ady)*

© Институт перевода Библии, 2023

# Пэублэ гущыI

Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ тхылъеджэр!

Тхьэм и ГущыIэ ЛъапIэу Библием иIахьыгъоу, «Ехъошуа» зыфаIорэ тхылъэу адыгабзэкIэ зэдзэкIыжьыгъэр уапашъхьэ илъ.

«Ехъошуа» тхылъыр Тэуратым ыуж къекIы, Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм итарихъ тхылъхэм апэрэ. Мосэ израил цIыфхэр Мысырым къырищхи, шъофнэкIымкIэ къырищэхи, КъэнаIан чIыгум ылъэныкъокIэ къызэрищагъэхэр Тэуратым къеIуатэ. Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъо пачъыхьэхэр къызыщытебанэхэм, Мосэ ахэм атекIуи ахэм ячIыгухэу КъэнаIаным пэчIынатIэхэр къыIэкIэхьагъэх. Израилым илIэкъо пшIыкIутIумэ ащыщэу лIэкъуитIурэ ныкъорэр ахэм арытIысхьагъэх. Ау мурадыгъэр КъэнаIан ары: джырэ палестинэ–израил чIыгухэр ежьыри къытекIыщтхэми къаритынэу Тхьэм Ибрахьимэ къыгъэгугъэгъагъ. Ау ащ нэс Мосэ къыгъэшIагъэп, чIыгур заокIэ ыубытыныр ежь анахь IэпыIэгъу благъэу иIэгъэ Ныун ыкъо Ехъошуа ыпшъэ рилъхьажьыгъ.

Джары тхылъэу «Ехъошуа» къызэрэригъажьэрэр. Ехъошуа зэкIэ израил цIыфхэр игъусэхэу Иордан псыхъом къызэпырыкIи, КъэнаIан чIыгум ихьагъ, ащ щыпсэущтыгъэ пачъыхьэ зэфэшъхьафмэ язэуагъ (а 1-рэ – я 12-рэ шъхьэхэр). Гъэзэуат зэо лъапIэм (Къэгъазэ зыщамышIырэ зэо лъапIэ; Зэо лъапIэм) ишапхъэхэм атетэу

чIыгур штэгъэным фэгъэхьыгъэ зэо Iофыр зэрахьагъ. Израил цIыфхэр агухэмкIэ Тхьэм фэшъыпкъэфэхэ Зиусхьаным ахэм текIоныгъэр къаритыщтыгъ. Тхьэм иунашъокIэ израил цIыфхэм КъэнаIан къалэхэмрэ цIыфхэмрэ «хьарам» ашIынхэ фэягъ. Ижъырэ джуртыбзэмкIэ «хьарам» гущыIэм мэхьанэу иIэр – «Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэныр». Ащ къикIыщтыгъэр лъэпсэкIодэу ахэр Тхьэм фэбгъэкIодынхэр арыгъэ. Непэ тэ ар жъалымэгъэшхоу къытщэхъу, ау а лъэхъаным ащ фэдэ зекIуакIэр къызэрыкIоу щытыгъ. А уахътэм КъокIыпIэ Благъэм щыпсэущтыгъэхэр зэрэгущыIэщтыгъэхэр мыщ дэжьым къыщыдэплъытэн фае: гущыIэм пае, я 15-рэ шъхьэм ия 13-рэ – я 15-рэ усэхэм къыщаIо Хъэурэн къалэм зы лъэпкъ Iэнэкъ къытекIыгъэхэу зэрэщыпсэущтыгъэр. Ау ащ ыпэкIэ мы къалэм дэсыгъэхэр зэкIэ зэраукIыгъэхэр я 10-рэ шъхьэм ия 36-рэ – я 39-рэ усэхэм къащыIуагъ. НэмыкIэу къэпIон хъумэ, Тхьэм иунашъо кIэзыгъэнчъэу цIыфхэм зэрагъэцэкIагъэр ары зэкIэмэ апэ ащ фэдэ гущыIэ лъэшхэмкIэ къыкIагъэтхъынэу зыфэягъэхэр. Ары пакIопышъ пэщэ дэгъум ищысэу Ехъошуа зэрэщытыр мыщ дэжьым къыхэщы: Тхьэм ихабзэ ар фэшъыпкъ, Тхьэм шIошъхъуныгъэшхо фыриIэу, лIыгъэшхо хэлъэу ащ цIыфхэр зылъещэх.

Израил лIакъохэм азыфагу чIыгур зэрэщагощыгъэм тхылъым иIахьышIу къытегущыIэ (я 13-рэ– я-22-рэ шъхьэхэр). Израил цIыфхэмкIэ а къэбарым мэхьанэшхо иIагъ. Къызэригъэгугъагъэхэ чIыгум Тхьэм щыфэшъыпкъэным

фэгъэхьыгъэ гущыIэу лъэпкъым ытырэмкIэ тхылъыр къеухы (я 22-рэ – я 24-рэ шъхьэхэр). Израил цIыфхэр ягущыIэ фэшъыпкъагъэхэмэ–фэмышъыпкъагъэхэмэ ащ ыуж къикIырэ тхылъхэм, анахьэу «Гъуазэхэм» къагъэлъагъо.

Мы тхылъэу ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэр цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм абзэхэмкIэ гъогогъуишъэрэ зэрадзэкIыгъ. Джы, мары, адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэу а тхылъ гъэшIэгъоныр ори къызэгопхыгъ. Электроннэ амалхэр къызфэбгъэфедэхэзэ джырэкIэ ащ уеджэн плъэкIыщт, тапэкIэ тхылъыр къыхаутын агу хэлъ.

Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытххэм къахэкIыгъэхэу щыт цIэ унаехэр адыгэ макъэхэм якъэIуакIэ тетэу тхыгъэх.

Адыгабзэм щамыгъэфедэрэ къэIуакIэхэу къыхафэхэрэм ямэхьанэ къызэIуахэу нэкIубгъомэ ачIэгъ ехьыхынхэр фэтшIыгъэх.

Еджэхэрэр рыгъозэнхэу картхэмрэ гущыIалъэрэ тхылъым кIыгъух. А зэкIэ тхылъеджэхэм IэпыIэгъу къафэхъунэу тэгугъэ. Тауратыр, Мосэ итхылъитф, 2024-рэ илъэсым къыхаутынэу агу зэрэхэлъым тигуапэу шъуещытэгъэгъуазэ. Электроннэ амалхэр къызфэжъугъэфедэхэзэ а тхылъхэм ащыщыхэм джырэкIэ институтым ивебсайт шъущяджэн шъулъэкIыщт.

Тхылъэу «Ехъошуа» зэзыдзэкIыгъэхэм, редакторхэм, адыгабзэкIэ ар къыдэкIыным зиIахь хэзышIыхьагъэхэм зэкIэми Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр афэраз. Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ

тхылъеджэхэм тхылъэу апашъхьэ итлъхьагъэр агу рихьынэу тэгугъэ.

ШъуишIошIхэмрэ шъуиеплъыкIэхэмрэ яхьылIэгъэ къэбар Библием изэдзэкIынкIэ ти Институт ежъугъэшIэн шъулъэкIыщт.

*Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр,*
*Москва*

# Ехъошуа

## Апэрэ шъхьэр

### *Ехъошуа КъэнаIаныр ыубытынэу Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIырэр*

**1** [1] Тхьэу Зиусхьаным[a] иIумэтэу Мосэ зэлIэм ыуж,
Мосэ IэпыIэгъоу иIэгъэ Ныун ыкъо Ехъошуа
Ар къеджи, къыриIуагъ:
[2] – СиIумэтэу Мосэ лIагъэ. Арышъ, кIуи израил
цIыфхэр Иордан псыхъом зэпырыщыхи – чIыгоу
мы лъэпкъым Сэ къестырэм ищэх. [3] Мосэ зэрэзгъэ-
гугъагъэу, сыд фэдэ чIыпIэ шъулъакъо теуцоми,

---

[a] **1:1** Адыгэ гущыIэу «Зиусхьан»-м мэхьанэу иIэм зи-къэIуакIэ зэфэмыдэ джурт гущыIитIумэ къарыкIырэр къеты. Апэрэр – «Яхве» зыфиIорэмкIэ Тхьэм ыцIэ къыраIо, ащ мэхьанэу иIэмэ ащыщ: «ЕгъашIэм ЩыIэ Зэпытыр». ЯтIонэрэр – «Адонай», Тхьэр зэрэлъэрыхьэр, Ар зэрэфэшIыгъэр ары мэхьанэу иIэр.

ар Сэ шъо къышъостыщт. [4] КъыблэмкIэ шъофнэкIым щегъэжьагъэу темырымкIэ щыIэ Ливан къушъхьэхэм анэсэу, тыгъэкъокIыпIэмкIэ Ефрат псыхъошхом (хьатхэм ячIыгуи къыхиубытэу) щегъэжьагъэу тыгъэкъохьапIэм щыIэ Хышхом[a] нэс шъуичIыгу зыщиубгъущт. [5] ГъашIэу уиIэм зы мэфэ закъуи хэти о къыппэуцужьын ылъэкIыщтэп. Мосэ Сэ сызэригъусагъэм фэдэу ори сыуигъусэщт. Сэ усыбгынэщтэп ыкIи, укъэзгъэнэщтэп ыкIи.

[6] Пытагъи лIыгъи къызыхэгъаф, шъуятэжъхэм къястынэу сIуи, гущыIэ пытэ къызфястыгъэгъэ чIыгум цIыфхэр о ипщэщтхэшъ: [7] пытагъи лIыгъэшхуи зыхэгъэлъ. Сэ сиIумэтэу Мосэ къыуитыгъэ Хабзэр зэрэпсэоу, кIэзыгъэ фэмышIэу, гъэцакIэ. Тыдэ укIуагъэми, тыдэкIи гъэхъагъэ зэрэщыпшIынэу ащ джабгъумкIи сэмэгумкIи удэмых. [8] Тхьэм и Хэбзэ тхыгъэ хэт гущыIэхэр ренэу пIупэ терэлъых. Ащ итхагъэр кIэзыгъэнчъэу зэрэбгъэцэкIэнэу мафи чэщи ахэмэ ягупшыс. Джащыгъум тэрэзэуи узекIощт, уигъогухэми гъэхъагъэхэр ащыпшIыщтых. [9] Арышъ, Сэ мыщ фэдэ унашъо къыпфэсэшIы: пытагъи лIыгъи зыхэгъэлъ. Тыдэ укIуагъэми Зиусхьанэу уи Тхьэ ренэу уигъусэщтышъ, умыщын, угуи умыгъэкIоды.

[a] 1:4 Мыщ дэжьым зигугъу къыщишIырэр Средиземнэ хыр ары. Мы тхылъым инэмыкI чIыпIэхэми зэращыхэтыр джащ фэд.

[10] Арыти, лъэпкъым иIэшъхьэтетхэм Ехъошуа
унашъо афишIыгъ:

[11] – УцупIэр къэшъукIухьи, цIыфхэм яшъуIу:
«Мэфищ зытешIэрэм ыуж, мы Иордан псыхъом
шъузэпырыкIынышъ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ
шъуиенэу къышъуитырэ чIыгум шъуубытынэу
шъуихьащтышъ, гъомлапхъэ жъугъэхьазыр».

[12] Ау Рубэнрэ Гъадрэ ялIакъохэмрэ Мынасэ лIа-
къом ызынысъомрэ Ехъошуа ариIуагъ:

[13] – Зиусхьаным иIумэтэу Мосэ унашъо къы-
шъуфишIыгъэр зыщышъумыгъэгъупш: «Зиус-
хьанэу шъуи Тхьэ мы чIыгур шъо къышъуити,
шъуигъэгупсэфыгъ». [14-15] Мосэ мыдыкIэ къышъуи-
тыгъэ чIыгоу, Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэ
щыIэм, шъуишъхьэгъусэхэри, шъуикIалэхэри,
шъуибылымхэри къерэнэх. Ау Зиусхьаным ахэр
шъощ фэдэу егъэгупсэфыфэхэ, Зиусхьанэу шъуи
Тхьэм къаритырэ чIыгур ахэми амыубытыфэ,
шъо, зэкIэ зэон зылъэкIыщтхэм, IашэкIэ зызэте-
жъугъэпсыхьи, шъукъошхэм апэ шъуитэу псы-
хъом шъузэпырыкIи, IэпыIэгъу шъуафэхъу. Ащ
ыуж Зиусхьаным иIумэтэу Мосэ къышъуитыгъэ
чIыгоу Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэ щыIэм
жъугъэзэжьи, ащ шъуитIысхьажь.

[16] Ахэм Ехъошуа джэуап ратыжьыгъ:

– Унашъоу къытфэпшIырэр зэкIэ дгъэцэкIэщт,
тыздэбгъакIорэми тыкIощт. [17] Зиусхьанэу уи Тхьэ

Мосэ зэригъусагъэм фэдэу ори уерэгъусэ къодыйи,
Мосэ тызэредэIущтыгъэм фэдэу ори тыодэIущт.
18 Хэтми о уиунашъо пэшIуекIорэр, уигущыIэ, ар
сыд фэдэми, зымыгъэцакIэрэр тыукIыщт. Сыд
хъугъэми пытагъэрэ лIыгъэрэ о зыхэгъэлъи!

## ЯтӀонэрэ шъхьэр

### *Рахъабрэ джасусхэмрэ*

**2** [1] ЕтӀанэ Ныун ыкъо Ехъошуа, Шытым дэт дзэ уцупӀэм, джасуситӀу ригъэкӀыхи, ыгъэкӀуагъэх.

– Шъэфэу шъукӀуи а чӀыгур къэшъуплъыхь,– ыӀуагъ ащ,– анахьэу Ерыхъэу къалэм шъунаӀэ тежъугъэт.

Ерыхъэу ахэр зынэсхэм, бзылъфыгъэ хэтакӀоу Рахъаб зыцӀэм иунэ екӀуалӀэхи, чэщыр щырахынэу ащ къыщыуцугъэх.

[2] А къэбарыр Ерыхъэу къалэм ипачъыхьэ нагъэсыгъ:

– Израил горэхэр мы чӀыгур къаплъыхьанэу мары, пчыхьашъхьэ къэкӀуагъэх.

[3] Джащыгъум, Ерыхъэу пачъыхьэм ицӀыфхэр Рахъаб фигъакӀохи, иунашъо раригъэӀуагъ:

– Мы чӀыгур зэкӀэ къаплъыхьанэу къэкӀуагъэхэшъ, уиунэ къекӀолӀэгъэ цӀыфхэр къытфищых.

[4] Ау бзылъфыгъэм хъулъфыгъитӀур ыгъэбылъыгъэх.

– Шъыпкъэ,– ыӀуагъ ащ,– садэжь цӀыфхэр къэкӀогъагъэх, ау ахэр къыздикӀыгъэхэр сэ сшӀагъэп.
[5] Чэпэзэхэогъум, къэлапчъэхэр зыщырагъэты-

жьыщтым, дэкIыжьыгъэх. Зыздагъэзагъэри сшIэрэп. ПсынкIэу ауж шъуихьэмэ, шъуакIэхьан.

[6] Ежь а хъулъфыгъитIур унашъхьэм дищаехи, ащ тырилъхьэгъэ чэтэн щэпкъхэм ачIэгъ чIигъэбылъыхьэгъагъэх.

[7] Джасусхэм алъежьагъэхэр Иордан псыхъом екIурэ гъогум техьэхи, зэпырыкIыпIэм нэс кIуагъэх. Ахэр зэрэдэкIыгъэхэм лъыпытэу къэлапчъэхэр рагъэтыжьыгъэх.

[8] Джасусхэр гъолъыжьынхэм ыпэкIэ, бзылъфыгъэр унашъхьэм дэкIуайи, [9] ахэм ариIуагъ:

– Зиусхьаным мы чIыгур шъо къызэрэшъуитыгъэр сэ сэшIэ. Щынэгъошхом тызкIызэлъиштагъэри мы чIыгум щыпсэухэрэр зэкIэ лъэшэу къызкIышъуущыщынэхэри джары. [10] Тэ къэбаркIэ зэхэтхыгъэ: Мысырым шъукъикIыжь зэхъум, шъукъызэпырыкIын шъулъэкIынэу хы Къамылыр шъуапашъхьэ Зиусхьаным зэрэщыригъэгъушъыкIыгъэри Иордан псыхъом ыкIыбкIэ амэр пачъыхьэхэу Сыхъонрэ Iогърэ лъэпсэкIод зэрэщышъушIыгъэхэри. [11] Ар зызэхэтэхым, тыгу къэкIодыгъ. Зиусхьанэу шъуи Тхьэ ышъхьагъыкIэ уашъоми ычIэгъыкIэ чIыгуми ащыIэ Тхьэр арышъ, къышъупэуцужьынэу тащыщ горэми гу къызыIэпишIыхьажьышъурэп. [12-13] Арэу зыщыткIэ, сэ гукIэгъу къызэрэшъуфэсшIыгъэм фэдэу сиунагъо гукIэгъу къыфэшъушIынэу Зиусхьаным

ыпашъхьэ шъуитэу тхьэрыIо къысфэшъушI.
Сятэрэ сянэрэ, сшыхэмрэ сшыпхъухэмрэ, ахэм
яунагъохэм зэкIэ арысхэмрэ апсэхэр къызэрэжъу-
гъэнэжьыщтэхэм, лIэныгъэм тыкъызэрэIэкIэшъу-
хыжьыщтым ишыхьат тамыгъэри нэрылъэгъу
къысфэшъушI.

[14] – Шъо шъучIыпIэ тэ тпсэхэр лIэныгъэм Iэ-
кIэрэхьэх,– джасусхэм бзылъфыгъэр къагъэгу-
гъагъ.– Iофэу зетфэрэм ышъхьэ хэти фимыхмэ,
мы чIыгур Зиусхьаным къызытитрэм ыуж, тэ о
гукIэгъу къыпфэтшIыщт, шъыпкъагъи къытэ-
бгъотылIэщт.

[15] Бзылъфыгъэм иунэ къэлэсэрай дэпкъым
хэтыгъэти, джащыгъум шъхьангъупчъэмкIэ
едзыхыгъэ кIапсэмкIэ ахэр ритIупщэхыжьхи,
[16] ариIуагъ:

– Къышъулъежьагъэхэм шъукъамыгъотыным
фэшI бгыхэм шъуякIуи, ахэм мэфищэ защыжъу-
гъэбылъ. ЕтIанэ ахэм къызагъэзэжьыкIэ, шъори
шъуигъогу шъутехьажь.

[17-18] Арыти:

– Мы чIыгум тыкъызихьэкIэ, джыдэдэм къы-
зэрэуатIорэм фэдэу мы шъэгъэ плъыжьыр тыкъы-
зэрептIупщэхыжьыгъэ шъхьангъупчъэм къы-
пымылъэмэ,– джасусхэм бзылъфыгъэм къыра-
Iуагъ,– уятэрэ уянэрэ, пшыхэр, уятэ иунагъо зэкIэ
зэрэщытэу о уиунэ къыщымыугъойхэмэ тхьэрыIоу

тэбгъэштагъэр тшъхьарэкIыжьы. [19] Хэтми уиунэ
къикIэу урамым къытехьагъэу аукIырэм, зэрау-
кIыгъэр ежьым илажь[a]. АщкIэ тэ пшъэдэкIыжь
тхьырэп. Ау уиунэ исэу хъурэм ащыщ зыгорэм ыIэ
къынэсмэ, ащ ихьадэгъукIэ тэры мысэр. [20] Зыщы-
мыгъэгъупш: тыпIуатэмэ, тхьэрыIоу тэбгъэшта-
гъэр мэкъутэ.

[21] – Дэгъу,– ыIуагъ бзылъфыгъэм,– къызэрэшъу-
Iуагъэм тетэу орэхъу.

Ащ хъулъфыгъэхэр ригъэкIыжьхи, ежь шъэгъэ
плъыжьыр шъхьангъупчъэм пипхагъ.

[22] Адрэхэр ежьэжьхи, бгыхэм якIухи, акIэлъе-
жьагъэхэм гъогухэр къалъыхъуфэхэ, къамыгъо-
тыгъэхэу къагъэзэжьыфэ, мэфищэ ащ щыIагъэх.

[23] Ащ ыуж хъулъфыгъитIур ягъогу техьажьы-
гъэх. Ахэр бгыхэм къяхыжьхи, псыхъом зызэпы-
рэкIыжьхэм, Ныун ыкъо Ехъошуа дэжь кIохи,
къяхъулIагъэр зэкIэ фаIотэжьыгъ.

[24] – Щэч хэмылъэу, мы чIыгур зэкIэ зэрэщытэу
Зиусхьаным тIэ къырилъхьагъ.– Ахэм Ехъошуа
раIуагъ.– Ащ щыпсэурэ цIыфхэр зэкIэ лъэшэу
къытщэщынэх.

---

[a] 2:19 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итха-
гъэр: «ылъ ежь ышъхьэ тефэжьы».

## Ящэнэрэ шъхьэр

### *Иордан псыхъом зэрикIыгъэхэр*

**3** [1] Пчэдыжьым жьэу Ехъошуа зэкIэ израилхэр
игъусэхэу Шытым икIхи, Иордан псыхъом
нэсыгъэх. Псыхъом зэпырыкIынхэм ыпэкIэ, а
чIыпIэм уцупIэ щагъэпсыгъ. [2] Мэфищ зытешIэм
ыуж Iэшъхьэтетхэм уцупIэр къакIухьи, [3] цIыфхэм
унашъо афашIыгъ:

– Зиусхьанэу шъуи Тхьэ дашIыгъэ зэзэгъы-
ныгъэр зытет мыжъобгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ
лъапIэр[a] лэуй-къурмэнышIхэм рахьыжьагъэу
зышъулъэгъукIэ, шъори зышъуIэти, пхъонтэ
лъапIэм ыуж шъуихь. [4] А лъэныкъом зыпарэкIи
шъукIуагъэпышъ, шъуздэкIощтыр джаущтэу шъу-
шIэщт. Ау благъэу шъукIэрымыхь, арырэ шъорырэ
шъуазыфагу Iэнтэгъу минитIу фэдиз[b] илъын фае.

[5] Ащ ыуж Ехъошуа лъэпкъым риIуагъ:

– Неущ Зиусхьаным шъуинэрылъэгъоу шIэгъо-
шIагъэхэр зэрихьащтхэшъ, гъэлъэпIагъэ шъузэ-
рэхъунэу зыжъугъэкъабз.

---

[a] **3:3** Тхьэм Мосэ унашъоу къыфишIыгъэм тетэу пхъонтэ лъапIэр пхъэм хишIыкIыгъагъ. Пкъыгъо лъапIэхэмрэ Тхьэм иунэшъуипшI зытетхэгъэ мыжъобгъуитIумрэ ащ дэлъыгъэх. Еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» 25:10–22.

[b] **3:4** Метрэ мин фэдиз гор.

6 ЕтIани къурмэнышIхэм мырэущтэу ариIуагъ:
– Пхъонтэ лъапIэр шъушти, лъэпкъым ыпэ
шъуитэу, гъогум шъутехь.
Арыти, къурмэнышIхэм а унашъор агъэцэкIагъ.
7 Джащыгъум Зиусхьаным Ехъошуа къыри-
Iуагъ:
– Мосэ сызэригъусагъэм фэдэу ори сызэрэуи-
гъусэщтыр ашIэным пае, непэ щегъэжьагъэу
израилхэм зэкIэми янэрылъэгъоу Сэ узгъэиныщт.
8 Пхъонтэ лъапIэр зыхьырэ къурмэнышIхэм о
унашъо афэшIи, яIу:
«Иордан псыхъом шъунэсэу, ащ шъузэрэхахьэу,
шъукъэуцу».
9 Ащ ыуж Ехъошуа израилхэм ариIуагъ:
– Моу шъукъэкIуати, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ
игущыIэхэм шъукъядэIу. 10 Тхьэр псэоу къызэрэ-
шъухэтри, шIокIыпIэнчъэу къэнаIанхэр, хьатхэр,
хъэухэр, пэрыцхэр, гъыргъащхэр, амэрхэр, еусхэр
зэрэзэбгырифыщтхэри мары шъо къызэрэшъушIэ-
щтыр. 11 Мары зэкIэ чIыгум Тетыгъо щызыIыгъ
Зиусхьаным изэзэгъыныгъэ ипхъонтэ лъапIэ
шъуапэ итэу Иордан псыхъом хэхьащт. 12 Арышъ,
зэкIэ израил лIакъохэм нэбгырэ пшIыкIутIу къа-
хэшъух, лIакъо пэпчъ инэбгырэ зырыз. 13 ЗэкIэ
чIыгум Тетыгъо щызыIыгъым, Зиусхьаным ип-
хъонтэ лъапIэ зыхьырэ къурмэнышIхэм алъа-
пэхэр Иордан псыхъом зэрэнэсхэу, ащ ипсыхэр

къызэтеуцонхэшъ, ышъхьэкIэ къехырэ псыр
дэпкъым фэдэу къэуцущт.

14 Арыти, израилхэм уцупIэр Iуахыжьи, пхъон-
тэ лъапIэр зыхьырэ къурмэнышIхэм ауж итхэу,
Иордан псыхъомкIэ ежьагъэх. 15 Хыныгъо охъ-
тагъэти, Иордан псыхъор къиугъэу, нэпкъыхэм
къатеуагъэу щытыгъ. Ау, пхъонтэ лъапIэр зыхьы-
хэрэр Иордан псыхъом Iухьэхи, алъакъохэр псым
зэрэнэсыгъэхэм тетэу, 16 ышъхьэкIэ къехырэ псыр
къызэтеуцуагъ. Чыжьэу, Цэртан пэгъунэгъоу щыт
Адам къалэ дэжь псыр дэпкъым фэдэу къыщызэ-
теуцуагъ. АдыкIэ ечъэхырэ псэу, хы Щыугъэм[a]
(хы Iараба) хэлъадэрэр зэрэщытэу игъукIыгъ.
Джаущтэу израилхэр Ерыхъэу къалэм пэчIына-
тIэу Иордан псыхъом икIыгъэх.

17 Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ зыхьырэ къур-
мэнышIхэм израил лъэпкъыр аблэкIызэ, чIыгу
гъушъэм тетэу зэпырэкIыфэ, Иордан псыхъоу
игъукIыгъэм ыгузэгу ахэр итэу щытыгъэх.

a 3:16 Мыр хы ЛIагъэр ары.

## ЯплIэнэрэ шъхьэр

4 [1] Лъэпкъыр зэрэпсэоу Иордан псыхъом зы-
зэпырэкIым Зиусхьаным Ехъошуа къыри-
Iуагъ:
[2] – ЗэкIэ израил лIакъохэм нэбгырэ пшIыкIу-
тIу къыхашъухи, лIакъо пэпчъ инэбгырэ зырыз,
[3] ахэм унашъо афэшъушIи, яшъуIу: «Иордан псы-
хъом ыгузэгу, къурмэнышIхэр зыдэщытыгъэхэм
дэжь мыжъо зырыз къыщышъушти, чэщыр зы-
щишъухынэу пчыхьашъхьэ шъукъызщыуцущт
чIыпIэм шъухьыхи, жъугъэтIылъых».
[4] Арыти, Ехъошуа израил лIакъохэм къахи-
хыгъэ нэбгырэ пшIыкIутIум къяджи, [5] ариIуагъ:
– Иордан псыхъом ыгузэгу, Зиусхьанэу шъуи
Тхьэ ипхъонтэ лъапIэ зыдэщытым дэжь шъукIу.
Израил лIакъохэм япчъагъэ фэдиз зэрэхъунэу,
ащ дэжьым мыжъо зырыз хэти къыщыхерэхи,
ытамэ къытырерэлъхь. [6] Ахэр шъоркIэ шIэжь
тамыгъэу орэхъух. ЫужкIэ шъо шъуикIалэхэр:
«Мы мыжъохэм сыд ямэхьанэр?» аIоу къызы-
шIоупчIыхэкIэ,– [7] Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ
Иордан псыхъом къызэпырахы зэхъум, псыр ащ
ыпашъхьэ зэрэщигъукIыгъагъэри, а мыжъохэр
израил лъэпкъхэм егъэшIэрэ гукъэгъэкIыжь сы-
нэу зэряIэщтхэри ахэм яшъуIожь.

[8] Израилхэм а унашъор агъэцэкIагъ. Зиусхьа-
ным Ехъошуа къызэрэриIуагъэу, Иордан псыхъом
ыгузэгу мыжъо пшIыкIутIу, израил лIакъохэм
япчъагъэ фэдизэу, къыщыхахыгъэх. Ахэр уцу-
пIэм къахьыхи, щагъэтIылъыгъэх. [9] Зиусхьаным
ипхъонтэ лъапIэ зыхьыщтыгъэ къурмэнышIхэр
зыдэщытыгъэхэ Иордан псыхъом ыгузэгу нэмыкI
мыжъо пшIыкIутIу Ехъошуа щигъэтIылъыгъэх.
А мыжъохэр непэ къызнэсыгъэми ащ щылъых.
[10] Зиусхьаным Ехъошуа унашъоу къыфишIы-
гъэр зэкIэ израилхэм агъэцэкIэфэ къурмэнышIхэр
Иордан псыхъом ыгузэгу итыгъэх, Мосэ Ехъошуа
къызэрэриIогъагъэм фэдэу. Ардэдэм лъэпкъыр
гуIэзэ зэпырыкIыщтыгъэ, [11] зэкIэ зэрэзэпырыкIэу,
Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ зыхьыщтыгъэ къур-
мэнышIхэри лъэпкъым инэрылъэгъоу нэпкъым
къытехьажьыгъэх. [12] Мосэ унашъо къызэрафишIы-
гъагъэм фэдэу, Рубэнрэ Гъадрэ ялIакъохэр, Мынасэ
лIакъом ызыныкъо уIэшыгъэхэу израилхэм апэ
итхэу ащ зэпырыкIыгъэх. [13] Джаущтэу нэбгырэ
мин тIокIитIу фэдиз зэоным фэхьазырхэу, Зиус-
хьаным ыпашъхьэ псыхъом щызэпырыкIыхи,
Ерыхъэу кIэим ихьагъэх.

[14] А мафэм Зиусхьаным зэкIэ израилхэм янэры-
лъэгъоу Ехъошуа ыгъэиныгъ, Мосэ шъхьэкIафэ
зэрэфашIыщтыгъэм фэдэу, Ехъошуа игъэшIэ ма-
фэхэр еухыфэ агъэлъэпIагъ.

15 Зиусхьаныр къэгущыIи, Ехъошуа къыриIуагъ:
16 – Иордан псыхъом къыхэкIыжьынхэу пхъонтэ
лъапIэр зыхьырэ къурмэнышIхэм унашъо афэшI.
17 Арыти, Ехъошуа аущтэу ышIыгъ.
18 Пхъонтэ лъапIэр зыхьырэ къурмэнышIхэр
Иордан псыхъом къыхэкIыжьхи, алъакъохэр
чIыгум зэрэнэсыгъэхэм тетэу, псыр къечъэжьэ-
жьи, тыгъуаси тыгъоснахьыпи афэдэу нэпкъым
къытелъэдэжьыгъ.
19 Джаущтэу апэрэ мазэм ияпшIэнэрэ мафэ
лъэпкъыр Иордан къызэпырыкIи, Ерыхъэу иты-
гъэкъокIыпIэ лъэныкъо щыIэ Гъылгъал уцупIэ
щигъэпсыгъ. 20 Мыжъо пшIыкIутIоу Иордан псы-
хъом къыхахыгъэхэри джа чIыпIэм Ехъошуа сы-
нэу щигъэуцухи, 21 израилхэм ариIуагъ:
– ЫужкIэ, къышъухэкIыгъэхэр: «Мы мыжъо-
хэм сыд ямэхьанэр?», аIоу къышъоупчIыхэмэ,
22 израилхэр чIы гъушъэм тетхэу Иордан къы-
зэрикIыгъэхэр яшъуIу. 23 Зиусхьанэу шъуи Тхьэ
шъуикIын шъулъэкIынэу хы Къамылыр шъуа-
пашъхьэ зэрэщигъэгъушъыгъагъэм фэдэу ти-
кIын тлъэкIынэу Иордан псыхъори тапашъхьэ
щыригъэгъушъыкIыгъэба. 24 Лъэпкъэу дунаим
тетхэм Зиусхьаным ыкIуачIэ зэрэиныр ашIэным,
шъори, шъуигъэшIэ мафэхэр шъоухыфэ, Зиусхьа-
нэу шъуи Тхьэ щынагъо фышъуиIэным пае Ащ
аущтэу зыкIишIыгъэр.

## Ятфэнэрэ шъхьэр

### *Израилхэр Гъылгъал сунэт зэрэщашIыгъэхэр*

**5** [1] Зиусхьаным израилхэр къикIынхэ алъэкIы-
нэу Иордан псыхъор апашъхьэ зэрэщыригъэ-
гъушъыкIыгъэр ащ итыгъэкъохьэпIэ лъэныкъо
щыпсэурэ амэр пачъыхьэхэмрэ хы Iушъом Iус
къэнаIан пачъыхьэхэмрэ зызэхахым, агухэр къэ-
кIодыгъэх, израилхэм апэуцужьынхэу лIыгъи
къафэнэжьыгъэп.

[2] А уахътэм:

– Мыжъом шъэжъые чанхэр хэшIыкIыхи, икIэ-
рыкIэу израилхэр сунэт шIых[a] ,– ыIуи Зиусхьаным
Ехъошуа къыриIуагъ.

[3] Арыти, Ехъошуа мыжъом шъэжъые чанхэр
хишIыкIыхи, израилхэр Iэрэлот[b] Iуашъхьэм су-
нэт щишIыгъэх.

---

a **5:2** Сунэт пшIыным къикIырэр хъулъфыгъэм иукIы-
тэпIэ пакIэ пыуупкIыныр ары. Мы зекIокIэ-шIыкIэр
Зиусхьанымрэ израил лъэпкъымрэ зэдашIыгъэ Зэзэ-
гъыныгъэм итамыгъэу щытыгъ, ащкIэ ахэр нэмыкI
лъэпкъхэм атекIыщтыгъэх. Еплъ: тхылъэу «УблапIэ»
17:9-14.

b **5:3** Мы гущыIэм ижъырэ джуртыбзэмкIэ имэхьанэр:
«укIытэпIэ пакI».

[4] Мары ащ аущтэу зыкIишIыгъэр: Мысырым
къикIыжьыгъэ хъулъфыгъэхэу зэон зылъэкIынэу
щытыгъэхэр зэкIэ, шъофнэкIым къыщекIокIыфэ-
хэ, ащ илIыхьагъэх. [5] Мысырым къикIыжьыгъэ
хъулъфыгъэхэр сунэт шIыгъэхагъэх, шъофнэкIым
адрэ къыщыхъугъэхэр сунэт шIыгъагъэхэп. [6] Мы-
сырым къызекIыжьхэм Зиусхьаным зэремыдэ-
Iугъэхэм къыхэкIэу, зэкIэ хъулъфыгъэхэу зэон
зылъэкIынэу щытыгъэхэр олIэфэхэ, илъэс тIо-
кIитIум (40-м) къыкIоцI израилхэр шъофнэкIым
къыщекIокIыхэу итыгъэх. Ятэхэм къаритынэу
къызфигъэгугъагъэхэ чIыгоу щэмрэ шъоумрэ
зыщычъэрэр ахэм аримыгъэлъэгъунэу Зиусхьа-
ным гущыIэ пытэ ышIыгъагъэба! [7] Ехъошуа сунэт
зыфишIыгъэ акъохэр ахэм ачIыпIэ Зиусхьаным
къыригъэуцуагъэх. Гъогум тетыфэхэ зыпари су-
нэт ашIыгъэпти, ахэр джыри сунэт шIыгъагъэ-
хэп. [8] Хъулъфыгъэхэр зэкIэ сунэт зашIыхэм, ахэр
охъужьыфэхэ, уцупIэм къыданэхи, дэсыгъэх.

[9] ЕтIани:

– Мысырым емыкIоу къыщышъуашIагъэр Сэ непэ шъутесхыжьыгъ.– Зиусхьаным Ехъошуа къыриIуагъ.

Джары а чIыпIэм непэ къызнэсыгъэми ГъылгъалкIэ[a] зыкIеджэхэрэр.

[a] 5:9 ГущыIэу «Гъылгъал» зыфиIорэр ижъырэ джуртыбзэмкIэ икъэIуакIэ «гъалал» гущыIэм ехьщыр.

[10] А мазэм ияпшIыкIуплIэнэрэ мафэ, пчыхьа-
шъхьэм, Ерыхъэу пэблагъэу Иордан кIэим Пэсахыр
Гъылгъал уцупIэм израилхэм щагъэмэфэкIыгъ.
[11] Пэсахым къыкIэлъыкIогъэ мафэм, а чIыгум
къыщыкIыгъэхэм ахашIыкIыгъэхэр ашхыгъэх:
хьалыгъу мыкIу-мыпшэмрэ фышъхьэцэ гъэжъа-
гъэмрэ. [12] А мафэу чIыгум къыщыкIыгъэхэм ахэ-
шIыкIыгъэ гъомлапхъэр ашхынэу зырагъэжьа-
гъэм къыщегъэжьагъэу мон шхыныр[a] ошъогум
къафехыжьыгъэп, къэнаIан чIыгум къыщыкIы-
гъэр ары а илъэсым ашхыгъэр.

### *Зиусхьаным идзэпащэ Ехъошуа зэрэIукIагъэр*

[13] Ерыхъэу пэмычыжьэу щытэу Ехъошуа мап-
лъэшъ, чэтэ ихыгъэ ыIыгъэу зы хъулъфыгъэ горэ
мары ыпашъхьэ ит. Ехъошуа ащ екIуалIи, еупчIыгъ:
– О тэ укъытщыща, хьаумэ типыйхэм уащыща?
[14] – Хьау, сэ Зиусхьаным идзэ сыripaщ, джы
моу сыкъэкIуагъ,– джэуап къытыжьыгъ ащ.

---

«Гъалал»-р тэ мы чIыпIэм «шъутесхыжьыгъ» зыфи-Iорэ гущыIэмкIэ зэтыдзэкIыгъ, имэхьанэ шъыпкъэр «Iугъэчъын».

[a] 5:12 Мон шхыныр израил цIыфхэм илъэс 40-м шъоф-нэкIым къыщакIухьэфэ Тхьэм къаритыщтыгъэ гъом-лапхъэр ары. Ар ошъогум къефэхыщтыгъэ, къонык Iэм ехьыщырыгъ, фыжьыгъ, шъоу зыхэлъ хьарыпIэм фэдагъ. Еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» 16:31.

Ехъошуа, чIыгум нэсэу ащ шъхьащэ фишIи, еупчIыгъ:

– Сыд Сизиусхьан иIумэт къыриIонэу зыфаер?

15 – Узытетыр чIы лъапIэшъ, уицуакъэхэр къызыщых[a],– ыIуи, Зиусхьаным идзэпащэ къыриIожьыгъ.

Ехъошуа цуакъэхэр зыщихыгъэх.

### *Ерыхъэу израилхэм зэраштагъэр*

16 Израилхэм къызэращыщынэхэрэм къыхэкIэу Ерыхъэу икъэлапчъэхэр пытэу зэтегъэпытыхьэгъагъэх. Зыпари къалэм къыдэкIыщтыгъэп ыкIи дэхьажьыщтыгъэп.

---

[a] 5:15 КъокIыпIэ хэгъэгухэм ижъыкIэ къыщегъэжьагъэу ЛъэкI Пстэури ЗиIэ Тхьэм елъэIунхэ зыхъукIэ яцуакъэхэр зэрэзыщахыхэрэ хабзэм мыр дештэ.

## Яхэнэрэ шъхьэр

6 [1] Джащыгъум Зиусхьаным Ехъошуа къыриӀуагъ:

– Мары, Ерыхъэу къалэр зэрэпсэоу, ащ дэс пачъыхьэри идзэкӀолӀ бланэхэри о пӀэ къысэлъхьэх.
[2] УидзэкӀолӀхэр зэкӀэ уигъусэхэу мафэм зэ къалэр хъураеу къэкӀухь. Мэфихым къыкӀоцӀ ащ фэдэу
шӀы. [3] КъурмэнышӀ нэбгырибл, бжъэмыешхо зырыз аӀыгъэу, пхъонтэ лъапӀэм ыпэ итхэу орэкӀох.
Яблэнэрэ мафэм, бжъэмыешхомэ япщэрэ къурмэнышӀхэр шъуигъусэхэу, къалэр гъогогъуиблэ
хъураеу къэшъукӀухь. [4] Бжъэмыемэ япщэхэрэм мэкъэ кӀыхьэ къыращыгъэу зызэхэшъухыкӀэ,
лъэпкъыр зэу лъэшэу къызэдэрэкуу. Джащыгъум къэлэ дэпкъыр ылъапсэ нэсэу къызэхэоныщъ,
шъори лъэныкъо пстэумкӀи къалэм шъудэхьащт.
[5] Ныун ыкъо Ехъошуа къурмэнышӀхэм къяджи, ариӀуагъ:

– Зиусхьаным ипхъонтэ лъапӀэ къашъушти, шъуащыщ къурмэнышӀ нэбгырибл бжъэмые зырыз аӀыгъэу ащ ыпэ ижъугъэуцох.
[6] ЗэолӀхэми унашъо афишӀыгъ:

– ШъукӀуи, къалэр хъураеу къэшъукӀухь. Зиусхьаным ипхъонтэ лъапӀэ ыпэ итэу шъуащыщ уӀэшыгъэ ухъумакӀохэр орэкӀох.
[7] Аущтэу Ехъошуа лъэпкъым зыреӀом ыуж,
къурмэнышӀ нэбгыриблыр Зиусхьаным ыпашъхьэ бжъэмыемэ щяпщэхэзэ, Зиусхьаным ипхъонтэ

лъапIэ ыпэ итхэу ежьагъэх. 8 УIэшыгъэ ухъу-
макIохэр зэкIэмэ апэ итыгъэх, ахэм аужыгъэх
къурмэнышIэу бжъэмыемэ япщэхэрэмрэ пхъонтэ
лъапIэр зыхьыхэрэмрэ, нэмыкI уIэшыгъэ ухъу-
мэкIо купыр зэкIэмэ аужыжьыгъ. Ащ фэдизым
зэпымыоу бжъэмыемэ япщагъэх. 9 Ехъошуа лъэп-
къым унашъо фишIи, риIуагъ:

– Макъи къэшъумыгъэIу, зы гущыIи шъужэ
къыдэшъумыгъэкI. Шъукуонэу унашъо къышъу-
фэсэшIыфэ заом шъукъыфэмыдж. Унашъор къызэ-
хэшъухымэ, джащыгъум шъумакъэ къызэрихьэу
шъукъэкуу.

10 Джаущтэу Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ къа-
лэм хъураеу зэ къырахьакIыгъ. Ащ ыуж уцупIэм
къагъэзэжьи, чэщыр щырахыгъ.

11 ЯтIонэрэ мафэм, Ехъошуа пчэдыжьым жьэу
къэтэджыгъ, къурмэнышIхэм Зиусхьаным ипхъон-
тэ лъапIэ къаригъашти, ежьагъэх. 12 КъурмэнышI
нэбгырибл ыр бжъэмыемэ япщэхэзэ, Зиусхьаным
ипхъонтэ лъапIэ ыпэ итхэу кIуагъэх. КъурмэнышI-
хэмрэ пхъонтэ лъапIэмрэ апэкIи аужыкIи уIэшыгъэ
ухъумэкIо куп зырыз итыгъ. Ащ фэдизым зэпы-
мыоу бжъэмыемэ япщагъэх. 13 А мафэми къалэр
хъураеу зэ къакIухьи, уцупIэм къагъэзэжьыгъ.
Джаущтэу мэфихым къыкIоцI ашIыгъ.

14 Яблэнэрэ мафэм жьэу къэтэджыхи, нэфылъым
къызэкIичыгъэ къодыеу, къалэр къакIухьанэу

рагъэжьагъ: а мэфэ закъом ар гъогогъуиблэ
къакIухьагъ. 15 Яблэнэрэу къурмэнышIхэр бжъэмые-
мэ зяпщэхэм, Ехъошуа цIыфхэм унашъо афишIыгъ:
– Шъукуу! Зиусхьаным къалэр къышъуитыгъ!
16 Ау ежь Ерыхъэу къалэри зэкIэ ащ дэсхэри тхьа-
рыIокIэ Зиусхьаным зэрэфэдгъэшъошэщтхэр, лъэ-
псэкIод зэрэтшIыщтхэр[a] зыщышъумыгъэгъупш.
Джасусэу дгъэкIуагъэхэр зэригъэбылъыгъэхэм
пай, псэоу къэдгъэнэщтхэр бзылъфыгъэ хэтакIоу
Рахъабрэ хэтми ащ иунэ исхэмрэ арых ныIэп. 17 Ау
Зиусхьаным тхьарыIокIэ фэдгъэшъошагъэхэм за-
щышъуухъум, ахэм ащыщ горэ къызышъуштэкIэ
шъор-шъорэу зыжъугъэкIодыжьыщт, израилхэм
яуцупIи тхьамыкIагъо къыфэшъухьынышъ, къы-
шъоунэхъулIэщт. 18 ЗэкIэ тыжьынымрэ дышъэмрэ,
джащ фэдэу джэрзымрэ гъучIымрэ ахэшIыкIыгъэ
хьап-щыпхэр Зиусхьаным фэгъэлъэпIагъэхэшъ,
Ащ имылъку гъэтIылъыпIэ чIашъулъхьэх.
19 Арыти, къурмэнышIхэр бжъэмыемэ зяпщэ-
хэм, зэрэлъэпкъэу къызэдэкууагъ. Бжъэмыемэ

[a] 6:16 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым хэт глаголэу «хьарам»-м мэхьанэу иIэр: пкъыгъохэмрэ цIыфхэмрэ Зиусхьаным фэбгъэшъошэнхэр, нахьыбэмкIэ ахэр лъэпсэкIодэу фэбгъэкIодынхэр ары. Ар къикIэу мы тхылъым изэдзэкIын щыдгъэфедагъэх гущыIэ зэгъусэхэу: «тхьэлъанэкIэ Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэн», «лъэпсэкIод шIыгъэн». НэмыкI чIыпIэхэми къызэращыхафэрэр джащ фэд.

япщэхэрэм макъэр къызыращым, цӀыфхэр лъэ-
шэу куохэ зэхъум, къэлэ дэпкъыр ылъапсэ нэсэу
къызэхэуагъ. Джащыгъум цӀыфхэр лъэныкъо
пстэумкӀи къалэм дэхьагъэх. [20] Ахэм къалэр
Зиусхьаным лъэпсэкӀод фашӀыгъ: хъулъфыгъэ-
хэри бзылъфыгъэхэри, ныбжьыкӀэхэри лӀыжъ-
хэри, цухэри, мэлхэри, щыдхэри – псэ зыпытэу
дэсыгъэр зэкӀэ чатэкӀэ аукӀыгъэх. [21] ЧӀыгур къэ-
зыплъыхьанэу кӀогъэгъэ джасуситӀум Ехъошуа
ариӀуагъ:

– Бзылъфыгъэ хэтакӀом иунэ шъукӀуи, тхьэлъа-
нэ зэрэфэшъушӀыгъэу, ежьыри зэкӀэ иунэ исхэри
къишъущых.

[22] Арыти, а кӀэлитӀур кӀуи, Рахъаб иунэ ихьэхи,
ежьыри, янэ-ятэхэри, ышхэри, зэкӀэ иӀахьылхэри
ащ къыращыгъэх. Ахэр къалэм дащыхи, израил-
хэм яуцупӀэ ыкӀыбкӀэ къагъэнагъэх.

[23] ЕтӀанэ къалэри ащ дэтыгъэ пстэури, машӀо
акӀадзи, агъэстыгъ. Ау тыжьыни, дышъи, джэр-
зымрэ гъучӀымрэ ахэшӀыкӀыгъэ хьап-щыпхэри
зэкӀэ Зиусхьаным и Унэ хэт мылъку гъэтӀылъы-
пӀэм чӀалъхьагъэх. [24] Ау Ерыхъэу ыгъэкӀогъэ джа-
сусхэм къызэрадеӀагъэм пае хэтакӀоу Рахъаби,
иунагъуи, зэкӀэ ащ игъусагъэхэри Ехъошуа псэоу
къыгъэнагъэх. Непэ къызнэсыгъэми ащ иунагъо
израилхэм ахэс. [25] Ащыгъур ары, Ехъошуа мыщ
фэдэ бгыбзэр къызиӀуагъэр:

– Зиусхьаным инэлат къытефагъ хэтми мы Ерыхъэу къалэр зыгъэуцужьынэу фежьэрэм:

къэлэ лъапсэр зигъэтIылъкIэ –
 щыпэлъфыр уасэу лъитыщт,
къэлапчъэхэр зыIуилъхьажькIэ –
 ыкъо нахьыкIэ чIинэщт.

26 Зиусхьаныр Ехъошуа игъусагъэти, ищытхъу зэрэчIыгоу щызэлъашIагъ.

## Яблэнэрэ шъхьэр

### *Іахъан игунахьшІагъ*

**7** 1 Ау израилхэм Зиусхьаным фэгъэшъошэгъэ
пкъыгъохэм яхьылІэгъэ унашъор агъэцэкІа-
гъэп: Ехъудэ лІакъом щыщ Зэрахъ къыхэкІыгъэ
Забди ыкъо Къармый ыкъожьэу Іахъан ащ Іахьэ
къыхихыгъ. Арыти, Зиусхьаным игубж израилхэм
къафызэкІэнагъ. 2 Ехъошуа нэбгырэ заулэ Ерыхъэу
ригъэкІыхи, Бэтэл итыгъэкъокІыпІэ лъэныкъокІэ
щыт Бэтаон игъунэгъу Іай къалэм ыгъэкІуагъэх:
– ШъукІуи, чІыгур къэшъуплъыхь,– ыІуи, уна-
шъо афишІыгъ.
Адрэхэр кІохи, Іай къаплъыхьагъ. 3 ЕтІанэ къы-
загъэзэжьым, Ехъошуа къыраІуагъ:
– Зэрэлъэпкъэу ащ екІуныр ищыкІагъэп. Ащ
цІыф макІэшъ дэсыр зэрэлъэпкъэу умыгъэгумэ-
кІэу, нэбгырэ минитІу-щы горэ къалэм теонхэу
бгъакІохэмэ хъущт.
4 Арыти, лъэпкъым щыщ нэбгырэ минищ фэдиз
кІуагъэ, ау Іай къалэм дэсхэр къапэуцухи, къы-
кІарагъэІэжьыгъ. 5 А чІыпІэм израилхэм ащыщ
нэбгырэ щэкІырэ хырэ къыщаукІи, къэлапчъэ-
хэм къащегъэжьагъэу мыжъокъычІэхыпІэм
нэс[a] къафыхэзэ, бгы чапэхэм ащаукІыгъэх. Ар

[a] 7:5 Е: «Шыбарым нэс».

залъэгъум израилхэм агу ефэхи, лIыгъэр чIанагъ.
[6] Ехъошуарэ Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъу-
хэмрэ ящыгъынхэр зэIатхъыхи, ашъхьэхэм сапэр
атыратакъуи, анэгухэр егъэзыхыгъэхэу пхъонтэ
лъапIэм ыпашъхьэ чIыгум зыщырадзыхи, шъы-
гъохэу пчыхьэр къэсыфэ щылъыгъэх.

[7] Ехъошуа лъэIукIэ Тхьэм зыфигъэзагъ:

– О зэкIэ зыIэ илъ Зиусхьан! Сыда мы лъэпкъыр
Иордан къызкIызэпырыпщыгъэр? Амэрхэм аIэ
типлъхьанышъ, тябгъэгъэкIодынэу ара? Иордан
тыкъызэпырымыкIэу, ащ ыкIыб тыщыпсэунэу
тыкъинэгъагъэмэ, сыд аIожьыни! [8] О Зиусхьан!
Израилхэм акIыб пыим зыфагъэзагъэм ыуж,
сыд джы сIожьыхэн? [9] КъэнаIанхэмрэ нэмыкI
лъэпкъэу мы чIыгум щыпсэухэрэмрэ хъугъэр
зэхахмэ, тыкъаухъурэинышъ, таукIын, тцIи мы
чIыгум къыщырамыIожьы ашIын. ПцIэ лъапIэ
илъэгагъэ къэуухъумэным фэшI сыда О етIанэ
пшIэщтыр?

[10] Зиусхьаным Ехъошуа къыриIуагъ:

– Къэтэдж! Сыд пае унэгу егъэзыхыгъэу чIы-
гум утелъа? [11] Израилхэм псэкIод ашIагъ. Ахэм
Сэ адэсшIыгъэ Зэзэгъыныгъэр къамыгъэгъунэу,
аукъуагъ. Сэ къысфэгъэшъошэгъэ пкъыгъохэм
ащыщхэр аштагъэх. Агъэбылъхи, ежьхэм яхьап-
щыпхэм ахалъхьагъэх. [12] Джары израилхэр япый-
хэм апэуцужьынхэ зыкIамылъэкIыгъэр, акIыб

зыкIыфагъэзагъэр, бгыбзэр къызкIатефагъэр,
лъэпсэкIодыпIэм зыкIифагъэхэр. ЛъэпсэкIодэу
жъугъэкIодын фаер зэкIэ шъумыгъэкIодмэ, Сэ
ащ нахьыбэ сышъуигъусэжьыщтэп. 13 Джы тэдж,
кIуи лъэпкъым зегъэгъэкъабз. ЯIу ахэм: «Неущы-
рэ мафэм ехъулIэу гъэлъэпIагъэ шъузэрэхъунэу
зыжъугъэкъабз, Зиусхьанэу, Израилым и Тхьэ
мырэущтэу еIошъ: «Сэ къысфэгъэшъошагъэу, лъэ-
псэкIодэу бгъэкIодын фаер о, Израил, уицIыфмэ
аштагъ. Арышъ, ар омыгъэкIодыфэ, уипыйхэм
уапэуцужьын плъэкIыщтэп». 14 ЛIэкъо-лIакъоу
пчэдыжьым шъукъыIухь. ЛIакъоу Зиусхьаным
къыгъэлъагъорэр, атэжъпIашъэу къызытекIыгъэм
елъытыгъэу, зэрэпсаоу къыIорэхь. Ахэм ащыщэу
Зиусхьаным къыгъэлъагъорэм хэхьэрэ унагъо-
хэр зэкIэ къэрэкIох. Унагъоу Зиусхьаным къы-
гъэлъагъохэрэм арысхэр зырызэу къыIорэхьэх.
15 ЛъэпсэкIодэу агъэкIодын фэе пкъыгъохэр зыIы-
гъыр, Зиусхьаным изэзэгъыныгъэ ыукъуагъэшъ,
Израилым емыкIоу щызекIуагъэшъ агъэстыщт:
ежьыри, иунагъуи, имылъкуи!»

16 Ехъошуа пчэдыжьым жьэу къэтэджи, изра-
илхэр лIэкъо-лIакъоу къыIухьанхэу унашъо афи-
шIыгъ. Арыти, Ехъудэ илIакъу ары Зиусхьаным
къыгъэлъэгъуагъэр. 17 ЕтIанэ Ехъошуа унашъо
ышIыгъ Ехъудэ лIакъом щыщхэр къыIухьанхэу.
Зэрахъ къытекIыгъэхэр къыгъэлъэгъуагъ. Ахэм

ащыщ унагъохэр къызыIохьэхэм, Забди иуна-
гъо къыгъэлъэгъуагъ. 18 ЕтIанэ Ехъошуа унашъо
ышIыгъ ащ иунагъо щыщхэр зырызэу къыIу-
хьанхэу. Аужыпкъэм къыгъэлъэгъуагъэр Ехъудэ
лIакъом щыщ Зэрахъ къыхэкIыгъэ Забди ыкъо
Къармый ыкъожьэу Iахъан ары.

19 – А сикIал,– риIуагъ Ехъошуа Iахъан,– Зиус-
хьаным, Израилым и Тхьэ щытхъу фэшIи[a], ыпашъ-
хьэ зыкъыщыумысыжьи, зыпари умыушъэфэу,
пшIагъэр зэкIэ къысфэIуат.

20 – Шъыпкъэ дэд, Зиусхьаным, Израилым и
Тхьэ ыпашъхьэ сэ псэкIод щысшIагъ.– Iахъан
джэуап къытыжьыгъ.– Мары сшIагъэр: 21 ЩынIар[b]
къыращыгъэ щыгъын дахэ, тыжьын шэкъэл шъи-
тIу[c] дышъэ гъэчъыгъэ шэкъэл шъэныкъо[d] ыуасэу
къонтхъым захэсэлъагъом, сенэцIи сштагъэх.
Ахэр чIыгум хэзгъэбылъыхьагъэхэу, сищэтырэ
чIэгъ чIэлъых; тыжьыныр ачIэгъ дэдэ чIэлъ.

22 Арыти, Ехъошуа цIыфхэр ыгъэкIуагъэх. Ахэр
зэчъэхэм а пкъыгъохэр зэкIэ Iахъан ищэтырэ
щычIэгъэбылъыхьагъэхэу, тыжьыныри ачIэгъ
дэдэ чIэлъэу къагъотыгъэх. 23 Ахэмэ а пкъыгъохэр

a 7:19 Зигугъу къышIырэр шъыпкъэр къызэриIощтым итхьарыIу.

b 7:21 Мыр Бабилэн ары.

c 7:21 КилограммитIум къехъу.

d 7:21 Килограмм ныкъом къехъу.

щэтырэм къычIаххи, Ехъошуарэ зэкIэ израилхэмрэ къафахьхи, Зиусхьаным ыпашъхьэ къыралъхьагъэх.
[24] Ехъошуа зэкIэ израилхэр игъусэхэу,
Зэрахъ къытекIыгъэ Iахъан аубыти, тыжьынри щыгъынри, дышъэ чъыгъэ такъырхэри даIыгъхэу, ыкъохэри ыпхъухэри игъусэхэу, ицухэри, ищыдыхэри, имэлхэри, ищэтыри, зэкIэ хьап-щыпэу иIэри Iэхъор кIэим ащагъэх.

[25] – Мы тхьамыкIагъом сыд пае о тыхэбдзагъ?–
Ехъошуа риIуагъ Iахъан.– Арышъ, джы Зиусхьаным ори непэ тхьамыкIагъом ухидзэщт.

Джа чIыпIэм израилхэр зэкIэ Iахъан мыжъокIэ еохэзэ щаукIыгъ. Иунагъо исхэр зэкIэ джащ фэдэу мыжъокIэ аукIыхи, агъэстыжьыгъэх.
[26] ЕтIанэ
мыжъохэр атыратэкъожьыгъэх, а мыжъохэр непэ къызнэсыгъэми чIыпIэм зэрэщылъых.

Ащ ыуж Зиусхьаным игубжэу къызэкIэнагъэр кIосэжьыгъэ. Джары непэ нэс а чIыпIэм Iэхъор[a] икIэйкIэ зыкIеджэхэрэр.

[a] 7:26 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «тхьамыкIагъу».

## Яенэрэ шъхьэр

### *Iай къалэр зэраштагъэмрэ зэрэзэхакъутагъэмрэ*

**8** [1] ЕтIанэ Зиусхьаным Ехъошуа къыриIуагъ:
– Умыщын, угуи умыгъэкIод. Дзэр зэрэпсэоу
ещажьи, кIуи, Iай къалэм теу. Сэ о пIэ къислъхьа-
гъэба Iай ипачъыхьи, ащ зэкIэ ицIыфхэри, икъа-
ли, ичIыгуи. [2] Ерыхъэу къалэмрэ ащ ипачъыхьэрэ
япшIагъэр Iай къалэмрэ ащ ипачъыхьэрэ яшI, ау
къонтхъымрэ былымхэмрэ шъо шъуштэнхэшъ,
зэфэжъугощынхэ шъуфит. Джы къэлэ кIыбым
шъуакъыщыпэтIыс.
[3] Ехъошуа дзэр зэрэпсэоу Iай къалэм езэонэу
къыIатыгъ. ДзэкIолI анахь дэгъухэу нэбгырэ мин
щэкI къахихи, ахэр чэщэу ыгъэкIуагъэх, [4] унашъо
афишIи, ариIуагъ:
– Мары шъо къэлэ кIыбым шъуакъыщыпэтIы-
сыщт. Чыжьащэу шъуIумыкI. ЗэкIэми шъухьа-
зырэу шъущыт. [5] Сэри зэкIэ сигъусэхэми къалэм
текIущт. КъытпекIонхэу къызыдэкIыхэкIэ, нахьы-
пэм фэдэу зыкъыкIэттхъужьыщт. [6] Ахэр къызыт-
лъежьэхэкIэ, къалэм Iутщыщтых. Джащыгъум:
«Нахьыпэм фэдэу ахэм зыкIатхъужьы», аIощт.
Арышъ, тэ къызыкIэттхъужькIэ, [7] шъо тIысыпIэм

шъукъикIи, къалэр шъуштэ. Зиусхьанэу, шъуи
Тхьэ, ар шъо шъуIэ къырилъхьащт. [8] Къалэр зы-
шъуштэкIэ, машIо ешъудз. Зиусхьаным унашъоу
къышъуфишIыгъэр зэкIэ жъугъэцакIэ. Джары сэ
унашъоу къышъуфэсшIырэр!

[9] Джауштэу Ехъошуа ахэр ытIупщыгъэх. Ары-
ти, ахэр кIохи, Iай къалэ къаухьи, Бэтэлрэ Iайрэ
азыфагу, Iай къалэм итыгъэкъохьэпIэ лъэныкъо
зыщаушъэфыгъ. Ехъошуа пIомэ, зэолIхэм ягъусэу
чэщыр рихыгъ. [10] Пчэдыжьым Ехъошуа жьэу къэ-
тэджи, дзэр къыплъыхьагъ. ЕтIанэ ежьыри изра-
илхэм янахьыжъ упчIэжьэгъухэри дзэм ыпэ итхэу
Iай къалэм ежьагъэх. [11] Къалэм пэблагъэ зэхъухэм,
ахэр ащ ыпашъхьэ къыщыуцухи, Iай къалэм ите-
мыр лъэныкъо, ежьхэмрэ къалэмрэ азыфагу кIэир
илъэу, уцупIэ щагъэпсыгъ. [12] Ехъошуа нэбгырэ
минитф фэдиз къалэм итыгъэкъохьэпIэ лъэны-
къокIэ Бэтэлрэ Iайрэ азыфагу дигъэтIысхьагъэх.
[13] Ащ идзэ инахьыбэр къалэм итемыр лъэныкъо
щыIагъ, пэтIысыгъэхэр къохьэпIэ лъэныкъом
къыщыуцугъагъэх.

А чэщым Ехъошуа кIэим дэхьагъ. [14] Iай къалэм
ипачъыхьэ ар зелъэгъум, ежьыри изэолIхэри пчэ-
дыжьым жьэу къэтэджхи, израилхэм къязэонхэу
гуIэнкIэ къыдэкIхи, Иордан кIэим къекIолIагъэх.
Къэлэ кIыбым зэолIхэр къызэрэщыпэтIысыгъэхэр
ащ ышIэщтыгъэп. [15] Ехъошуарэ зэкIэ израилхэмрэ

пыир къатекIуагъэ фэдэу зашIи, шъофнэкIымкIэ
ечъэжьагъэх. [16] Арыти, адрэхэр къалэм къыдэ-
нэжьыгъэ цIыфхэм зэкIэм къяджэхи, Ехъошуа
кIэлъежьэхи, къалэм чыжьэу IукIыгъэх. [17] Iайи
Бэтэли зы зэолI къадэмынэу, зэкIэ израилхэм
алъежьагъэх. Ахэр израилхэм залъечъажьэхэм
къалэм икъэлапчъэхэр емыгъэтыгъэу къагъэна-
гъэх. [18] Ащ ыуж Зиусхьаным Ехъошуа къыриIуагъ:

– Пчыпыджынэу пIыгъыр, Iай дэжькIэ щэйи,
Сэ къалэр пIэ къыислъхьащт.

Ехъошуа ипчыпыджын Iай къалэм ылъэны-
къокIэ зещэим, [19] къэлэ кIыбым къащыпэтIысыгъэ
зэолIхэм зыкъаIэти, ыпэкIэ илъыгъэх. Ахэр къа-
лэм дахьэхи, ашти, ардэдэми машIо кIадзэжьыгъ.

[20] Iай зэолIхэр къызызэплъэкIыхэм Iугъор къа-
лэм къышъхьащихэу, ошъогум дэкIуаеу алъэ-
гъугъ. Ау ахэм зыдэчъэжьын яIагъэп, израилхэу
шъофнэкIымкIэ ечъэжьэгъагъэхэм къытырагъа-
зи, къалъежьагъэхэм апежьагъэх. [21] Ехъошуа-
рэ зэкIэ израилхэмрэ къащыпагъэтIысыгъэхэм
къалэр зэраштагъэр, ащ Iугъор къызэрэдихырэр
залъэгъум, къытырагъэзэжьи, Iай къэлэдэсхэм
атеуагъэх. [22] Къалэр зыштагъэхэри къыдэкIхи, Iай
изэолIхэм къапэгъокIыгъэх. Джаущтэу ахэр лъэ-
нықъуитIумкIи израилхэм азыфагу дэубытагъэхэу
хъугъэх. Израилхэм зыпари псэоу къагъэнагъэп,
зыпарэми зыкIитхъужьын ылъэкIыгъэп. [23] Ау

Iай къалэм ипачъыхьэ псэоу къаубыти, Ехъошуа
дэжь къащагъ.

[24] Израилхэм алъежьэгъэгъэ къэлэдэсхэу губ-
гъомрэ шъофнэкIымрэ нэс зыфыгъэхэр зы нэбгы-
ри къамыгъанэу чатэкIэ заукIхэм, къагъэзэжьи
Iай къалэм къыдэнагъэхэр зэкIэ зэтыраукIагъэх.
[25] А мафэм Iай къалэм дэсыгъэхэр зэкIэ – хъулъ-
фыгъэуи орэхъу, бзылъфыгъэуи орэхъу нэбгырэ
мин пшIыкIутIу аукIыгъ. [26] Iай къэлэдэсхэр зэкIэ
зэтырамыукIэфэхэ пчыпыджыныр зыIыгъ Iэр
Ехъошуа къыритIупщэхыгъэп. [27] Зиусхьаным
Ехъошуа унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу бы-
лымхэри къонтхъыри израилхэм аштагъэх.

[28] Джаущтэу Ехъошуа Iай къалэр ыгъэсти, хэку-
жъэу къыгъэнагъ. Непэ къызнэсыгъэми ар чIыпIэ
нэкIэу зэрэщыт. [29] Iай пачъыхьэр пIомэ, ар чъыгым
паригъалъи, пчыхьашъхьэ охъуфэ пигъэлъыгъ.
Тыгъэ къохьэгъум Ехъошуа унашъо ышIи, пачъы-
хьэм ихьадэ чъыгым къыпаригъэхыжьи, къалэм
идэхьэгъу дэжь къэлапчъэхэм аIуаригъэдзэжьыгъ.
ЦIыфхэм ащ мыжъо тыратэкъуагъ. Джы къызы-
нэсыгъэми ар хэIэтыкIыгъэу зэрэщыт.

### *Iэбал къушъхьэм зэзэгъыныгъэр зэрэщагъэкIэжьыгъэр*

[30-31] Зиусхьаным иIумэтэу Мосэ израилхэм
унашъо къызэрафишIыгъагъэм фэдэу Ехъошуа

къушъхьэу Iэбал Зиусхьанэу, Израилым и Тхьэ
къурмэншIыпIэ щыфишIыгъ. Мосэ и Хабзэ зэрыт
тхылъым зэритхагъэм фэдэу – амыуIучIыгъэ мы-
жъохэу, гъучI Iэмэ-псымэкIэ зыдэмылэжьэжьыгъэ-
хэм ахэшIыкIыгъэ къурмэншIыпIэу ар ыгъэпсыгъ.
Ащ къурмэнгъэстрэ мамыр къурмэнрэ Зиусхьаным
щыфашIыгъэх. [32] Джащ дэжьым израилхэм апа-
шъхьэ Ехъошуа Мосэ ытхыгъэ Хабзэм къытыри-
тхыкIыжьи, икIэрыкIэу мыжъохэм атыритхагъ.
[33] ЗэкIэ израилхэр – хымэ лъэпкъ щыщхэри ежь
израилхэм къатекIыгъэхэри, янахьыжъ упчIэжьэ-
гъухэри, яIэшъхьэтетхэри, яхьыкумышIхэри зэгъу-
сэхэу – Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ ыбгъуитIукIэ
щытыгъэх лэуй-къурмэнышIэу ар зыхьыщтыгъэхэм
апашъхьэ итхэу. Лъэпкъым ызыныкъо Гъэрызым
къушъхьэм пэчIынатIэу щытыгъ, адрэр – Iэбал
къушъхьэм. Джащ фэдэу зэхэтхэу израил лъэпкъым
нэшIущыфэныгъэхэр фаIонхэу ары Зиусхьаным
иIумэтэу Мосэ ыпэкIэ унашъоу къышIыгъагъэр.

[34] Ащ ыуж Хэбзэ тхылъым зэритхагъэм фэдэ
къабзэу Ехъошуа Хабзэм ит гущыIэхэм зэкIэми
ымакъэ Iоу къяджагъ – нэшIущыфэныгъэхэми
нэлатхэми. [35] Мосэ унашъоу ышIыгъэхэм зэрэиз-
раил лъэпкъэу, зэIукIэм къекIолIэгъэ пстэуми –
бзылъфыгъэхэри, сабыйхэри, хымэ лъэпкъмэ
ащыщхэу ахэсхэри зэрахэтыжьэу – Ехъошуа зы
гущыIи кIимыгъэзэу къафеджагъ.

## Ябгъонэрэ шъхьэр

### *ГъыбIонхэм израилхэр къызэрагъэпцIагъэхэр*

9 [1] Иорданым итыгъэкъохьэпIэ лъэныкъо щыпсэурэ пачъыхьэхэм зэкIэм ар зызэхахым –
къушъхьалъэхэм, къушъхьэ лъапэхэм, Ливаны
нэсэу Хышхо Iушъом зэрэпсэоу Iус лъэпкъхэу:
хьатхэм, амэрхэм, къэнаIанхэм, пэрыцхэм, хъэу-
хэм, еусхэм япачъыхьэхэр, – [2] ахэр зэрэугъоихи,
Ехъошуарэ израилхэмрэ къязэонхэу зыч-зыпчэ-
гъоу зэкъоуцуагъэх.

[3] Ау Ехъошуа къалэхэу Ерыхъэурэ Iайрэ аришIа-
гъэр ГъыбIон дэсхэм хъэухэм зызэхахым, [4] тхьагъэп-
цIыгъэм ечъэжьыгъэх: кIохи, гъомылэ агъэхьа-
зырыгъ[a], дзыо дыжьыгъэхэмрэ санэ зэрагъахъорэ
шъонтыжъ зэIэтхъыгъэ зэхэдыжьыхьагъэхэмрэ
ящыдхэм атыралъхьэхи, гъогу къытехьагъэх.
[5] Цуакъэу алъакъомэ апылъхэри жъы дэдэхэу ды-
жьыгъагъэх, щыгъыныжъхэри ащыгъыгъэх. Хьа-
лыгъоу зыдаштагъэр зэкIэ гъугъэу, зэхэтэкъуагъэу
щытыгъ. [6] Гъылгъал щыт уцупIэм Ехъошуа дэжь
ахэр къакIохи, ащи зэкIэ израилхэми:

---

[a] 9:4 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым итыр гурыIогъошIоп. Мыр гурыIуакIэу щыIэмэ ащыщ.

– Тэ чIыгу чыжьэ тыкъикIыгъ. ЗэшIу Iуагъэ къыддэшъушI,– аIуи къараIуагъ.

7 Израилхэр хъэухэм яупчIыгъэх:

– Шъукъытпэмычыжьэу шъопсэункIи мэхъуба? Арэу зыхъукIэ, сыдэущтэу Iуагъэ къыжъудэтшIынэу ара?

8 Джащыгъум Ехъошуа зыфагъэзагъ:

– Тэ о тыуипщылI.

Ар заIом Ехъошуа яупчIыгъ:

– Шъо шъухэта? Тыда шъукъыздикIыгъэри?

9 Арыти, адрэхэм джэуап къыратыжьыгъ:

– Тэ, уипщылIхэм, Зиусхьанэу уи Тхьэ ищытхъу
зэхэтхыгъэти, чIыгу чыжьэ дэдэ тыкъикIыгъ. Тэ
Ащ пае зэхэтхыгъ: зэкIэ Мысырым Ащ щишIагъэ-
ри, 10 амэр пачъыхьитIум – Хъэщбэн пачъыхьэу
Сыхъонрэ Бащан пачъыхьэу Iащтарэт тетыгъор
щызыIыгъыгъэ Iогърэ – Иордан итыгъэкъокIыпIэ
щаришIагъэри зэкIэ. 11 Гъогу гъомылэ къыздэтштэ-
нышъ, тыкъышъупэгъокIынышъ: «Тэ тышъуипщылI. ЗэшIу Iуагъэ къыддэшъушI», тIонышъ къышъотIонэу тинахьыжъ упчIэжьэгъухэмрэ зэкIэ тихэгъэгу ис цIыфхэмрэ унашъо къытфашIыгъ.
12 Мары тихьалыгъу, гъогу тыкъызытехьэ мафэм
ар джыри фэбагъ. Шъуадэжь тыкъызэсым, джы
мары, шъолъэгъу, ар зэрэгъугъэри, зэрэтэкъуа-
гъэри. 13 Мары шъонтхэри. Ахэм санэ къазыры-
тэгъахъом кIагъэх, джы ахэр зэрэзэIэтхъыгъэхэр

шъолъэгъу. Тищыгъыни тицуакъэхэри гъогуонэ
кIыхьэм ылэжьэгъапэх.

[14] Израилхэр Зиусхьаным емыупчIыхэу ахэм
ягъомлапхъэхэр къаплъыхьагъэх. [15] ЯщыIэныгъэ
ыухъумэу джаущтэу Ехъошуа мамыр зэзэгъыныгъэ
адишIыгъ, израилым ипащэхэм ар тхьэлъанэкIэ
агъэпытэжьыгъ.

[16] Iуагъэ зызэдашIыгъэм ыуж мэфищ тешIагъэу
ахэр зэрягъунэгъухэр, апэмычыжьэу зэрэщыпсэу-
хэрэр израилхэм къашIагъ. [17] Арыти, израилхэр
гъогу техьэхи, мэфищ зытешIэ нэуж хъэухэм
къалэхэу ГъыбIон, Къэфирэ, БэIэрот, Къыриат-ЕIэ-
рим анэсыгъэх. [18] Ау израил лъэпкъым ипащэхэм
Зиусхьанэу Израилым и ТхьэкIэ тхьэлъанэ ашIы-
гъэти, ахэм атеуагъэхэп. Пащэхэм афэмыразэу
зэрэлъэпкъэу гъум-тIымыгъ, [19] ау адрэхэм израил
цIыфхэм араIожьыгъ:

– Зиусхьанэу Израилым и ТхьэкIэ тхьэлъа-
нэ тшIыгъэшъ, джы тэ ахэм танэсы хъущтэп.
[20] Арышъ, мары ахэм тызэрадэзекIощтыр: тхьэлъа-
нэу афэтшIыгъэм тызэрепцIыжьырэм пае губжыр
къыттемыонэу ахэр тэ псэоу къэдгъэнэщтых.

[21] ЕтIани пащэхэм къыпагъэхъожьыгъ:

– Орэпсэух.

Джащ щегъэжьагъэу ахэм зэкIэ израил лъэп-
къым пхъэр фызэпаупкIы, пси къыфахьы. Джау-
щтэу пащэхэм гущыIэу атыгъэр аукъуагъэп.

22 Ехъошуа гъыбIонхэм къяджи, ариIуагъ:
– Сыд пае гъунэгъоу шъущыпсэу пэтзэ: «Тэ чIы-
пIэ чыжьэ тыщэпсэу» шъуIуи, тыжъугъэпцIагъа?
23 Ащ пае джы шъо нэлат къышъутефагъ. Арышъ,
егъашIэми шъутипщылIыщт, си Тхьэ иунэ пае
пхъэр зэпышъуупкIыщт, пси къэшъухьыщт.
24 Арыти, ахэм джэуап къатыжьыгъ:
– Зиусхьанэу уи Тхьэ иIумэтэу Мосэ мы чIыгур
зэкIэ къыритынэуи, ащ ис цIыф пстэури шъуа-
пашъхьэ щыригъэкIодыкIынэу унашъо зэри-
шIыгъэри тэ, уипщылIхэм, зэхэтхыгъ. Ащ къы-
хэкIэу, тищыIэныгъэ тытещыныхьажьыгъэти
ары аущтэу тызкIэзекIуагъэр. 25 Джы, мары, о пIэ
тилъ. Нахь тэрэзэу, зэфагъэу плъытэрэм тетэу
къыддэзекIу.
26 Арыти, Ехъошуа ахэр израилхэм ащиухъу-
мэхи, аригъэукIыгъэхэп. 27 А мафэм щегъэжьа-
гъэу ахэм пхъэ зэпаупкIынэу, псы къахьынэу
израилхэмрэ Зиусхьаным икъурмэншIыпIэрэ,
сыд фэдэ чIыпIэ Зиусхьаным къыхихыгъэми,
а Iофыр щагъэцэкIэнэу Ехъошуа ыгъэнэфагъэх.
Непэ къызнэсыгъэми ахэм ар агъэцакIэ.

## ЯпшӀэнэрэ шъхьэр

### *ГъыбӀон дэсхэр израилхэм къызэраухъумагъэхэр*

**10** [1] Ехъошуа Ӏай къалэр зэриштагъэр, лъэ-
псэкӀод зэришӀыгъэр, ащ ипачъыхьи
Ерыхъэу пачъыхьэм ришӀэгъэ дэдэр зэрэри-
шӀагъэр, ГъыбӀон дэсхэм израилхэм мамыр
зэзэгъыныгъэ адашӀыгъэу зэрахэсхэр Ерусэлэм
ипачъыхьэу Адоный-Цэдэкъ зэхихыгъ. [2] ГъыбӀон
адрэ пачъыхьэгъухэм якъэлашъхьэмэ афэдэу
инысъэти, а пачъыхьэри ицӀыфхэри лъэшэу
къэщынагъэх. ГъыбӀон къалэр Ӏай къалэм на-
хьи нахь иныгъ, къэлэдэсхэм зэкӀэми лӀыгъэ
ахэлъыгъ. [3] Ерусэлэм ипачъыхьэу Адоный-Цэ-
дэкъ лӀыкӀохэр афигъакӀохи Хъэурэн пачъы-
хьэу Хохэм, Ярмут пачъыхьэу Пырам, Лахыщ
пачъыхьэу ЯфиаӀ, Ӏэгълон пачъыхьэу Дэбир
къэбар афаригъэхьыгъ:

[4] – Ехъошуарэ израилхэмрэ мамыр зэзэгъыны-
гъэ гъыбӀонхэм адашӀыгъ. Арышъ шъукъакӀуи,
шъукъыздеӀи, къалэм тытежъугъау.

[5] Арыти, амэр пачъыхьитфыр – Ерусэлэм, Хъэу-
рэн, Ярмут, Лахыщ, Ӏэгълон япачъыхьэхэр зэго-
хьагъэх. ЗэкӀэ ядзэхэр ягъусэхэу ахэр къыдэкӀыхи,

ГъыбIон дэжь къыщыуцугъэх, ащ теонхэу загъэ-
хьазырыгъ.

[6] Джащыгъум Ехъошуа дэжь, Гъылгъал уцу-
пIэм, гъыбIонхэм лIыкIохэр агъэкIуагъэх:

– УипщылIхэм пIэ къытфэщэй! ПсынкIэу къыт-
факIуи, тыкъэгъэнэжь, IэпыIэгъу къытфэхъу!
Къушъхьалъэм ис амэр пачъыхьэхэр къыттеон-
хэу зэгохьагъэх!

[7] Арыти, Ехъошуа идзэрэ ианахь зэолIышIу-
хэмрэ зэкIэ игъусэхэу Гъылгъал къыдэкIыгъэх.
[8] Джащыгъум Зиусхьаным Ехъошуа къыриIуагъ:

– Уащымыщын ахэм. Сэ ахэр о пIэ къыслъхьагъэх.
Ахэм ащыщ гори къыппэуцужьын ылъэкIыщтэп.

[9] Ехъошуа Гъылгъал къызыдэкIым ыуж чэщ
реным кIуагъэти, ошIэ-дэмышIэу ипыйхэм къа-
жэхэхьагъ. [10] Зиусхьаным израилхэм апашъхьэ
пыйхэм агухэм щтэшхор къыригъэхьагъэти,
ГъыбIон дэжь ахэр щызэхакъутэхи, текIоныгъэшхо
къыщыдахыгъ. ЕтIанэ израилхэм пыир рафыжьи,
Бэтхъорэн дэкIоерэ гъогумкIэ къалэхэу Iазэкърэ
Макъэдрэ анэсыфэхэ утын рахызэ, афыгъ.

[11] Амэрхэм израилхэм ашъхьэ акIарахыжьызэ,
Бэтхъорэн чапэм тетхэу Iазэкъ къалэм чъэжьхэ
зэхъум, Зиусхьаным ошъогум мыжъо ошъуушхо
къыригъэхыгъ. Джащыгъум израилхэм ячатэ-
хэм якIодылIагъэм нахьи ошъуцэ инхэм цIыфэу
аукIыгъэр нахьыб. [12] А мафэу Зиусхьаным амэрхэр

израилхэм аIэ къызыщырилъхьагъэхэм, Ехъошуа
зэкIэ израилхэм апашъхьэ итэу ыIуагъ:

– Тыгъэр, ГъыбIон къышъхьащыуцу,
Мазэр, Аялэун кIэим къышъхьарыт!
13 Тыгъэри къэуцуи, мазэри зы чIыпIэ итыгъ
Лъэпкъым пыир зэхеукIэфэ,–

джары Яшар тхылъым[а] зэритхагъэр. Мэфэ реным
тыгъэр къохьапIэм ехыным дэмыгузажъоу ошъо-
гум итыгъ. 14 ЫпэкIи ыужкIи ащ фэдэ мафэ зыпа-
рэкIи къыхэкIыгъэп – Зиусхьаныр цIыфым зыще-
дэIугъэ мафэ. Зиусхьаныр Израилым фэзэуагъэба!
15 Ащ ыуж Ехъошуа израилхэр зэкIэ игъусэхэу
Гъылгъал уцупIэм ыгъэзэжьыгъ.

## *Амэр пачъыхьитфыр зэраукIыгъэр*

16 Адрэ пачъыхьитфым кIатхъужьи, къалэу Ма-
къэд дэжь гъочIэгъым зыщагъэбылъыгъ. 17 Ахэр
къызэрагъотыгъэхэр Ехъошуа къызыраIом, 18 ащ
ыIуагъ:

– ГъочIэгъ чIэхьэгъум мыжъошхохэр Iужъу-
гъауи, къэрэгъули Iужъугъэуцу. 19 Ау шъо шъу-
къэмыуцу! Ахэр Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъо шъуIэ

[а] 10:13 Ижъырэ тхыгъэмэ ащыщэу «Яшар итхылъ» джы щыIэжьэп. Яшарым имэхьанэр цIыф заф. Еплъ: тхылъэу «ЯтIонэрэ Самуел» 1:18.

къырилъхьагъэхэшъ, ауж шъуфы, акIыбыкIэ шъу-
къикIызэ, шъуатеозэ якъалэхэм анэшъумыгъэсы-
жьых.

20 Псэоу тIэкIу нахь къэмынэу Ехъошуарэ изра-
илхэмрэ пыир зэхакъутагъ, къэнагъэу якъэлэ-
пытапIэхэм анэсыжьыгъэри ащ нахьи нахь мэ-
кIэжьыгъ. 21 Ащ ыуж дзэм бырсыр къыхэмыхьэу,
Ехъошуа дэжь Макъэд уцупIэм, къыгъэзэжьыгъ.
Израилхэм апэшIуекIоуи зыми гущыIэ къышIы-
ным тегушхожьыгъэп.

22 Ащыгъум Ехъошуа ыIуагъ:

– ГъочIэгъуIур къыIушъухи, пачъыхьитфыр
къычIэшъущи, къысфашъущэх.

23 Арыти, гъочIэгъым пачъыхьитфыр къы-
фычIащыгъ – Ерусэлэм, Хъэурэн, Ярмут, Лахыщ,
Iэгълон япачъыхьэхэр. 24 А пачъыхьитфыр Ехъо-
шуа къызыфащэхэм, зэкIэ израилхэм къяджи,
дзэпащэхэм ариIуагъ:

– ШъуакIэрыхьи, мы пачъыхьэхэм апшъэхэм
шъулъакъохэр атежъугъэуцох.

Ахэр акIэрыхьэхи, пачъыхьэхэм апшъэхэм
алъакъохэр атырагъэуцуагъэх.

25 ЕтIани Ехъошуа:

– Шъумыщын, шъугуи шъумыгъэкIод! Пы-
тагъи лIыгъи зыхэжъугъэлъ! Шъузэзэонэу щыт
пыйхэм зэкIэми джары Зиусхьаныр зэрадэзекIо-
щтыр,– ыIуи ариIуагъ.

[26] Ащ ыуж Ехъошуа еуи, пачъыхьэхэр аригъэу-
кIыхи, чъыгитфым паригъэлъагъэх. Ащ пчы-
хьашъхьэ охъуфэ ахэр апагъэлъыгъэх. [27] Тыгъэ-
къохьагъум Ехъошуа унашъо ышIи, хьадэхэр
чъыгхэм къапаригъэхыжьхи, зызщагъэбылъы-
гъэгъэ гъочIэгъым чIаригъэдзэжьыгъэх. ГъочIэгъ
чIэхьагъум мыжъошхохэр Iуаригъэгъэуагъэх. А
мыжъохэр непэ къызнэсыгъэми ащ зэрэIулъых.
[28] А мэфэ дэдэм Ехъошуа Макъэд къалэр ыштагъ.
Пачъыхьэри къэлэдэсхэри чатэкIэ зэхиукIэхи,
зэкIэри лъэпсэкIод ышIыгъэх. Зы нэбгыри псэоу
къыгъэнагъэп. Ерыхъэу пачъыхьэм ришIэгъэ дэ-
дэр Макъэд пачъыхьэми ришIагъ.

### ***Къыблэ къалэхэр зэраштагъэхэр***

[29] Ащ ыуж Ехъошуа зэкIэ израилхэр игъусэу
Макъэд икIи Лыбнэ кIуи, ащ теуагъ. [30] Арыти,
Зиусхьаным къалэри ащ ипачъыхьи израилхэм
аIэ къырилъхьагъэх. Къалэри, ащ зэкIэ дэсыгъэ-
хэри Ехъошуа чатэкIэ зэхиукIагъэх, зы нэбгыри
псэоу къыгъэнагъэп. Ерыхъэу пачъыхьэм ришIэ-
гъэ дэдэр а къалэм ипачъыхьи ришIагъ.
[31] Ащ ыуж Ехъошуа зэкIэ израилхэр игъусэхэу
Лыбнэ икIи Лахыщ кIуагъэ. Къалэм дэжь дзэ уцу-
пIэ щишIи, теуагъ. [32] Зиусхьаным Лахыщ ахэм аIэ
къырилъхьагъ, Ехъошуаи къалэр ятIонэрэ мафэм
ыштагъ. Къалэри ащ зэкIэ дэсыгъэхэри Лыбнэ

зэрэщишIыгъэм фэдэу Ехъошуа чатэкIэ зэхиукIа-
гъэх. [33] А уахътэм Гъэзэр пачъыхьэу Хъорам Лахыщ
къалэм къыдэIэпыIэнэу къэкIуагъэти, Ехъошуа
ащи езауи, ежьыри ыукIи, идзи зэхикъути, зы
нэбгыри псэоу къыгъэнагъэп.

[34] Ащ ыуж Ехъошуа зэкIэ израилхэр игъусэ-
хэу Лахыщ икIи Iэгълон кIуагъэ. Къалэм дэжь
дзэ уцупIэ щишIи, теуагъ. [35] А мэфэ дэдэм къа-
лэр ашти, зэкIэ псэ зыпытэу дэсыгъэхэр чатэкIэ
зэтыраукIагъэх. Лахыщ зэрэщишIыгъэм фэдэу
лъэпсэкIод ышIыгъ.

[36] Ащ ыуж Ехъошуа зэкIэ израилхэр игъусэхэу
Iэгълон икIи Хъэурэн кIуи, ащ теуагъ. [37] Къалэр
ашти, ицIыфхэри, ипачъыхьи, зэкIэ псэ зыпытэу
дэсыгъэхэри, хэгъуашъхьэм ит псэупIэхэм ащы-
псэухэри чатэкIэ зэтыраукIагъэх. Зы нэбгыри
псэоу къагъэнагъэп. Iэгълон зэрэщишIыгъэм фэ-
дэу къалэри ащ дэсыгъэхэри Ехъошуа лъэпсэкIод
ышIыгъэх.

[38] Ащ ыуж Ехъошуа зэкIэ израилхэр игъусэхэу
Дэбир зыфигъази, ащ теуагъ. [39] Къалэр ашти, ащ
ипачъыхьи хэгъуашъхьэм итыгъэ псэупIэхэм
адэсыгъэхэри чатэкIэ зэтыраукIагъэх. Къэлэдэс-
хэр зэкIэ лъэпсэкIод ашIыгъэх, зы нэбгыри псэоу
къагъэнагъэп. Хъэурэн къалэм, Лыбнэ къалэмрэ
ащ ипачыхьэрэ аришIэгъэ дэдэр Ехъошуа Дэбир
къалэми ришIагъ.

40 Джаущтэу а чIыгур зэкIэ – къушъхьалъэ-
хэмрэ къыблэ лъэныкъом щыIэ шъофнэкIымрэ,
тыгъэкъохьэпIэ лъэныкъомкIэ щыIэ къушъхьэ
лъапэхэмрэ къушъхьэ чапэхэмрэ, ахэм арысыгъэ
пачъыхьэхэмрэ Ехъошуа заокIэ къызIэкIигъэхьа-
гъэх. Зы нэбгыри псэоу къыгъэнагъэп. ЗэкIэ псэ
зыпытэу адэсыгъэхэр, Зиусхьанэу Израилым и
Тхьэ унашъо къызэришIыгъэу, лъэпсэкIод ышIы-
гъэх. 41 Къадэщ-Барнэ щегъэжьагъэу Iазэ нэс, Го-
щэн[a] чIыгур зэрэпсэоу ГъыбIон нэс Ехъошуа заокIэ
къызIэкIигъэхьагъ. 42 Зиусхьанэу Израилым и Тхьэ
Израилым фэбэнагъэти, а пачъыхьэхэм зэкIэми
Ехъошуа зы зекIо заокIэ атекIуагъ, ячIыгухэри
ыубытыгъэх.

43 Ащ ыуж Ехъошуа израилхэр зэкIэ игъусэхэу
Гъылгъал уцупIэм ыгъэзэжьыгъ.

---

a 10:41 Мыр Мысырым щыIэ Гощэн хэбгъэкIуакIэ хъущ-
тэп. Еплъ: тхылъэу «УблапIэ» 47:27.

## ЯпшIыкIузэнэрэ шъхьэр

### *Темыр пачъыхьэхэм зэратекIуагъэхэр*

**11** [1] Хъацэр къалэ ипачъыхьэу Ябын а къэ-
барыр зызэхехым гъунэгъу пачъыхьэхэм
лIыкIохэр афигъэкIуагъэх. Ахэр Мадон пачъыхьэу
Иобаб, Щымрэнрэ Ахъшафрэ япачъыхьэхэр, [2] те-
мыр къушъхьалъэм, Къынэрэт[a] икъыблэ Иордан
кIэим, тыгъэкъохьэпIэ къушъхьэ лъапэхэм, къо-
хьапIэмкIэ Дор къушъхьэхэм[b] ащыпсэущтыгъэ
пачъыхьэхэр арых. [3] Джыри Ябын цIыф лъэпкъы-
бэхэм лIыкIохэр афигъэкIуагъэх. Ахэр къокIыпIэм-
кIи къохьапIэмкIи ащыпсэущтыгъэхэ къэнаIан-
хэр, амэрхэр, хьатхэр, пэрыцхэр, къушъхьалъэм
щыпсэущтыгъэхэ еусхэр, Мыцпэ чIыналъэм ит
Хъэрмон къушъхьэ лъапэм щыпсэущтыгъэхэ
хъэухэр арых. [4] Арыти, ахэр шъхьадж ежь идзэ
игъусэу заом къежьагъэх. ЦIыфэу акIыгъур лъытэ-
гъуаеу, хы Iушъом Iулъ пшахъом фэдагъ, шыхэри
купсынкIэхэри бэ хъущтыгъэх. [5] А пачъыхьэхэр
зэкIэ зэкъоуцохи, Мэром псыхъом дэжь къакIохи,

---

[a] **11:2** Ар Гъалыл псыхъураир ары. Джащ фэд мы тхы-
лъым адрэ ичIыпIэхэми зэращыхэтыр.

[b] **11:2** Е: Нэфат-Дор.

ащ уцупIэ щашIыгъ, Израилым езэонхэу загъэхьазырыгъ.

[6] Ау Зиусхьаным Ехъошуа къыриIуагъ:

– Уащымыщцын. Неущ джырэ фэдэ уахътэм ехъулIэу ахэр зэкIэ Сэ израил лъэпкъым къестынхэшъ, езгъэукIыщтых. Яшыхэм яфэхэр зэпыупкIых, якупсынкIэхэри гъэстых.

[7] Ехъошуарэ ащ идзэрэ Мэром псыхъом дэжь
екIухи, ошIэ-дэмышIэу атеуагъэх. [8] Зиусхьаны-
ми ахэр израилхэм аIэ къырилъхьагъэхэти, зэ-
хакъутэхи, рафыжьэхи, Цыдон къэлэшхом нэс,
Мысрэфот-Маим нэс, тыгъэкъокIыпIэмкIэ Мыц-
пэ кIэим нэс афыгъэх. Ащ фэдизым зы нэбгырэ
псэоу къэмынэжьыфэ, израилхэм ахэр аукIыгъэх.
[9] Зиусхьаным къызэрэриIуагъэм фэдэу Ехъошуа
зекIуагъэ: ахэм яшыхэм яфэхэр зэпиупкIыхи,
якупсынкIэхэри ыгъэстыгъэх.

[10] Ехъошуа къызегъэзэжьым а уахътэм пачъы-
хьэгъухэм ашъхьэу щытыгъэ Хъацэр къалэр ышти,
ащ ипачъыхьэ чатэкIэ ыукIыгъ. [11] ЗэкIэ псэ зыпы-
тэу ащ дэсыгъэхэр чатэкIэ зэтыраукIэхи, лъэпсэ-
кIод ашIыгъэх, зы нэбгыри псэоу къагъэнагъэп.
Ехъошуа Хъацэр къалэм машIо ридзи ыгъэстыгъ.

[12] ЗэкIэ а пачъыхьэгъухэр Ехъошуа ыубы-
тыгъэх, япачъыхьэхэри цIыфэу арысыгъэхэри
чатэкIэ зэтыриукIагъэх. Зиусхьаным иIумэтэу
Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу ащ ахэр

лъэпсэкIод ышIыгъэх. [13] Ау израилхэм лъэгапIэ-
хэм атет къалэхэм ащыщ зыпари агъэстыгъэп,
Хъацэр къэлэ закъор ары Ехъошуа ыгъэстыгъэр.
[14] Къонтхъымрэ былымхэмрэ израилхэм а къалэ-
хэм ащызэбгырахыхи, цIыфэу ащыпсэущтыгъэхэр
зэкIэ зы нэбгыри псэоу къамыгъанэу чатэкIэ зэты-
раукIагъэх. [15] Зиусхьаным иIумэт Мосэ унашъоу
къыфишIыгъагъэр, ащ Ехъошуа къыриIожьыгъэр,
адрэм ыгъэцэкIагъ, Зиусхьаным Мосэ унашъоу
къыфишIыгъэм зыпари хигъэзыгъэп.

[16] Ехъошуа а чIыгур зэрэпсэоу ыубытыгъ:
къушъхьалъэхэри, зэкIэ къыблэ шъофнэкIыри,
зэкIэ Гощэн чIыгури, тыгъэкъохьэпIэ къушъхьэ
лъапэхэри, Иордан кIэйри, Израилым икъушъхьэ-
хэри къушъхьэ лъапэхэр зэракIыгъоу [17] СэIир
пэблагъэу щыт Хьэлакъ къушъхьэм щегъэжьа-
гъэу Ливан кIэим ит Хъэрмон къушъхьэм ылъапэ
дэжь щыт БэIал-Гъад нэс. Ар зэкIэ пачъыхьэхэм
атекIуагъ, ыубытыхи, ыукIыгъэх. [18] Ехъошуа а
пачъыхьэхэм бэрэ язэуагъ. [19] ГъыбIон дэс хъэу-
хэм анэмыкI, зы къалэ горэми израилхэм мамыр
зэзэгъыныгъэ къадишIыгъэп, ахэр зэкIэ заокIэ
аштагъэх. [20] Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэ-
фишIыгъэм фэдэу гуегъу афамышIэу ахэр лъэпсэ-
кIод ашIынхэм пае ежь, Зиусхьаным, ахэм агухэр
къызэшIуаригъадзэхи, израилхэм къязэонхэм
тыригъэгушIухьагъэх.

[21] А уахътэм Ехъошуа кIуи, Iэнэкъхэр[a] къушъ-
хьалъэхэм ащиукIыгъэх: къалэхэу Хъэурэни,
Дэбири, Iанаби, Ехъудым зэкIэ икъушъхьалъэ-
хэми, Израилым зэкIэ икъушъхьалъэхэми. Ехъо-
шуа къалэхэр зэхикъутэхи, цIыфхэри лъэпсэкIод
ышIыгъэх. [22] Израилхэм ячIыгу зы Iэнэкъ закъуи
къинагъэп, ахэр псэоу къызыдэнэжьыгъэхэр Iазэ,
Гъат, Ащдэд къэлэхэр арых ныIэп. [23] Зиусхьаным
Мосэ къызэригъэгугъагъэу джаущтэу Ехъошуа а
чIыгур зэкIэ ыубыти, израил лъэпкъыр ащ рищи,
лIакъохэм яунэе Iахьэу ар афигощыгъ. Заор аухи,
чIыгуми мамыр ыгъотыжьыгъ.

[a] 11:21 Ахэр лъэгэ дэдагъэх, ялъэгагъэ пае израилхэр
ащыщынэщтыгъэх.

## ЯпшIыкIутIонэрэ шъхьэр

### *Мосэ зытекIогъэ пачъыхьэхэр*

**12** 1 Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэ лъэ-
никъо израилхэр щызаохэзэ мары пачъы-
хьэхэу зытекIуагъэхэр. Ахэм ячIыгухэр къыблэм-
кIэ Арнон псыхъом щегъэжьагъэу темырымкIэ
Хъэрмон къушъхьэм нэсэу, Иордан кIэим иты-
гъэкъокIыпIэ лъэныкъо зэрэпсаоу израилхэм
аубытыгъэх.

2 Апэрэ пачъыхьэр – амэрхэм япачъыхьэу
Хъэщбэн дэсыгъэ Сыхъон ары. ГъылыIад чIына-
лъэм ызыныкъоу икъыблэ лъэныкъо гъэзагъэр
ащ ыIэ илъыгъ: Арнон псыхъом инэпкъ тет Iа-
роIэр къалэмрэ кIэим ыгузэгурэ къащегъэжьа-
гъэу Iамонхэм ячIыгу гъунапкъэу щыт Ябэкъ
псыхъом нэс. 3 Ащ нэмыкIэу Иордан кIэим иты-
гъэкъокIыпIэкIэ щыIэ чIыгур Сыхъон ыIэ илъ-
ыгъ, темырымкIэ Къынэрэт псыхъураим ще-
гъэжьагъэу къыблэм щыIэ хы Щыугъэм нэс,
адыкIэ къокIыпIэмкIэ Бэт-Ешимэт къалэмрэ
Пысгъахъ къушъхьэ чапэхэмрэ къыдиубытхэу.
4 ЯтIонэрэ пачъыхьэр – Бащан пачъыхьэу
Iогъ, аужырэ рэф цIыфхэм ащыщыгъ, къалэхэу

Іащтарэтрэ ЕдрэІрэ ащыпсэуащтыгъэр ары. [5] Ащ
ыІэ илъыгъ: темырымкІэ къушъхьэу Хъэрмон
зэрыт чІыгур, тыгъэкъокІыпІэм щыІэ къалэу
Сэлкъах, Бащан чІыналъэр зэкІэ, Гъышыуррэ
МаІахрэ къатекІыгъэхэм ячІыгу гъунапкъэ-
хэм анэсэу, къыблэмкІэ ГъылыІад ичІыгу ызы-
нықъо Хъэщбэн пачъыхьэу Сыхъон ичІыгу
игъунапкъэ нэсэу.

[6] Зиусхьаным иІумэтэу Мосэ израилхэр игъусэу
а пачъыхьэхэм атекІуагъ. Ахэм ячІыгухэр унэе
Іахьэу Рубэнрэ Гъадрэ ялІакъохэм ыкІи Мынасэ
лІакъом ызыныкъом Зиусхьаным иІумэтэу Мосэ
аритыгъэх.

### *Ехъошуа зытекІогъэ пачъыхьэхэр*

[7] Ехъошуарэ израилхэмрэ Иордан псыхъом
итыгъэкъохьэпІэ лъэныкъо щызаохэзэ мары па-
чъыхьэхэу зытекІуагъэхэр. Ахэм ячІыгухэр темы-
рымкІэ Ливан кІэим ит БэІал-Гъад къалэм щегъэ-
жьагъэу къыблэмкІэ Хьэлакъ къушъхьэу СэІир
дэжькІэ зызыубгъурэм нэсыщтыгъэх. Ехъошуа а
чІыгухэр ыгощыхэзэ израил лІакъохэм унэе кІэ-
нэу аритыгъэх: [8] къушъхьалъэхэр, къохьапІэмкІэ
щыІэ къушъхьэ лъапэхэр, Иордан кІэир, къушъ-
хьэ чапэхэр, къыблэ лъэныкъом щыІэ шъофнэ-
кІыр, къыблэ лъэныкъор – хьатхэм, амэрхэм,

къэнаIанхэм, пэрыцхэм, хъэухэм, еусхэм ячIыгухэр. Мары пачъыхьэхэу зытекIуагъэхэр:

9 Ерыхъэу пачъыхьэр,
Бэтэл пэгъунэгъоу псэущтыгъэ Iай пачъыхьэр,
10 Ерусэлэм пачъыхьэр,
Хъэурэн пачъыхьэр,
11 Ярмут пачъыхьэр,
Лахыщ пачъыхьэр,
12 Iэгълон пачъыхьэр,
Гъэзэр пачъыхьэр,
13 Дэбир пачъыхьэр,
Гъэдэр пачъыхьэр,
14 Хъорым пачъыхьэр,
Iэрад пачъыхьэр,
15 Лыбнэ пачъыхьэр,
Iэдулам пачъыхьэр,
16 Макъэд пачъыхьэр,
Бэтэл пачъыхьэр,
17 Тапыуахъ пачъыхьэр,
Хъэфэр пачъыхьэр,
18 Афэкъ пачъыхьэр,
Шарэн пачъыхьэр,
19 Мадон пачъыхьэр,
Хъацэр пачъыхьэр,
20 Щымрэн-Мэрэн пачъыхьэр,

Ахъшаф пачъыхьэр,
21 ТаІынахъ пачъыхьэр,
Мэгъыдэ пачъыхьэр,
22 Къэдэщ пачъыхьэр,
Къармэл пэгъунэгъоу псэущтыгъэ ИокънэІам пачъыхьэр,
23 Дор[a] къушъхьэхэм апэгъунэгъоу псэущтыгъэ Дор пачъыхьэр,
Гъылгъал дэсыгъэ Гоим[b] пачъыхьэр,
24 Тырцэ пачъыхьэр

– зэкІэмкІи пачъыхьэ щэкІырэ зырэ хъущтыгъэ.

a **12:23** Е: «Нафот-Дор пэгъунэгъоу».
b **12:23** Е: «лъэпкъхэм япачъыхь».

### ЯпшIыкIущэнэрэ шъхьэр

### *Амыубытыгъэ чIыгухэр*

**13** [1] Ехъошуа жъы хъуи, ыныбжь зыхэкIуатэм,
Зиусхьаным ащ къыриIуагъ:
– О жъы ухъугъ, уныбжьи хэкIотагъ, ау заокIэ къыз-
IэкIэмыгъэхьэгъэ чIыгоу джыри бэдэдэ къэнагъ:

[2] зэкIэ фылистхэмрэ гъышыурхэмрэ ячIына-
лъэхэр, ахэр – [3] Мысырым итыгъэкъокIыпIэкIэ
щыIэ Шихъор псыхъом щегъэжьагъэу темы-
рымкIэ Iэкърэн игъунапкъэ нэс, къэнаIанхэм
ячIыгухэу алъытэх. Ахэм ахэхьэх фылист па-
чъыхьитфым якъалэхэу Iазэ, Ащдэд, Ащкъэ-
лэн, Гъат, Iэкърэн, Iаохэм ячIыгоу къыблэмкIэ
щыIэри къыхеубытэ.
[4] ЕтIани зэкIэ къэнаIан чIыгур Цыдон ит МэIа-
рэ щегъэжьагъэу Афэкъ къалэм нэс, амэрхэм
ягъунапкъэ еолIэжьырэр.
[5] Джащ фэдэу темырымкIэ гъэбалмэ ячIыгурэ
Ливан зэрэпсэоу итыгъэкъокIыпIэ гъунапкъэ
нэсэу: Хъэрмон къушъхьэм кIэрыт БэIал-Гъад
щегъэжьагъэу Лэу-Хъамат[a] нэс къэнагъ.

---

a **13:5** Е: «Хъамат къушъхьэ дэкIыпIэр».

6 Цыдонхэр пIомэ, Ливан щегъэжьагъэу Мысрэ-
фот-Маим нэсыфэ къушъхьалъэхэм ащыпсэухэрэр,
ахэр зэкIэ Сэ Сэр-Сэрэу израилхэм апашъхьэ ис-
фыщтых. Мы чIыгур Сэ унашъо къызэрэпфэсшIы-
гъэм фэдэу, Израилым о фэгощи, 7 лIэкъуибгъумрэ
мынасэ лIакъом ызыныкъорэ ар яунэе Iахьэу ят.

### *Иордан итыгъэкъокIыпIэкIэ щыIэ чIыгур зэрагощыгъэр*

8 Мынасэ лIакъом адрэ ызыныкъуи, рубэнхэми
гъадхэми яунэе Iахьэу Иордан псыхъом икъо-
кIыпIэ лъэныкъо Мосэ, Зиусхьаным иIумэт, ща-
фигъэнэфэгъагъэр аритыгъэхагъ.

9 А лIакъохэм яунэе Iахьэ къыблэмкIэ Арнон
псыхъо нэпкъым тет IароIэр къалэмрэ кIэим
ыгузэгу ит къалэмрэ къащежьэщтыгъэ, бгы
тешъор зэрэпсаоу Мэдэбэ щегъэжьагъэу Ды-
бэн нэсэу къыхиубытэщтыгъэ. 10 Джащ фэдэу
амэр пачъыхьэу Хъэщбэн дэсыгъэ Сыхъон зэ-
кIэ икъалэхэри, Iамонхэм ячIыгу гъунапкъэ
нэс хахьэщтыгъэ. 11 ГъылыIад чIыгур, Гъы-
шыуррэ МаIахрэ къатекIыгъэхэр зыщыпсэухэ-
рэ чIыгухэр, къушъхьэу Хъэрмон, зэкIэ Бащан
чIыналъэр Сэлкъах нэсэу – 12 Бащан пачъыхьэу
Iогъ, аужырэ рэф цIыфэу къэнагъэхэм ащыщэу
Iащтарэтрэ ЕдрэIрэ ащыпсэущтыгъэхэм зэкIэ

ипачъыхьэгъу. Мосэ а пачъыхьэм текIуагъ,
ичIыгухэри ыштагъэх. [13] Ау израилхэм Гъы-
шыуррэ МаIахрэ ащыпсэухэрэр рафыгъэхэп.
Непэ къызынэсыгъэми ахэр израилхэм ахэс-
хэу адэпсэух.

[14] Мосэ лэуй лIэкъо закъом унэе Iахьэ риты-
гъэп: Зиусхьанэу Израилым и Тхьэ Мосэ къызэ-
рэриIуагъэу машIокIэ гъэстыгъэ къурмэнхэу Ащ
фашIыхэрэр лэуйхэм яунэе Iахь.

[15] Мосэ Рубэн лIакъом хэхьэрэ унагъохэм мары
аритыгъэр:

[16] Арнон псыхъо нэпкъым тет IароIэр къа-
лэмрэ кIэим ыгузэгу ит къалэмрэ къащегъэ-
жьагъэу Мэдэбэ бгы тешъор зэкIэ, [17] Хъэщбэн
зэрыт бгы тешъом ит къалэхэр зэкIэ игъусэу:
Дыбэн, Бамот-БэIал, Бэт-БэIал-МэIон, [18] Ехэц,
Къэдэмэт, МефэIат, [19] Къыриатаим, Сыбмэ,
кIэй гузэгум ит Iуашъхьэм тет Цэрэт-Шахъар,
[20] Бэт-ПэIор, Пысгъахъэрэ Бэт-Ешимэтрэ якъу-
шъхьэ чапэхэмрэ [21] – бгы тешъом тет къалэхэр
зэкIэ, Хъэщбэн тетыгъор щызыIыгъыгъэ амэр
пачъыхьэу Сыхъон ипачъыхьэгъу зэрэпсаоу.
Мосэ ащи, мыдиан пащэхэу Еуыи, Рэкъэми,
Цыури, Хъури, РэбаIи атекIуагъ. Ахэр Сыхъон

икъотэгъугъэх, ипачъыхьэгъу щыпсэущтыгъэх.
[22] Заом щаукIыгъэхэм анэмыкIэу израилхэм чатэкIэ аукIыгъ БэIор ыкъоу БэлыIам усэрэжъыри.
[23] Рубэнхэм ячIыгу тыгъэкъохьапIэмкIэ игъунэпкъагъэр Иордан псыхъом инэпкъ арыгъэ. А къалэхэри ахэм яIэгъо-блэгъо псэупIэхэри Рубэн лIакъом хэхьэрэ унагъохэм яунэе Iахьэу щытыгъ.

[24] Мосэ Гъад лIакъом хэхьэрэ унагъохэм мары аритыгъэр:

[25] ЯIызэр чIыгур, ГъылыIад хэхьэрэ къалэхэр зэкIэ, Iамонхэм ячIыгу ызыныкъо Раббэ пэблагъэу щыт IароIэр нэс;
[26] Хъэщбэн щегъэжьагъэу Рамат-Мыцпэрэ Бытэнимрэ анэс, Махъанаим щегъэжьагъэу Дэбир чIыгухэм анэс;
[27] кIэим ит Бэтхъарам, Бэтнымыр, Сукъот, Цафэн къалэхэр, Хъэщбэн пачъыхьэу Сыхъон ипачъыхьэгъу щыщэу къэнэжьыгъэр (ар – Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэкIэ щыIэ чIыгухэу Къынэрэт псыхъураим нэсыхэрэр арых).
[28] А къалэхэри ахэм яIэгъо-блэгъо псэупIэхэри Гъад лIакъом хэхьэрэ унагъохэм яунэе Iахьэу щытыгъ.
[29] Мосэ Мынасэ лIакъом ызыныкъом хэхьэрэ унагъохэм мары чIыгоу аритыгъэр:

30 Махъанаим щегъэжьагъэу зызыубгъугъэ
чIыгур, Бащан зэрэпсаоу – Iогъ пачъыхьэм
ипачыхьэгъу хэхьэрэ чIыгур, Бащан итыгъэ-
хэ Яир псэупIэ тIокIищыр зэкIэ, 31 ГъылыIад
чIыналъэм ызыныкъуи, Iогъ тетыгъор зыщи-
Iыгъыгъэхэ къалэхэу Iащтарэти ЕдрэIи. Джар
Мынасэ ыкъо Махыр лIакъом ызыныкъом хэ-
хьэрэ унагъохэм яунэе Iахьэу щытыгъ.

32 Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэкIэ Еры-
хъэу пэчIынатIэу Моаб шъофым итыхэзэ, джары
чIыгур Мосэ унэе Iахьэу зэрэщигощыгъэр. 33 Ау
Мосэ Лэуй лIакъом унэе Iахьэ ритыгъэп: Ежь,
Зиусхьанэу Израилым и Тхьэ, Ащ къызэрариIуа-
гъэу, Ежь Ар ахэм яунэе Iахьэу щыт.

## ЯпшIыкIуплIэнэрэ шъхьэр

### *Иорданым итыгъэкъохьапIэкIэ щыIэ чIыгур зэрагощыгъэр*

**14** [1] Унэе Iахьэу израилхэм къэнаIан чIыгум щаратыгъэр, ар къурмэнышIэу ЕлыIазар, Ныун
ыкъо Ехъошуа, израил лIакъохэм янахьыжъ упчIэжьэгъухэм мары зэрагощыгъэр: [2] Зиусхьаным Мосэ
ижэдэкIэу израилхэм унашъо къызэрафишIыгъэм фэдэу лIэкъуибгъурэ ныкъорэм (Мынасэ илIакъо ызынықъо ахэтэу) пхъэдзкIэ ар атырагощагъ. [3] Адрэ
лIэкъуитIурэ ныкъорэм Мосэ Иорданым итыгъэкъокIыпIэкIэ унэе Iахьэр ыпэкIэ щаритыгъагъ, ау
лэуйхэм унэе Iахьэ аритыгъэп. [4] Юсыф къытекIыгъэхэр зы лIакъоп тIу зэрэхъугъэхэр. Ахэр Мынасэрэ Ефраимрэ ялIакъохэр арых. Лэуйхэм унэе Iахьэ аратыгъэп, ахэр адэсынхэу къалэхэмрэ ябылымхэр ащаIыгъынхэу хъупIэхэмрэ арых ныIэп аратыгъэхэр. [5] Зиусхьаным Мосэ унашъо къызэрэфишIыгъэм
фэдэу израилхэм чIыгур агощыгъ.

### *Хъэурэн къалэр Къалэб зэрэратыгъэр*

[6] Ехъудэ лIакъом щыщхэр Ехъошуа дэжь Гъылгъал къэкIуагъэх. Купым хэтыгъэ къынэзылIэу Епунэх ыкъо Къалэб Ехъошуа риIуагъ:

– О къэошIэжьыба, Тхьэм ицIыфэу Мосэ орырэ
сэрырэ къытфэгъэхьыгъэу Къадэщ-Барнэ Зиусхьа-
ным къыщыриIуагъэр. 7 Зиусхьаным иIумэтэу
Мосэ Къадэщ-Барнэ сыригъэкIи, чIыгур къэсплъы-
хьанэу сызегъакIом илъэс тIокIитIу сыныбжьыгъ.
Ащыгъум сэ зи сымыушъэфэу къэбар шъыпкъэр
къыфэсхьи, сыкъэкIожьыгъэми, 8 сшыхэу, сигъусэу
къыздэкIуагъэхэм, лъэпкъым ыгу агъэкIодыгъ.
Ауми, сэ Зиусхьанэу си Тхьэ сыфэшъыпкъагъ. 9 А
мафэм Мосэ тхьэлъанэ къысфишIыгъагъ: «Зиус-
хьанэу уи Тхьэ о уфэшъыпкъагъэшъ, чIыгоу плъэ-
къуитIу зынэсыгъэр, ори уикIалэхэми егъашIэми
шъуиунэе Iахьэщт».

10 Джы, мары, Зиусхьаным гущыIэ пытэ къы-
зэритыгъагъэу, непэ къызнэсыгъэми сэпсэу. Зиус-
хьаным Мосэ а гущыIэхэр къызыриIуагъэхэм ыуж
илъэс тIокIитIурэ тфырэ тешIэжьыгъ, ащыгъум
израилхэр шъофнэкIым итыгъэх. Мары, сэ илъэс
тIокIиплIырэ тфырэ сыныбжьыми, 11 Мосэ чIыгур
къэсплъыхьанэу сызигъэкIогъэгъэ мафэм фэдэ
къабзэу джыри скIуачIэ сыкъегъэгугъэ. Ащыгъум
кIуачIэу сиIагъэр джыри зэрэсиI, утыгум сихьа-
ни, сызэони сыкъикIыжьын слъэкIыщт. 12 Мы
къушъхьалъэхэм афэгъэхьыгъэу Зиусхьаным
а мафэм гущыIэ пытэ къышIыгъагъэшъ, ахэр
къысэтых. Iэнэкъхэр ащ зэрэщыпсэущтыгъэхэр,
къэлэшхохэр, къэлэ зэтегъэпытыхьагъэхэр ахэм

зэряIагъэхэр ащыгъум ори зэхэпхыгъагъ. ПшIэ-
хэнэп, Зиусхьаныр гъусэ къысфэхъумэ, Ащ зэри-
Iуагъэу, ахэр исфыщтых.

[13] Арыти, Ехъошуа Епунэх ыкъоу Къалэб ынэ-
шIу щифи, унэе Iахьэу Хъэурэн къалэр зэрэри-
тырэр риIуагъ. [14] Зиусхьанэу Израилым и Тхьэ
ар фэшъыпкъагъэти, джащ щегъэжьагъэу къы-
нэзылIэу Епунэх ыкъоу Къалэб Хъэурэн иунэе
Iахьэ хъугъэ. [15] ЫпэкIэ Хъэурэн Къыриат-АрбаIкIэ[a]
еджэщтыгъэх. (А АрбаIыр Iэнэкъхэм анахь цIыф
инэу ахэтыгъэр ары).

Заор аухи, чIыгуми мамыр ыгъотыжьыгъ.

---

[a] **14:15** АрбаI икъал зыфэпIощт мэхьанэр къекIы.

## ЯпшІыкІутфэнэрэ шъхьэр

### *Ехъудэ лІакъом ичІыгу Іахь*

**15** 1 Пхъэдзымкlэ Ехъудэ лІакъом хэхьэрэ
унагъохэм къатефагъэм къыблэмкІэ зы-
щиушъомбгъущтыгъэ, Едом чІыгумрэ Цын шъоф-
нэкІымрэ ар анэсыщтыгъэ.
2 Ахэм якъыблэ гъунапкъэ хы Щыугъэм
икъыблэ ыцыпэкІэ щыІэ хытІуалэм щыри-
гъажьэщтыгъэ, 3 Іэкърэб лъэгапІэм къыблэм-
кІэ ебгъукІоти, Цын екІуалІэщтыгъэ, етІанэ
Къадэщ-Барнэ икъыблэ лъэныкъокІэ дэкІуае-
щтыгъэ. Ащ ыуж Хъэцрон къызэринэкІыти
Адар фиузэнкІыщтыгъэ, ыужыкІэ КъаркъаІкІэ
ыгъазэщтыгъэ. 4 АдыкІэ Іацмон блэкІыти, мы-
сыр псыхъом еуалІэти, хым дэжь къыщыуцу-
жьыщтыгъэ. Джащ фэд ахэм[а] якъыблэ гъунап-
къэ.
5 ТыгъэкъокІыпІэ гъунапкъэр – зэкІэ хы
Щыугъэр, Иордан псыхъор хым зыщыхэлъэ-
дэжьырэм нэс.
Темыр гъунапкъэр Иордан псыхъор хым
зыщыхэлъэдэжьырэм дэжь иІэ хытІуалэм

[а] 15:4 Ижъырэ джуртыбзэкІэ тхыгъэ ІэпэрытхыМ зэрэ-
хэтыр: «шъуи».

къыщежьэти, [6] Бэтхъогъэлк1э дэк1уаети, Бэт-
1араб итемыр лъэныкъок1э лъык1уатэти, Ру-
бэн ыкъоу Бохъан имыжъо нэсыщтыгъэ.
[7] Ет1анэ гъунапкъэр Ахъор к1эим ик1ыти, Дэ-
бирк1э дэк1уаети, игъук1ырэ псыхъом икъы-
блэк1э щы1э Адумым лъэгап1эм пэч1ынат1эу
темырымк1э Гъылгъал лъэныкъом ыгъазэ-
щтыгъэ. 1эн-Щэмэщ нэсыти, Эн-Рэугъэл дэжь
щиухыщтыгъэ. [8] Ащ ыуж еусхэм якъалэ – Еру-
сэлэм – зытет къыблэ чапэмк1э зи1этызэ Хъы-
нэм ыкъо ик1эйк1э дэк1уаещтыгъэ. Адык1э
Хъынэм к1эим икъохьап1эк1э щыригъажьэ-
ти, Рэф к1эим итемыр цыпэ щыт къушъхьэм
дэк1ыщтыгъэ. [9] Къушъхьэ шыгумк1э гъунап-
къэр псынэк1эчъэу Нэфтэуахъ нэсыщтыгъэ,
ащ ик1ыти къушъхьэу Ефрэн хэт къалэхэм
як1уал1эти, ет1анэ Бэ1алэк1э (Къыриат-Е1эрим-
к1э) ыгъазэщтыгъэ. [10] Ащ ыуж тыгъэкъохьа-
п1эмк1э Сэ1ир къушъхьэмк1э ыгъазэти, Е1эрим
(Къэсалон) къушъхьэм итемыр чапэ тетэу
Бэтщэмэщ ехыти, Тымнэ къалэр къыдиубы-
тэщтыгъэ. [11] Ащ щыублагъэу 1экърэн итемыр
чапэ тетэу к1оти, Шыкъэронк1э ыгъазэти, Бэ-
1ал къушъхьэм рек1ок1ыти, Ябнэл нэсыти,
хым дэжь щиухыжьыщтыгъэ.

[12] Къохьэп1э гъунапкъэр Хышхо 1ушъор
арыгъэ.

Джары зыфэдэхэр Ехъудэ лIакъом хэхьэрэ унагъохэм ячIыгу гъунапкъэхэр.

[13] Зиусхьаным иунашъокIэ Ехъошуа Епунэх ыкъо
Къалэб Ехъудэ лIакъом ичIыгу Iахьэ щыщ ритыгъ. Ар
Iэнэкъ ятэ АрбаI икъалэу Къыриат-АрбаI, нэмыкIэу
къэпIон хъумэ Хъэурэн, ары. [14] Iэнэкъ къытекIыгъэхэу
Шэшай, Ахъымэн, Тэлмай ялIэкъуищ Къалэб
Хъэурэн дифыгъэх. [15] Ащ икIи, ДэбиркIэ (нахьыпэм
Къыриат-СэфэркIэ заджэщтыгъэхэм) ащ ыгъэзагъ.
[16] Джащ Къалэб ехъудхэм гущыIэ ащыритыгъ:

– Къыриат-Сэфэр теоу, зыштэрэм спхъоу Iахъсэ шъхьэгъусэкIэ естыщт.

[17] Къалэб ыш Къэназ ыкъо Iэтныел ар ыштагъэти, зэригъэгугъагъэу ыпхъу Iахъсэ ащ шъхьэгъусэкIэ ритыгъ.

[18] Зы мафэ горэм, Iахъсэ ытыщ зыщыкIощтым тефэу, ятэ елъэIуныш, чIыгу Iахьэ къыIихынэу Iэтныел ар ыгъэуIушыгъ. Iахъсэ къэси, щыдым къызехым, ятэ ащ еупчIыгъ:

– Сыда узыфаер, сипшъашъ?

[19] Iахъсэ риIожьыгъ:

– УнэшIу къысщэф, сят. Къыблэ лъэныкъом щыIэ шъофнэкIым сыщыпсэунэу лIы септыгъэмэ, ит псынэкIэчъхэри къысэтыжьхэба.

Арыти, ышъхьэрэ псынэкIэчъхэмрэ ыхэрэ псынэкIэчъхэмрэ ащ ритыгъэх.

[20] Ехъудэ лIакъом хэхьэрэ унагъохэм мары ячIыгу:

[21] Едом ягъунапкъэу къыблэмкIэ щыIэ къалэхэр:
Къэбцыел, Iэдэр, Ягъур, [22] Къынэ, Димуна,
IадыIэд, [23] Къэдэщ, Хъацэр, Итнан, [24] Зиф, Тэ-
лэм, БэIалэт, [25] Хъацэр-Хъэдат, Къэриот-Хъэц-
рон (Хъацэр), [26] Амам, ШэмаI, Молэд, [27] Хъа-
цар-Гъэд, Хъэшмон, Бэтпэлэт, [28] Хъацар-Шуал,
БэрщэбаI, Бизеотый, [29] БэIалэ, Iеим, Iэцэм, [30] Ел-
толэд, Къэсил, Хъорым, [31] Цыкълагъ, Мадменэ,
Сансэнэ, [32] Лэбэот, Шэлхъим, Iаин, Римон – зэ-
кIэмкIи къэлэ тIокIырэ бгъурэ, яIэгъо-блэгъу
псэупIэхэри[a] ахэтэу, мэхъух.

[33] ТыгъэкъохьэпIэ къушъхьэ лъапэхэмкIэ:
Ащтаул, ЦорэI, Ашнэ, [34] Заноахъ, Iэн-Гъа-
ним, Тапыуахъ, Iенам, [35] Ярмут, Iэдулам, Сэхэу,
Iазэкъ, [36] ЩэIараим, Адытаим, Гъыдэр (Гъы-
дэротаим)[b] – къэлэ пшIыкIуплI, яIэгъо-блэгъу
псэупIэхэри ахэтэу, мэхъух.

---

a **15:32** Къалэхэу мыщ къыщылъытагъэхэм япчъагъэ тIокIырэ бгъурэм къызэрехъурэм еплъыкIитIу иIэн ылъэкIыщт: 1) къалэхэм ащыщхэр ыужкIэ хагъэхъожьыгъэнхэкIи мэхъу; 2) текстым пчъагъэу тIокIырэ бгъурэ хэт, зыцIэ къыриIорэ къалэхэм ащыщхэр ыужыкIэ ЩымIон лIакъом ратыгъагъэх. (Еплъ: 19:1-7).

b **15:36** Е: «Гъыдэррэ Гъыдэротаимрэ».

[37] Цэнан, Хъэдэш, Мыгъдал-Гъад, [38] Дылы-
Іан, Мыцпэ, Иокътэел, [39] Лахыщ, Боцкъат,
Іэгълон, [40] Къабон, Лахъмас, Къытлыш, [41] Гъы-
дэрот, Бэтдагон, НаІамэ, Макъэд – къэлэ пшІы-
кІух, яІэгъо-блэгъу псэупІэхэри ахэтэу, мэхъух.
[42] Лыбнэ, Іэтэр, Іащан, [43] Ифтахъ, Ашнэ, Нэцыу,
[44] КъыІил, Ахъзиб, Марэш – къэлибгъу, яІэгъо-
блэгъу псэупІэхэри ахэтэу, мэхъух.

[45] Іэкърэн, иІэгъо-блэгъу чылэхэмрэ къутыр-
хэмрэ хэтэу; [46] Іэкърэн итыгъэкъохьапІэкІэ –
зэкІэ Ащдэд къыпэгъунэгъу чылэхэмрэ яІэгъо-
блэгъу къутырхэмрэ хэтэу; [47] Ащдэдрэ Іазэрэ
къягъэтІысэкІыгъэ чылэхэмрэ къутырхэмрэ
ахэтэу мысыр псыхъомрэ Хышхо Іушъомрэ
анэс.

[48] Къушъхьэм хэт къалэхэр:

Шамир, Ятыр, Сэхэу, [49] Даннэ, Къыриат-Сан
(Дэбир), [50] Іанаб, Ащтымыу, Іаним, [51] Гощэн,
Хъолэун, Гъылэу – къэлэ пшІыкІуз, яІэгъо-блэ-
гъу псэупІэхэри ахэтэу, мэхъух.

[52] Араб, Румэ, ЕщІан, [53] Янум, Бэт-Тапыуахъ,
Афэкъ, [54] Хъумтэ, Къыриат-АрбаІ (Хъэурэн),
ЦыІор – къэлибгъу, яІэгъо-блэгъу псэупІэхэри
ахэтэу, мэхъух.

[55] МэІон, Къармэл, Зиф, Ютэ, [56] ИзрыІэл,
ИокъдэІам, Заноахъ, [57] Къаин, ГъыбІэ, Тымнэ –

къэлипшI, яIэгъо-блэгъу псэупIэхэри ахэтэу, мэхъух.

58 Хъалхъул, Бэтцэур, Гъэдор, 59 МаIэрат, Бэт-
Iанот, Елтыкъон – къэлих, яIэгъо-блэгъу псэу-
пIэхэри ахэтэу, мэхъух.

ТэкъоаI, Ефрафат (Бэтлэхъэм), ПэIор, Iэтам, Кулэн, Тэтам, Щэурэщ, Къэрэм, Гъалым, Бэтэр, Мынахъыт – къэлэ пшIыкIуз, яIэгъо-блэгъу псэупIэхэри ахэтэу, мэхъух[a].

60 Къыриат-БэIал (Къыриат-ЕIэрим), Раббэ – къэлитIу, яIэгъо-блэгъу псэупIэхэри ахэтэу, мэхъух.

61 Шъоф нэкIым итхэр:

Бэт-Iараб, Мыдин, Сэхъахъ, 62 Ныбшан, Iир-
Мэлахъ, Iэнгъэдый – къэлих, яIэгъо-блэгъу псэупIэхэри ахэтэу, мэхъух.

63 Ехъудэ Ерусэлэм щыпсэущтыгъэ еусхэр дифынхэ ымылъэкIыгъэу, джы къызынэсыгъэми, ахэр Ехъудэ лIакъом къыхэнагъэхэу ащ щэпсэух.

a 15:59 Мы къэлэ пшIыкIузыр ТэкъоаI щегъэжьагъэу Мынахъыт къыхиубытэу ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым хэтхэп, ахэр къызыхафэхэрэр ижъырэ урымыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхыхэр арых.

## ЯпшІыкІухэнэрэ шъхьэр

### *Ефраимрэ Мынасэрэ ялІакъохэм ячІыгу Іахьэхэр*

**16** 1 Юсыф къытекІыгъэхэм пхъэдзымкІэ къатефэгъэ чІыгур Ерыхъэу пэгъунэгъоу Иордан
псыхъом, Ерыхъэу псыхэм ятыгъэкъокІыпІэкІэ,
къыщежьэти етІанэ шъофнэкІыр къызэринэкІызэ,
Бэтэл къушъхьалъэм нэсыщтыгъэ. 2 Гъунапкъэр Бэ-
тэл икІыти Луз кІощтыгъэ, арыкъхэм ячІыгу ихьэти
Іэтэрот къалэм нэсыщтыгъэ, 3 етІанэ къохьапІэм-
кІэ яфлэтхэм ячІыгукІэ ехыти, КІэхэ Бэтхъорэнрэ
Гъэзэррэ анэсыти, хым дэжь къыщыуцущтыгъэ.
4 Юсыф ыкъохэу Мынасэрэ Ефраимрэ къатекІы-
жьыгъэхэм мыр яунэе Іахьэу аІэкІэхьагъ.

5 Мары Ефраим лІакъом хэхьэрэ унагъохэм
ячІыгухэр:

Ахэм ячІыгу гъунапкъэ Іэтэрот-Адар итыгъэкъокІыпІэкІэ къыщыригъажьэти Ышъхьэрэ Бэтхъорэн нэсыти, 6 хыІушъом къыщиухыщтыгъэ. ТемырымкІэ Мыхмытат къыщыригъажьэти, Танат-ЩылэукІэ къокІыпІэмкІэ ыгъазэщтыгъэ, ар къыдиухьэзэ

къокIыпIэмкIэ Яноахъ екIущтыгъэ. [7] Ащ ыу-
жым Яноахъ щыригъажьэти Iэтэротрэ На-
IэркIэ ехыти, Ерыхъэу еуалIэти, Иордан псы-
хъом екIущтыгъэ. [8] Тапыуахъ щегъэжьэгъэ
гъунапкъэр къохьапIэмкIэ псыхъоу Къанэ
блэкIыти, хым къыщыуцущтыгъэ. Джащ фэ-
дагъ Ефраим лIакъом хэхьэрэ унагъохэм унэе
Iахьэу атефагъэр. [9] Джыри мынасэхэм ячIыгу
къалэхэмрэ ахэм яIэгъо-блэгъу псэупIэхэмрэ
ефраимхэм къыщаратыгъагъэх.

[10] Ефраимхэм Гъэзэр дэсыгъэ къэнаIанхэр дафы-
гъэхэп. Непэ къызынэсыгъэми ахэр ефраимхэм
ахэсхэу адэпсэух, ау афэпщылIых.

## ЯпшIыкIублэнэрэ шъхьэр

**17** 1 Юсыф ищыпэлъф Мынасэ илIакъо мары
къытефэгъэ унэе Iахьэр. Мынасэ ищы-
пэлъф Махыр къытекIыгъэхэм ГъылыIад, Бащан
чIыналъэхэр Иордан псыхъом итыгъэкъокIы-
пIэкIэ ащаратыгъэхагъ. Махырхэр зэолI лIы-
хъужъхэу щытыгъэх, ГъылыIад лIакъори Махыр
къытекIыгъ. 2 Адрэ унагъохэу Мынасэ лIакъом
хэхьэхэрэм – АбиIэзэр, Хъэлэкъ, Асриел, Щэхэм,
Хъэфэр, ЩэмидаI– ахэми ячIыгу Iахьэхэр Иор-
дан псыхъом икъохьапIэкIэ щаратыгъэх. Мыхэр
Юсыф ыкъо Мынасэ къытекIыгъэ хъулъфыгъэ-
хэр арых.
3 Мынасэ ыкъо Махыр ыкъожьэу ГъылыIад
ыкъоу Хъэфэр ыкъожьэу Цэлэфхъад къо иIагъэп,
пшъашъэ щэхъу иIагъэп. Ащ ыпхъухэм ацIагъэр –
Мэхъал, НоIэ, Хъогъэл, Мылкъэ, Тырцэ. 4 Ахэр
къурмэнышIэу ЕлыIазар, Ныун ыкъо Ехъошуа,
лъэпкъым ипащэхэм адэжь кIохи, араIуагъ:
– Тшыхэм афэдэу тэри чIыгу къытитынэу Зиус-
хьаным Мосэ унашъо къыфишIыгъ.
Арыти, Зиусхьаным унашъо зэришIыгъэм
фэдэу, Ехъошуа зэшыпхъухэм ятэшхэм афэдэу
чIыгу Iахьэхэр аритыгъэх. 5-6 Джаущтэу Мынасэ

лІакъом ыпхъухэм ыкъохэм афэдэ къабзэу чІыгу аратыгъэти, Мынасэ лІакъом Иордан псыхъом икъокІыпІэ щыІэ ГъылыІадрэ Бащанрэ анэмыкІэу чІыгу ІахьипшІ къыІукІагъ. (ГъылыІад чІыналъэр Мынасэ адрэ къытекІыгъэхэм яеу хъугъэ).

[7] Мынасэ чІыналъэм игъунапкъэ Ащэр
щыригъажьэти Щэхэм пэчІынатІэу щыт
Мыхмытат екІущтыгъэ, ащ икІыти къыблэм-
кІэ Іэн-Тапыуахъ щыпсэухэрэм адэжь нэсы-
щтыгъэ. [8] (Тапыуахъ чІыгур мынасэ лІакъом
къыІукІагъ, ау ежь, Тапыуахъ къалэр, гъу-
напкъэм тетыгъэти, ефраимхэм аратыгъ).
[9] ЕтІанэ гъунапкъэр къыблэмкІэ щыІэ Къанэ
псыхъомкІэ кІощтыгъэ. Ащ итыгъэ къалэхэр
мынасэ икъалэхэм ахэтыгъэхэми, Ефраим
лІакъом иягъэх. АдыкІэ Мынасэ игъунапкъэ
псыхъом итемыр лъэныкъо рекІокІыти, хым
дэжь щиухыщтыгъэ. [10] КъыблэмкІэ гъэзэгъэ
чІыгур Ефраим иягъ, темырымкІэ гъэзагъэр –
Мынасэ фэгъэзэгъагъ. Мынасэ ичІыгухэр
тыгъэкъохьапІэмкІэ хым нэсыщтыгъэх, те-
мырымкІэ Ащэр лІакъом зы гъунапкъэ дыря-
Іагъ, къокІыпІэмкІэ – Иссашхар чІыгум еолІэ-
жьыщтыгъэх.

[11] Иссашхаррэ Ащэррэ ячІыналъэхэм арыт
къалэхэу яІэгъо-блэгъу псэупІэхэр ягъусэхэу
Мынасэ къытекІыгъэхэм яягъэхэр Бэтщан,

ИблэIам, Дор, Iэндор, ТаIынахъ, Мэгъыдэ (ящэ-
нэрэр Нафэт[a] ары).
12 Ау Мынасэ лIакъом а къалэхэр ыштэнхэ ылъэ-
кIыгъэхэпти, а чIыгум къинагъэхэу къэнаIанхэр
щыпсэущтыгъэх. 13 Ыужым израилхэм алъапсэ
загъэпытэм, къэнаIанхэр агъэпщылIыгъэх нахь
рафынхэу рафыгъэхэп.
14 Зэгорэм Юсыф къыхэкIыгъэхэм Ехъошуа:
– Тэ тылъэпкъышхоу, шъыпкъэ дэдэмкIэ Зиус-
хьаным ынэшIу къытщифагъэ пэтзэ, сыд пае о
зы унэе Iахьэу, зы чIыгу Iахь къытэптыгъ?– аIуи
раIуагъ.
15 Арыти:
– Шъо арэу шъулъэпкъышхомэ, Ефраим къушъ-
хьалъэр шъорыкIэ зэжъумэ, пэрыцхэмрэ рэфхэм-
рэ ячIыгу шъукIуи, ащ ит мэзхэм шъуахахьи,
шъущыпсэунэу къэжъугъэкъабзэх,– ариIожьыгъ
ахэм Ехъошуа.
16 Ащ ипэгъокIэу:
– Къушъхьалъэр тэркIэ макIэ. Ау зэкIэ къэна-
Iанхэу кIэим щыпсэухэрэр пIомэ, ИзрыIэл кIэим
щегъэжьагъэу Бэтщан къалэмрэ ащ иIэгъо-блэгъу
псэупIэхэмрэ анэс гъучI купсынкIэхэр яIэх.– Юсыф
къыхэкIыгъэхэм джэуап къатыжьыгъ.

[a] 17:11 Мыр зэхьылIагъэр къалъытэрэ къалэхэм ящэнэрэу ахэт Дор къалэр арын фае зыфэгъэхьыгъэр. Еплъ: 11:2.

[17] Арыти, Юсыф къыхэкIыгъэ лIэкъуитIум, Еф-
раимрэ Мынасэрэ, Ехъошуа ариIуагъ:

– Шъо шъулъэпкъышху, ары, боу шъулъэш.
Арышъ, зы чIыгу Iахьэ закъоп шъуиIэщтыр, [18] мэ-
зыр зытиз къушъхьалъэхэри шъуех. Ахэр жъугъэ-
къабзэхи, аужырэ гъунапкъэм нэс шъуиещтых.
ШIагъуа къэнаIанхэм гъучI купсынкIэхэр яIэхэмэ,
шIагъуа лъэшыхэмэ – шъо ахэр ишъуфыщтых.

## ЯпшIыкIуенэрэ шъхьэр

### *Къэнэгъэ чIыгу Iахьэр зэрагощыгъэр*

**18** [1] Израилхэр зэкIэ Щылэу къалэ щызэIукIэ-
хи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр[a] ащ щагъэуцугъ.
ЧIыгур ахэм аубытыгъэхагъ, [2] ау израил лIэкъуи-
блым джыри яунэе Iахьэ аратыгъагъэп.

[3] Арыти, Ехъошуа израилхэм ариIуагъ:

– Зиусхьанэу шъуятэхэм я Тхьэ унаеу къышъуи-
тыгъэ чIыгур шъукIонышъ, шъуубытыным пае
зыпари шъумышIэу бэрэ джыри шъущысыщта?
[4] ЛIакъо пэпчъ нэбгырэ щырыщ къызыхэжъугъэ-
кIых. ЧIыгум рыкIонхэшъ, къатхыхьанышъ, ар
зэрэбгощын плъэкIыщтыр къагъэнэфэнышъ, къыс-
фагъэзэжьынэу ахэр сэ згъэкIощтых. [5] ЧIыгур Iа-
хьиблэу жъугощы. Ехъудэ къыблэмкIэ щыIэ ичIыгу
къерэнэжь, Юсыф къыхэкIыгъэхэри темырымкIэ
щыIэ ячIыгу щэрэпсэух. [6] ЧIыгу Iахьиблэу къэнагъэр
къэшъутхыхьи къысфэшъухьыжьи, сэ Зиусхьанэу
ти Тхьэ ыпашъхьэ шъощ пае пхъэдзыр щисыдзэщт.
[7] Ау лэуйхэм шъуичIыгу Iахьэ щыряIэщтэп, ахэм

---

[a] **18:1** Джурт лъэпкъым итарихъ иублэгъум кощын зэпымыужьхэм ахэт зэхъум, къыздырихьакIынэу чэтэнгъэIагъэр тхьэлъэIупIэ-къурмэншIыпIэу ыгъэпсыгъагъ. Еплъ: Тхылъэу «МысырикIыжь» ия 40-рэ шъхьэ.

яIахьэр – Зиусхьаным ыпашъхьэ къурмэнышI
Iофхэр щызэрахьанхэр ары. ЕтIани Гъадрэ Рубэнрэ
ялIакъохэмрэ Мынасэ лIакъом ызыныкъорэ ячIы-
гу Iахьэхэр Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэкIэ
Зиусхьаным иIумэтэу Мосэ щаритыгъэх.
8 Къыхахыгъэ цIыфхэр тэджхи, чIыгур къатхы-
хьанэу гъогум зыщытехьащтхэм Ехъошуа ахэм
унашъо афишIыгъ:
– ШъукIуи, чIыгур къэшъукIухьи, къэшъу-
тхыхь. ЕтIанэ къэжъугъэзэжьи, Щылэу къалэм,
садэжь, шъукъэкIожьи, Зиусхьаным ыпашъхьэ
пхъэдзыр сэ шъощ пай щисыдзэщт.
9 Арыти, а цIыфхэр кIохи, чIыгур къаплъы-
хьи, ит къалэхэр зэкIэ къатхыхьэхи, Iахьиблэу
гощыгъэу зэрытхэгъэ тхылъыпIэр къахьи, Щы-
лэу уцупIэм дэс Ехъошуа дэжь къэкIожьыгъэх.
10 Джащыгъум Ехъошуа Зиусхьаным ыпашъхьэ
Щылэу пхъэдзыр щыридзи, израил лIакъоу къэ-
нагъэхэм чIыгу Iахьэхэр афигощыгъэх.

### *Бинямин лIакъом ичIыгу Iахь*

11 Бинямин лIакъом хэхьэрэ унагъохэм пхъэдзым
къафикIыгъэ чIыгур Ехъудэрэ Юсыфрэ ялIакъо-
хэм атефагъэм азыфагу илъыгъ:
12 ТемырымкIэ гъунапкъэр Иордан псыхъом
къыщежьэти, Ерыхъэу итемыр лъэныкъо-
кIэ къушъхьэ чапэм тетэу лъыкIуатэщтыгъэ,

етIанэ къушъхьалъэм дэкIуаети, Бэтаон шъоф-
нэкIым нэсыщтыгъэ. 13 Ащ икIыти, Луз (Бэтэл)
къалэм икъыблэкIэ щыIэ къушъхьэм рекIокIы-
ти, етIанэ Iэтэрот-АдаркIэ ехыти, КIахэ Бэтхъо-
рэн икъыблэкIэ щыIэ къушъхьэм екIущтыгъэ.

14 А чIыпIэм къыблэмкIэ щигъазэти, къо-
хьэпIэ лъэныкъомкIэ щыIэ гъунапкъэр къы-
гъэнафэщтыгъэ – Бэтхъорэн къыблэмкIэ
пэчIынэтIэ Iуашъхьэм ар къыщежьэти, Ехъу-
дэ къытекIыгъэхэм якъалэу Къыриат-БэIал
(Къыриат-ЕIэрим) дэжь щиухыщтыгъэ. Джа-
ры къохьэпIэ гъунапкъэщтыгъэр.

15 Къыблэ гъунапкъэр Къыриат-ЕIэрим
итыгъэкъохьэпIэ хэгъуашъхьэ щегъэжьагъэу
Нэфтэуахъ псынэкIэчъым нэсыщтыгъэ. 16 Ащ
ыуж гъунапкъэр Хъынэм ыкъо икIэй пэчIына-
тIэу Рэф кIэим итемыр лъэныкъокIэ къушъхьэ
лъапэм ехыщтыгъэ. Хъынэм кIэим икIыти, еус-
хэм якъалэ икъыблэ чапэ тетэу Рэугъэл псы-
нэкIэчъымкIэ гъунапкъэм ригъэзыхыщтыгъэ.
17 ЕтIанэ темырымкIэ ыгъазэти, Iэн-Щэмэщ
екIути, Адумым лъэгапIэм пэчIынэтIэ Гъэлы-
лот нэсыти, Рубэн ыкъо Бохъан имыжъокIэ
ехыщтыгъэ. 18 Бэт-Iараб[a] итемыр къушъхьэ

[a] 18:18 Ижъырэ урымыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхыхэм ащыщ джауштэу хэт. Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр «АрбаI пэчIынатIэу чапэм».

чапэ нэсыти, Иордан кIэим ихьэщтыгъэ. 19 Ащ
ыуж гъунапкъэр Бэтхъогъэл итемыр къушъ-
хьэ чапэ рыкIоти, Иордан псыхъом дэжь хы
Щыугъэм итемыр хытIуалэ нэсыщтыгъэ. Джа-
ры къыблэ гъунапкъэщтыгъэр.

20 ТыгъэкъокIыпIэмкIэ гъунэпкъагъэр Иор-
дан псыхъор арыгъэ.

Бинямин лIакъом хэхьэрэ унагъохэм ячIыгу джа-
ры гъунапкъэу иIагъэхэр.

21 Бинямин лIакъом хэхьэрэ унагъохэм афэгъэзэ-
гъэгъэ къалэхэр:

Ерыхъэу, Бэтхъогъэл, Iэмэкъ-Кэцыц, 22 Бэт-
Iараб, Цэмарим, Бэтэл, 23 Iао, Парэ, Iофрэ, 24 Къэ-
фар-Iамоный, Iофный, ГъыбIэ – къэлэ пшIыкIу-
тIу, яIэгъо-блэгъу псэупIэхэр ягъусэу.

25 ГъыбIон, Рамэ, БэIэрот, 26 Мыцпэ, Къэфирэ,
Моц, 27 Рэкъэм, Ирпыел, Тэралэ, 28 ЦэлаI, Елэф,
еусхэм якъал (Ерусэлэм), ГъыбIэ, Къыриат-ЕIэ-
рим[a] – къэлэ пшIыкIуплI, яIэгъо-блэгъу псэу-
пIэхэр ягъусэу.

Джащ фэдагъ Бинямин лIакъом хэхьэрэ унагъо-
хэм къатефэгъэ чIыгур.

---

a 18:28 Ижъырэ урымыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхыхэм ащыщ джаущтэу хэт. Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр «Къыриат».

## ЯпшIыкIубгъонэрэ шъхьэр

### *ЩымIон лIакъом ичIыгу Iахь*

**19** 1 ЯтIонэрэ пхъэдзыр къызыфикIыгъэр ЩымIон лIакъом хэхьэрэ унагъохэр ары. Ахэм яунэе Iахьэ Ехъудэ лIакъом ичIыгухэм агузэгу илъыгъ. 2 Ащ хахьэщтыгъэх:

БэрщэбаI (ЩэбаI)[a], Молэд, 3 Хъацар-Шуал, Балэ, Iэцэм, 4 Елтолэд, Бэтул, Хъорым, 5 Цыкълагъ, Бэтмэркъаот, Хъацар-Сус, 6 Бэт-Лэбэот, Шарухъэн – къэлэ пшIыкIущ, яIэгъо-блэгъу псэупIэхэр ахэтэу.

7 Iаин, Римон, Iэтэр, Iащан – къэлиплI, яIэгъо-блэгъу псэупIэхэр ахэтэу. 8 Джащ фэдэу а къалэхэм яIэгъо-блэгъухэм арыт псэупIэхэр зэкIэ БаIалат-Бэр (къыблэмкIэ щыIэ Рамот) нэсэу.

Джащ фэдагъ щымIон лIакъом хэхьэрэ унагъохэм къатефэгъэ чIыгур. 9 Ехъудэ лIакъом къытефэгъэ чIыгур зэрэиныщэм къыхэкIэу щымIонхэм ащ щыщ чIыгу къаратыгъ. Джаущтэу щымIонхэм яунэе Iахьэ Ехъудэ чIыгум ыгузэгу илъэу хъугъэ.

---

[a] **19:2** Ижъырэ урымыбзэкIэ: «ЩэмаI».

## *Зэбулун лIакъом ичIыгу Iахь*

10 Ящэнэрэ пхъэдзыр къызыфикIыгъэр Зэбулун
лIакъом хэхьэрэ унагъохэр ары.

Ахэм ячIы гъунапкъэ Сарид къалэм нэсы-
щтыгъэ. 11 Ащ икIыти гъунапкъэр тыгъэкъо-
хьапIэмкIэ МарIэлэ къалэмкIэ кIощтыгъэ,
етIанэ Дабэшэт еуалIэти, ИокънэIам пэгъунэ-
гъу псы чъэрым къыщыуцущтыгъэ. 12 Адрэ
лъэныкъомкIэ, къокIыпIэмкIэ, гъунапкъэр
Сарид щыригъажьэти, Къыслот-Табор къыкIэ-
рылъ шъолъырыр къызэринэкIыти, Дэурат
нэсыти, ЯфиаIкIэ дэкIуаещтыгъэ. 13 Ащ ыуж
къокIыпIэмкIэ Гъат-Хахъэфэррэ Iэт-Къацинрэ
адэжькIэ кIоти, Римон екIути, НэIэкIэ ыгъазэ-
щтыгъэ. 14 Джащ дэжьым гъунапкъэм темы-
рым ХъанатонкIэ ыгъазэти, Ифтахъэл кIэим
щиухыщтыгъэ. 15 ЧIыгу Iахьэм хахьэщтыгъэх
Къатат, Нэхэлал, Щымрэн, Идэл, Бэтлэхъэм –
къэлэ пшIыкIуплI, яIэгъо-блэгъу псэупIэхэри
ахэтэу.

16 Джа къалэхэмрэ яIэгъо-блэгъу псэупIэхэмрэ Зэ-
булун лIакъом хэхьэрэ унагъохэм яягъэх.

## *Иссашхар лIакъом ичIыгу Iахь*

17 ЯплIэнэрэ пхъэдзыр къызыфикIыгъэр Иссашхар
лIакъом хэхьэрэ унагъохэр ары. 18 Ахэм ячIыгухэм
ахахьэщтыгъэх:

ИзрыIэл, Къэсулот, Шунэм, 19 Хъэфара-
им, Шыон, Анахъэрэт, 20 Рабит, Къышэн, Iэ-
бэц, 21 Рэмэт, Iэн-Гъаним, Iэн-Хъэдэ, Бэтпыцэц.
22 Гъунапкъэр Табор, Щэхъацым, Бэтщэмэщ
якIути, Иордан псыхъом дэжь къыщыуцу-
щтыгъэ – къэлэ пшIыкIух, яIэгъо-блэгъу псэу-
пIэхэри ахэтэу.
23 Джа къалэхэмрэ яIэгъо-блэгъу псэупIэхэмрэ Зэ-
булун лIакъом хэхьэрэ унагъохэм яягъэх.

## *Ащэр лIакъом ичIыгу Iахь*

24 Ятфэнэрэ пхъэдзыр къызыфикIыгъэр Ащэр лIа-
къом хэхьэрэ унагъохэр ары. 25 Ахэм ячIыгухэм
ахахьэщтыгъэх:

Хъэлкъат, Хъэлый, Бэтэн, Ахъшаф, 26 Алэм-
мэлэх, IамIад, Мышал. ТыгъэкъохьапIэмкIэ
гъунапкъэр Къармэлрэ Шихъор-Лыбнатрэ
яуалIэщтыгъэ. 27 Адрэ лъэныкъомкIэ, къокIы-
пIэмкIэ, гъунапкъэр Бэтдагон екIуалIэти, Зэбу-
лун лIакъом ичIыгурэ Ифтахъэл кIэимрэ анэ-
сыщтыгъэ. Бэт-Iэмэкърэ НэIиелрэ унэе Iахьэм
хахьэщтыгъэх. ЕтIанэ гъунапкъэр темырым-
кIэ кIоти, Къабул нэсыщтыгъэ. 28 АдыкIэ: Iаб-
дон[a], Рэхъоб, Хъамон, Къанэ – Цыдонышхом
нэсыжьэу. 29 Гъунапкъэм РамэкIэ къытыригъэ-
зэжьыти, Тир къэлэ зэтегъэпытыхьагъэмкIэ

[a] 19:28 Е: «Iэброн».

кIощтыгъэ, етIанэ ХъосэкIэ ыгъазэти, хы
Iушъом къыщыуцущтыгъэ. Унэе Iахьэм ха-
хьэщтыгъэх Махъэлаб, Ахъзиб, [30] Iумэ, Афэкъ,
Рэхъоб – къэлэ тIокIырэ тIурэ, яIэгъо-блэгъу
псэупIэхэри ахэтэу.
[31] Джа къалэхэмрэ яIэгъо-блэгъу псэупIэхэмрэ
Ащэр лIакъом хэхьэрэ унагъохэм яягъэх.

### *Нафталый лIакъом ичIыгу Iахь*

[32] Яхэнэрэ пхъэдзыр къызыфикIыгъэр Нафталый
лIакъом хэхьэрэ унагъохэр ары.
[33] Ахэм ячIыгу гъунапкъэ Хъэлэфрэ ЦэIэ-
нэним къыщыкIырэ чъыгэешхомрэ ащыри-
гъажьэти, Адами-Нэкъэбрэ Ябнэлрэ къызэри-
нэкIыхэти, Лэкъум нэсыти, Иордан псыхъом
къыщыуцущтыгъэ. [34] ТыгъэкъохьапIэмкIэ гъу-
напкъэм Азнот-ТаборкIэ ыгъазэти, ащ икIы-
ти, ХъукокъкIэ кIощтыгъэ. ЕтIанэ къыблэмкIэ
Зэбулун чIыгум, къохьапIэмкIэ Ащэр чIыгум,
къокIыпIэмкIэ Иордан псыхъом[a] яуалIэщты-
гъэ. [35] Къэлэ зэтегъэпытыхьэгъагъэх Цыдим,
Цэр, Хъамат, Ракъат, Къынэрэт, [36] Адымэ, Рамэ,
Хъацэр, [37] Къэдэщ, ЕдрэI, Iэн-Хъацэр, [38] Ирон,
Мыгъдалэл, Хъорэм, Бэт-Iэнат, Бэтщэмэщ –

[a] **19:34** Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мы чIыпIэм джыри «Ехъудэ» хэт, ау ащ къикIырэр гурыIогъошIоп.

къэлэ пшIыкIубгъу, яIэгъо-блэгъу псэупIэхэри
ахэтэу.
39 Джа къалэхэмрэ яIэгъо-блэгъу псэупIэхэмрэ
Нафталый лIакъом хэхьэрэ унагъохэм яягъэх.

### *Дан лIакъом ичIыгу Iахь*

40 Яблэнэрэ пхъэдзыр къызыфикIыгъэр Дан лIа-
къом хэхьэрэ унагъохэр ары. 41 Ахэм ячIыгухэм
ахахьэщтыгъэх:

ЦорэI, Ащтаул, Iир-Щэмэщ, 42 ЩэIалэбин,
Аялэун, Итлэ, 43 Елэн, Тымнэ, Iэкърэн, 44 Елты-
къэ, Гъыбытон, БаIалат, 45 Ехъудэ, Бынэбэракъ,
Гъат-Римон, 46 Мэ-Иаркъон, Ракъон къалэр
Яфо къыпэIулъ чIыгур игъусэу.

47 Данхэм ячIыгу зашIокIодым[a], ахэр кIохи, Лэ-
шэм[b] теуагъэх. Къалэр ашти, къэлэдэсхэр чатэкIэ
зэтыраукIагъэх. Къалэр аубыти, Дан къыхэкIыгъэ-
хэр ащ дэтIысхьагъэх. Лэшэм къалэм ыцIэ зэбла-
хъуи, къызытекIыгъэхэ ятэжь пIашъэм ыцIэкIэ
Дан аIуи еджагъэх.
48 Джа къалэхэмрэ яIэгъо-блэгъу псэупIэхэмрэ Дан
лIакъом хэхьэрэ унагъохэм яягъэх.

---

a 19:47 Е: «текIонхэ замылъэкIым». Еплъ: тхылъэу «Гъуа-
зэхэр» 1:34-35.

b 19:47 Лэшэм – къалэу Лаиш аущтэуи еджэх. Еплъ: тхы-
лъэу «Гъуазэхэр» 18:27-29.

### *Ехъошуа ичIыгу Iахь*

49-50 ЧIыгу гощыныр заухым ыуж, Зиусхьаным
унашъо къызэришIыгъэм фэдэу израилхэм ячIы-
гу щыщ Iахьэ Ныун ыкъо Ехъошуа къыратыгъ.
Ехъошуа зыкIэлъэIугъэр Ефраим къушъхьалъэм
ит къалэу Тымнат-Сэрахъ ары. Ар зэтыригъэпсы-
хьажьи, дэтIысхьагъ.
51 Джары чIыгухэу къурмэнышIэу ЕлыIазар,
Ныун ыкъо Ехъошуа, Израилым инахьыжъ упчIэ-
жьэгъухэм пхъэдзыкIэ Зиусхьаным ыпашъхьэ,
чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ичIэхьапIэ дэжь Щылэу
щагощыгъэхэр. ЧIыгу гощыныр джащ щаухыгъ.

## ЯтIокIэнэрэ шъхьэр

### *ЗыкъэухъумэжьыпIэ къалэхэр*

**20** [1] ЕтIанэ Зиусхьаным Ехъошуа къыриIуагъ:
[2] – Мосэ къызэресIогъагъэм фэдэу зы-
къэухъумэжьыпIэ къалэхэр къыхахынхэу изра-
илхэм яIу. [3] Хэукъуагъэкlэ, ымышIахэу хэтми цIыф
зыукIырэр, ащ ечъэжьынышъ, лъышIэжьым
зыщиухъумэн ылъэкIыщт. [4] Ащ ышъхьэ а къа-
лэхэм ащыщ зырихьылIэжьыкIэ, къэлэ дэхьэпIэ
къэлапчъэхэм адэжь орэуцуи, а къалэм дэс на-
хьыжъ упчIэжьэгъухэм иIоф зытетыр арерэIуат.
Ащ ыуж адрэхэм ар къалэм дарэгъахьи, ахэсэу
зыщыпсэущт чIыпIэр къыфарэгъэнаф. [5] ЛъышIэ-
жьым илъэуж къыфымэ, ыукIыгъэр ымышIахэу,
гухьэ-гужъ фыримыIэу IэкIэукIагъэшъ, къылъы-
кIуагъэм рарэмыт. [6] Хьыкум тырашIыхьанэу къэ-
лэдэсхэм апашъхьэ къемыуцофэ, къурмэнышI
шъхьаIэу а уахътэм яIэр олIэжьыфэ ар а къалэм
къыдэрэн. КъурмэнышI шъхьаIэр зылIэкIэ укIа-
кIом ышъхьэ къыздихыжьыгъэ къалэм, иунэ
ыгъэзэжьын ылъэкIыщт.

[7] Джауштэу зыкъэухъумэжьыпIэ къэлищ Иор-
дан псыхъом итыгъэкъохьапIэкIэ щагъэнэфагъ.
Ахэр Нафталый къушъхьалъэм хахьэрэ Гъалыл

ит Къэдэщ, Ефраим къушъхьалъэм щыIэ Щэхэм,
Ехъудэ къушъхьалъэм щыIэ Къыриат-АрбаI (Хъэу-
рэн) арых. 8 Ерыхъэу пэгъунэгъоу Иордан псыхъом
икъокIыпIэкIи къэлищ щагъэнэфагъ: Рубэн лIа-
къом ичIыгу итэу шъофнэкIым ит бгы тешъом тет
Бэцэр, Гъад лIакъом ыIыгъ ГъылыIад чIыналъэм
ит Рамот, Мынасэ лIакъом ичIыгу хэхьэрэ Бащан
чIыналъэм ит Гъолан. 9 А къалэхэр зэкIэ израил-
хэмрэ хымэ лъэпкъэу ахэсхэмрэ зыухъумэжьы-
пIэ къалэхэу агъэнэфэгъагъэх. Хэтми ымышIа-
хэу зыгорэ зыукIыгъэр хьыкум тырашIыхьанэу
къэлэдэсхэм апашъхьэ къемыуцофэ, а къалэхэм
ащыщ ечъэжьын, лъышIэжьым зыщиухъумэн
ылъэкIынэу щытыгъ.

## ЯтIокIэнэрэ зырэ шъхьэр

### *Лэуй лIакъом икъалэхэр*

21 1-2 Лэуй лIакъом инахьыжъ упчIэжьэгъу-
хэр къэнаIан чIыгум ит Щылэу къакIохи,
къурмэнышIэу ЕлыIазар, Ныун ыкъо Ехъошуа,
израил лIакъохэм янахьыжъ упчIэжьэгъухэм
къараIуагъ:
– Тадэсынэу къалэхэмрэ тибылымхэр ащытIы-
гъынхэу ахэм яIэгъо-блэгъу хъупIэхэмрэ къытаты-
нэу Зиусхьаным Мосэ унашъо къыфишIыгъагъ.
3 Арыти, ежьхэм къатефэгъэ Iахьэхэм ащыщ
къалэхэмрэ ахэм яIэгъо-блэгъу хъупIэхэмрэ Зиус-
хьаным унашъо зэришIыгъэм фэдэу израилхэм
лэуйхэм аратыгъэх.
4 Апэ Къахат лIакъом щыщ лэуйхэм пхъэдзыкIэ
къалэхэр атырагощагъэх. Израил лIэкъуищым
Ехъудэм, ЩымIоным, Биняминым зэхэтэу якъэлэ
пшIыкIущ къурмэнышIэу Хьарунэ къытекIыгъэ-
хэм пхъэдзымкIэ къатефагъ. 5 Адрэ лэуй лIакъоу
Къахат къытекIыгъэхэр пIомэ – Ефраим, Дан лIа-
къохэм, Мынасэ лIакъом ызыныкъом къэлипшI,
джащ фэдэу пхъэдзыкIэ, къаратыгъ.
6 Лэуй лIакъоу гъэрщэн – зэкIэмкIи къэлэ пшIы-
кIущ пхъэдзымкIэ къыратыгъ Иссашхар, Ащэр,

Нафталый лІакъохэмрэ Бащан чІыналъэм щыпсэу-
рэ Мынасэ лІакъом ызынықъомрэ яехэм ащыщэу.
7 Лэуй лІакъоу мэрарый хэхьэрэ унагъохэм зэ-
кІэмкІи къэлэ пшІыкІутІу Рубэн, Гъад, Зэбулун
лІакъохэм къыратыгъ.
8 Джаущтэу израилхэм Зиусхьаным Мосэ уна-
шъо къызэрэфишІыгъагъэм фэдэу мы къалэхэмрэ
ахэм яІэгъо-блэгъу хъупІэхэмрэ пхъэдзыкІэ афа-
гъэнафэхи, лэуйхэм аратыгъэх.

9-10 Апэрэ пхъэдзыр Хьарунэ къытекІыгъэ лэуй-
хэм ащыщ къахат лІакъом къыфикІыгъ. Арыти,
Ехъудэрэ ЩымІонрэ ялІакъохэм ячІыгухэм арыт
къалэхэу мыщ зигугъу къыщышІыгъэхэр ащ ра-
тыгъэх.
11 Ехъудэ къушъхьалъэм ит Къыриат-АрбаІ
(Хъэурэн) иІэгъо-блэгъу хъупІэхэри игъусэхэу
ахэм аІукІагъ. (Іэнэкъ ятагъэр АрбаІ ары). 12 Ау
къалэм пэгъунэгъу псэупІэхэри губгъохэри
Епунэх ыкъо Къалэб иунаеу ратыгъэх.
13 КъурмэнышІэу Хьарунэ къытекІыгъэ-
хэм Хъэурэн зыкъэухъумэжьыпІэ къалэр
(укІакІом ышъхьэ рихьылІэжьынэу), Лыбнэ,
14 Ятыр, АштымаІ, 15 Хъолэун, Дэбир, 16 Іаин,
Ютэ, Бэтщэмэщ, ахэм яІэгъо-блэгъу хъупІэхэ-
ри ягъусэхэу – зэкІэмкІи къэлибгъу мы лІэ-
къуитІум къаратыгъ.

[17] Бинямин лIакъом ичIыгу ит къалэхэу:
ГъыбIон, ГъыбIэ, [18] Iанатот, Iалмон – зэкIэмкIи
къэлиплI, яIэгъо-блэгъу хъупIэхэри ягъусэхэу,
къаратыгъ.
[19] Хьарунэ къытекIыгъэ къурмэнышIхэм зэкIэмкIи
зэхэтэу къаратыгъэр къэлэ пшIыкIущ хъущтыгъэ,
ахэм яIэгъо-блэгъу хъупIэхэри ягъусэхэу.
[20] Къахатхэм ахахьэрэ адрэ унагъохэм мы къалэ-
хэр пхъэдзым къафикIыгъэх.

Арыти, Ефраим лIакъом ахэм аритыгъэх:
[21] Ефраим къушъхьалъэм ит Щэхэм зы-
къэухъумэжьыпIэ къалэр, Гъэзэр, [22] Къыб-
цаим, Бэтхъорэн, ахэм яIэгъо-блэгъу хъупIэхэ-
ри ягъусэхэу – къэлиплI.
[23] Дан лIакъом къаритыгъэх Елтыкъэ, Гъы-
бытон, [24] Аялэун, Гъат-Римон, ахэм яIэгъо-блэ-
гъу хъупIэхэри ягъусэхэу – къэлиплI.
[25] Мынасэ лIакъом ызыныкъом къаритыгъ
ТаIынахърэ Гъат-Римонрэ яIэгъо-блэгъу хъу-
пIэхэри ягъусэхэу – къэлитIу.
[26] А къэлипшIыр зэкIэ яIэгъо-блэгъу хъупIэхэри
ягъусэхэу Къахат лIакъом хэхьэрэ адрэ унагъохэм
аратыгъэх.

[27] Лэуй лIакъоу гъэрщэн ратыгъэх:
Мынасэ лIакъом ызыныкъом икъалэхэм ащы-
щэу:

Бащан чІыналъэм ит Гъолан зыкъэухъумэ-
жьыпІэ къалэр, БэІэштэр, яІэгъо-блэгъу хъу-
пІэхэри ягъусэхэу – къэлитІу.
28 Иссашхар лІакъом икъалэхэм ащыщэу:
Къышэн, Дэурат, 29 Ярмут, Іэн-Гъаним, ахэм яІэ-
гъо-блэгъу хъупІэхэри ягъусэхэу – къэлиплІ.
30 Ащэр лІакъом икъалэхэм ащыщэу:
Мышал, Іабдон, 31 Хъэлкъат, Рэхъоб, ахэм яІэ-
гъо-блэгъу хъупІэхэри ягъусэхэу – къэлиплІ.
32 Нафталый лІакъом икъалэхэм ащыщэу:
Гъалыл чІыналъэм ит Къэдэщ зыкъэухъумэ-
жьыпІэ къалэр, Хъамот-Дор, Къартан, ахэм
яІэгъо-блэгъу хъупІэхэри ягъусэхэу – къэлищ.
33 Лэуй лІакъоу гъэрщэн зэкІэмкІи ІукІагъэр къэлэ
пшІыкІущ, яІэгъо-блэгъу хъупІэхэри ягъусэхэу.

34 Адрэ къэнэгъэ лэуй лІакъоу мэрарый ратыгъ:
Зэбулун къытекІыгъэ лІакъом икъалэхэм
ащыщэу:
ИокънэІам, Къартэ, 35 Дымна, Нэхэлал, ахэм
яІэгъо-блэгъу хъупІэхэри ягъусэхэу – къэлиплІ.
36 Рубэн лІакъом икъалэхэм ащыщэу:
Бэцэр, Ехэц, 37 Къэдэмэт, МефэІат, ахэм яІэгъо-
блэгъу хъупІэхэри ягъусэхэу – къэлиплІ.
38 Гъад лІакъом икъалэхэм ащыщэу:
ГъылыІад чІыналъэм ит Рамот зыкъэухъумэ-
жьыпІэ къалэр, Махъанаим, 39 Хъэщбэн, ЯІызэр,

ахэм яIэгъо-блэгъу хъупIэхэри ягъусэхэу – къэ-
липлI.

40 Ауж пхъэдзыр къызыфикIыгъэ адрэ лэуй лIа-
къоу мэрарый зэкIэмкIи къэлэ пшIыкIутIу ратыгъ.
41 ЯхъупIэхэри ахэтэу лэуй къалэхэу израилхэм
ячIыгухэм арытыгъэр зэкIэмкIи къэлэ тIокIитIурэ
ирэ хъущтыгъэ. 42 А къалэхэм зэкIэм яIэгъо-блэ-
гъухэм хъупIэхэр яIагъэх.

43 Джауштэу, ятэжъхэр гущыIэ пытэкIэ къызы-
фигъэгугъагъэхэ чIыгур зэкIэ, Зиусхьаным израил-
хэм къаритыгъ, ар ежьхэм аубыти, итIысхьагъэх.
44 Ятэжъхэр гущыIэ пытэкIэ къызэригъэгугъа-
гъэхэу Зиусхьаным ахэр сыд фэдэ лъэныкъокIи
ыгъэгупсэфыгъэх. Израилхэм япыйхэр ахэм аIэ
Зиусхьаным къырилъхьагъэхэти, зы пый закъо
гори къапэуцужьын ылъэкIыгъэп. 45 ЫпэкIэ Зиус-
хьаным гущыIэшIоу израилхэм къариIуагъэр
зэкIэ ыгъэцэкIэжьыгъ, мыгъэцэкIагъэу зыпари
къэнагъэп.

## ЯтIокIэнэрэ тIурэ шъхьэр

### *ТыгъэкъокIыпIэ лIакъохэр ячIыгу зэрэкIожьыгъэхэр*

**22** [1] Ащ ыуж Ехъошуа Рубэнрэ Гъадрэ ялIа-
къохэм, Мынасэ лIакъом ызыныкъу аIоу
къяджи, [2] ариIуагъ:
– Зиусхьаным иIумэтэу Мосэ шъо унашъоу
къышъуфишIыгъэр зэкIэ жъугъэцэкIагъэ, сэ къы-
шъосIуагъэхэми, унашъо къышъуфэсшIыхэрэми
шъуатекIыгъэп. [3] Охътабэм къыкIоцI, непэрэ мафэр
къэсыфэ, шъушыхэр къэшъубгынагъэхэп, шъуи
Зиусхьанэу шъуи Тхьэ шъупшъэ къырилъхьагъэр
жъугъэцэкIагъэ. [4] Зиусхьанэу шъуи Тхьэ, гущыIэ
пытэ къызэришIыгъагъэм фэдэу, джы шъушыхэр
ыгъэгупсэфыгъэх. Арышъ, Зиусхьаным иIумэтэу
Мосэ Иордан псыхъом ыкIыб къыщышъуитыгъэ
чIыгум жъугъэзэжьи, шъуиунэхэм шъуякIужь. [5] Ау
Зиусхьаным иIумэтэу Мосэ къышъуитыгъэ унашъо-
хэмрэ Хабзэмрэ дэх имыIэу жъугъэцакIэх: Зиусхьа-
нэу шъуи Тхьэ шIу шъулъэгъу, Ащ игъогухэм шъуа-
рыкIу, иунашъохэр шъуухъумэх, шъуфэшъыпкъ,
шъугурэ шъупсэрэкIэ шъуфэщагъэу шъуфэлажь.
[6] ШIукIэ афэлъаIуи, Ехъошуа ахэр зетIупщы-
жьыхэм, ядэжь агъэзэжьыгъ. [7] Мынасэ лIакъом

ызыныкъом Бащан чIыналъэм Мосэ чIыгу щы-
ритыгъагъ, лIакъом ызыныкъоу къэнагъэмрэ адрэ
израилхэмрэ Иордан псыхъом итыгъэкъохьэпIэ
лъэныкъо чIыгу щаритыгъагъ. Арыти, ядэжь
агъэзэжьынэу ахэр ытIупщыжьыхэзэ, Ехъошуа
шIукIэ афэлъаIуи, [8] моущтэу ариIуагъ:
– Шъо шъуищэтырэхэм шъуякIужьы, мылъ-
кушхо шъуIэкIэлъ – былымхэр бэу, тыжьынрэ
дышъэрэ, гъуаплъэрэ гъучIырэ, щыгъын бэ дэдэ,–
арышъ, пыим къонтхъэу къыпышъухыгъэмкIэ
шъукъошхэм шъуадэгуащ.
[9] Рубэн, Гъад лIакъохэм, Мынасэ лIакъом ызы-
ныкъом израилхэр КъэнаIан чIыгум ит Щылэу
къалэ къагъанэхи, ежьхэм заIэти, Зиусхьаным
Мосэ ижэдэкIэу унашъо къазэрэфишIыгъэу аубы-
тыгъэ ГъылыIад чIыналъэм екIужьыгъэх.

### *«Шыхьат» къурмэншIыпIэр*

[10] КъэнаIан чIыгум ит Иордан псыхъом дэжь
щыт Гъэлылот къызэсыхэм, Рубэн, Гъад лIакъо-
хэм, Мынасэ лIакъом ызыныкъом джа чIыпIэм,
Иордан псыхъо нэпкъым, къурмэншIыпIэшхо ща-
гъэуцугъ. [11] Мары Рубэн, Гъад лIакъохэм, Мынасэ
лIакъом ызыныкъом Иордан псыхъом инэпкъэу
израилхэм къафэгъэзагъэм, КъэнаIан чIыгум
игъунапкъэ къурмэншIыпIэ щагъэуцугъ зэра-
Iорэр зэхахыгъэти, [12] ахэм заокIэ якIунхэу зэкIэ

израил лъэпкъыр зэрэпсэоу Щылэу къалэ къы-
щызэрэугъоигъ.

[13] Ау ащ ыпэкIэ израилхэм къурмэнышIэу Елы-
Iазар ыкъо Пинхъас аIопщи, ГъылыIад чIыналъэм
щыIэ Рубэн, Гъад лIакъохэм, Мынасэ лIакъом
ызыныкъом афагъэкIуагъ. [14] ПэщипшI ащ игъу-
сагъ: израил лIакъо пэпчъ изынэбгырэ, ахэр зэкIэ
израил лъэпкъхэм ахэхьэрэ унагъохэм янахьыжъ
упчIэжьэгъугъэх.

[15] Ахэр ГъылыIад къызэсыхэм, Рубэн, Гъад лIа-
къохэм, Мынасэ лIакъом ызыныкъом зафагъази,
араIуагъ:

[16] – Зиусхьаным илъэпкъ зэрэпсэоу мырэущтэу
къышъуеIо: «Сыд пае Израилым и Тхьэ шъуфэмы-
шъыпкъагъа? Зиусхьаныр IэкIыб шъушIызэ, Ащ
шъупэуцужьызэ къурмэншIыпIэ непэ зыфэжъу-
гъэуцужьынэу сыдэущтэу ар шъо шъуфэшIагъа?
[17] Арэп, ПэIор[a] дэжь щызетхьэгъэ хэбзэнчъагъэр
шъушIомакIа? Зиусхьаным ицIыф лъэпкъ ащ пае
емынэм зэтыригъэлIагъ! Непэ къызынэсыгъэми
зытыукъэбзыжьышъурэп. [18] Джы непэ шъо Зиус-
хьаным шъукIэрыкIынэу зышъогъэхьазыра? Непэ
шъо Зиусхьаным шъупэуцумэ, неущ израил лъэп-
къым зэрэпсэоу Ащ ынае къыщифэщт. [19] Шъуи-
чIыгу мыкъабзэу къышъушIошIымэ, Зиусхьаным

[a] 22:17 Еплъ: тхылъэу «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэ-
хэр» 25:1-9.

ичIыгоу, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр зэрытым шъукъакIуи, Iахьэ къыддэжъугощ. Ау Зиусхьаным шъупэмыуцу, тэри бырсыр къытэшъумышIылI, Ащ икъурмэншIыпIэ нэмыкI зыфэшъумыгъэуцужь!
[20] Зэрахъ ыкъо Iахъан закъоба Зиусхьаным фэгъэшъошагъэхэм афэгъэхьыгъэ унашъор зымыгъэцэкIагъэр, ау Ащ игубж зэкIэ израил лъэпкъым зэрэпсэоу къытефагъэба? А псэкIодым Iахъан закъоп ныIа текIодагъэр?»

[21] Арыти, Рубэн, Гъад лIакъохэм, Мынасэ лIакъом ызыныкъом израил лъэпкъхэм янахьыжъ упчIэжьэгъугъэм мырэущтэу къараIожьыгъ:

[22] – Зиусхьаныр – тхьэхэм я Тхьэжь! Зиусхьаныр – тхьэхэм я Тхьэжь! Ащ ешIэ, израил лъэпкъми ерэшI: Зиусхьаным тыпэуцоу, Ащ тыфэмышъыпкъэмэ, непэ шъукъытшъхьамыс.
[23] Зиусхьаныр IэкIыб тшIыным пае къурмэншIыпIэ тэ зыфэдгъэуцужьыгъэмэ, ащ къурмэнгъэстрэ гъомылэ къурмэнрэ е мамыр къурмэн щытшIынхэу арымэ, Ежь Зиусхьаным терэгъэпщын.
[24] Хьау! Шъо къышъухэкIыгъэхэм зэгорэм тэ ткъохэм мырэущтэу къараIонэу тыщынагъэти ары тэ ар зыкIэтшIагъэр: «Сыд шъо Зиусхьанэу Израилым и Тхьэ шъузэрэхэтыр?
[25] Иордан псыхъор тэрырэ шъорырэ Зиусхьаным гъунапкъэ тфишIыгъ. Арышъ, Зиусхьаным шъо шъуриеп, Ар тэтый». Джащ фэдэ шIыкIэкIэ, шъо къышъухэкIыгъэхэм

яягъэкIэ, тэ ткъохэр Зиусхьаным шIолIыкIы-
жьыщтхэп.

26 Джары къурмэншIыпIэ дгъэуцунэу тэ зыкIит-
хъухьагъэр нахь, къурмэнгъэстрэ къурмэнхэмрэ
щытшIынхэу арэп. 27 Ары пакIопышъ, къурмэн-
гъэстрэ гъомылэ къурмэнрэкIэ, мамыр къурмэн-
рэкIэ зэфэдэу Зиусхьаным ыпашъхьэ титэу[a] тэри,
шъори, тилIэужхэми тызэрэфэлэжьэщтым ар
ишыхьатынэу ары. Джащыгъум, Зиусхьаным тэ
тиIахьэ хэмылъэу шъо къышъухэкIыгъэхэм тэ
ткъохэм ыужыкIэ къараIон алъэкIыщтэп.

28 Зэгорэм ащ фэдэу тэрми е ткъохэр арми къы-
таIомэ, мырэущтэу джэуап яттыжьыщт: «Зиусхьа-
ным икъурмэншIыпIэ итеплъэ иIэу тятэжъхэм Ащ
икъурмэншIыпIэу агъэуцугъэм шъуеплъ. Ау ащ
къурмэнгъэстрэ нэмыкI къурмэнхэмрэ щашIын-
хэу арэп, тэрырэ шъорырэ шыхьатэу тиIэнэу ары
нахь»,– тIуагъэ.

29 Зиусхьанэу ти Тхьэ непэ тыпэуцуни, ар Iэ-
кIыб тшIынышъ, Ащ икъурмэншIыпIэ нэмыкI
дгъэуцуни къурмэнгъэстрэ гъомылэ къурмэнрэ, е
нэмыкI къурмэн щытшIынэу ащ фэдэ егъашIэми
орэмыхъу. Зиусхьанэу ти Тхьэ икъурмэншIыпIэ
шъыпкъэр Ащ ичэтэнгъэIэгъэ лъапIэ ыпашъхьэ
ит закъор ары!

---

a 22:27 Зигугъу къыщишIырэр Шылэу щыIэ чэтэнгъэIэ-
гъэ лъапIэр арын фай. Еплъ: 18:1.

[30] Арыти, къурмэнышIэу Пинхъасрэ израил
лъэпкъхэм янахьыжъ упчIэжьэгъухэмрэ Рубэн,
Гъад лIакъохэм, Мынасэ лIакъом ызыныкъом
аIуагъэр зызэхахым адырагъэштагъ. [31] Къурмэ-
нышIэу ЕлыIазар ыкъо Пинхъас ахэм ариIуагъ:

– Зиусхьаныр зэрэтигъусэр, Ащ шъуузэрэфэ-
шъыпкъэр непэ къыдгурыIуагъ. Зиусхьаным
ипщыныжь израилхэр непэ щышъуухъумагъэх.

[32] Рубэн, Гъад лIакъохэр зыщыпсэухэрэ Гъы-
лыIад хэкур къурмэнышIэу ЕлыIазар ыкъо Пин-
хъасрэ израил лIакъохэм япащэхэмрэ къабгыни,
КъэнаIаным къэкIожьыхи, къэбарыр израилхэм
къафаIотэжьыгъ. [33] Израилхэм а къэбарыр зызэха-
хым гушIуагъэх, Зиусхьаным щытхъу фашIыгъ.
Рубэн, Гъад лIакъохэм заокIэ якIунхэм, ахэр зы-
щыпсэурэ чIыгур хэкужъ ашIыным игугъу ащ
нахьэу ашIыжьыгъэп.

[34] Рубэн, Гъад лIакъохэм «Шъори тэри Зиусхьа-
ныр зэрэти Тхьэм мыр ишыхьат», аIуи, а къур-
мэншIыпIэм «Шыхьат»[a] цIэу фашIыгъ.

[a] **22:34** Мы гущыIэр ижъырэ Iэпэрытхыхэм ащыщхэм ахэтми, ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым ар хэтэп.

## ЯтIокIэнэрэ щырэ шъхьэр

### *Ехъошуа пащэхэм гъозэ гущыIэу къариIожьыгъэр*

**23** 1 Израилыр зэкIэ ипыйхэу лъэныкъо
пстэумкIи къегъэтIысэкIыгъэхэм амы-
гъэгумэкIыжьэу Зиусхьаным зегъэрэхьатым ыуж
охътабэ тешIагъ; Ехъошуа жъы хъуи, ыныбжь
хэкIотагъ. 2 Зэгорэм ар израилхэм зэкIэм къяджи,
лъэпкъым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм, пащэхэм,
ихьыкумышIхэм, иIэшъхьэтетхэм ариIуагъ:
– Сэ жъы сыхъугъ, сыныбжьи хэкIотагъ. 3 Зиус-
хьанэу, шъуи Тхьэм шъощ пае лъэпкъхэм зэкIэм
аришIагъэр, Ар зэрэшъуфэзэуагъэр зэкIэ шъулъэ-
гъугъэ. 4 ЫужыкIэ Иордан псыхъомрэ тыгъэкъо-
хьапIэмкIэ щыIэ Хышхомрэ азыфагу илъ чIыгур
зэкIэ пхъэдзыкIэ шъуилIакъохэм къатезгощагъ:
лъэпкъэу згъэкIодыгъэхэмрэ джыри къэнэгъэ
лъэпкъхэмрэ ячIыгухэр. 5 Зиусхьанэу, шъуи Тхьэ
ахэр Ежь шъуигъогу тырифыщтых. Ахэр шъукIэ-
лъырифынхэшъ, гущыIэ пытэ къызэрэшъуиты-
гъагъэуи ячIыгу шъо шъуубытыщт.
6 Арышъ, джабгъумкIи сэмэгумкIи шъудэмыхэу
Мосэ и Хабзэу тхылъым итхагъэр пытагъэ шъухэ-
лъэу, зэкIэ кIэзыгъэнчъэу жъугъэцакIэ. 7 А къэнэгъэ

лъэпкъхэм захэшъумыгъэкIуакI, ахэм ятхьэхэм
ацIэ къешъумыIу, ахэмкIэ тхьэлъанэ шъумышIы,
ятхьэнэпцIхэм шъуафэмылажь, шъхьащи афэ-
шъумышI! [8] Непэ нэс шъузэрэфэшъыпкъагъэу,
Зиусхьанэу шъуи Тхьэ тапэкIи шъуфэшъыпкъ.
[9] Лъэпкъышхохэу, лъэпкъ лъэшхэр Зиусхьаным
шъукIэлъырифыгъэх. Непэ къызнэсыгъэми хэти
къышъупэуцужьын ылъэкIыгъэп. [10] Зиусхьанэу
шъуи Тхьэ гущыIэ пытэ къызэрэшъуитыгъагъэу
шъощ пае Ежь мэзаошъ, шъуизынэбгырэ миным
кIарегъэIэжьы. [11] Арышъ, Зиусхьанэу шъуи Тхьэ
сыд хъугъэми шIу зэрэшъулъэгъущтым ыуж
шъуит.
[12] Ау шъо Ащ шъуакIыб фэжъугъазэу, къэнэ-
гъэ лъэпкъэу къышъухэсмэ ащыщхэм шъуагуа-
хьэу, ахэм блэгъагъэ адэшъушIэу, шъуалъыкIоу,
къызылъыжъугъакIохэу хъумэ, – [13] джащыгъум:
Зиусхьанэу шъуи Тхьэ а лъэпкъхэр ащ нахьэу
зэрэшъукIэлъыримыфыжьыщтхэр зэжъугъашIэ.
Зиусхьанэу шъуи Тхьэ къышъуитыгъэ чIыгу-
шIум шъутекIодыкIыжьыфэ шъоркIэ убытыпIэрэ
лъахъэрэ ахэр хъущтых, къамыщэу шъуакIыб
ращыщт, шъунэхэм панэу акIэлъыщтых.
[14] Мары сэ, мы чIыгум псэ зыпытэу тет пстэуми
афэдэу, джы аужырэ гъогум сытехьажьы. Зиус-
хьанэу шъуи Тхьэ гущыIэ пытэу, шIу закIэу къы-
шъуитыгъэхэм ащыщ хьаулыеу къызэрэмынагъэр

шъугурэ шъупсэрэкIэ зэжъугъашIэ. ЗэкIэ шъо
къыжъудэхъугъ, зыпари мыгъэцэкIагъэу къэна-
гъэп. [15] Ау Зиусхьанэу шъуи Тхьэ гущыIэ пытэу
къышъуиIуагъэр зэкIэ къызэрэшъохъулIагъэу,
джащ фэдэ къабзэу, тхьамыкIагъоу пэшIорыгъэ-
шъэу зигугъу къышъуфишIыгъэхэри чIыгушIоу
къышъуитыгъэм шъутыремыгъэкIодыкIыфэ Зиус-
хьаным ыгъэцэкIэжьыщт. [16] Зиусхьанэу шъуи
Тхьэ къыжъудишIыгъэ зэзэгъыныгъэр шъуукъоу,
нэмыкI тхьэхэм шъуафэлажьэу, шъхьащэ афэшъу-
шIэу зежъугъажьэкIэ, Ащ игубж къышъуфызэ-
кIэнэнышъ, чIыгушIоу къышъуитыгъэм шIэхэу
шъутыригъэкIодыкIыщт.

## ЯтIокIэнэрэ плIырэ шъхьэр

### *Зэзэгъыныгъэ лъапIэр Щэхэм зэрэщагъэкIэжьыгъэр*

**24** [1] ЗэкIэ израил лIакъохэр Ехъошуа Щэ-
хэм щиугъоигъэх. Лъэпкъым инахьыжъ
упчIэжьэгъухэм, ащ ипащэхэм, ихьыкумышIхэм,
иIэшъхьэтетхэм ар къяджагъэти, зэкIэри къакIуи,
Тхьэм ыпашъхьэ къиуцуагъэх. [2] ЕтIанэ Ехъошуа
лъэпкъым зыфигъэзагъ:
– Зиусхьанэу Израилым и Тхьэ мары ыIорэр:
«БэшIагъэу шъуятэхэр – Ибрахьимэрэ Нахъоррэ
ятэу Тэрахъ нэсыжьэу – псыхъо кIыбым[a] щыпсэу-
щтыгъэх, нэмыкI тхьэхэми афэлажьэщтыгъэх. [3] Ау
Сэ шъуятэу Ибрахьимэ псыхъо кIыбым щыIэ чIы-
гум къисщи, зэрэ КъэнаIанэу къыщесщэкIыгъ. Сэ
ащ ихъопсащэ згъэбэгъуагъэ: Исхьакъ къестыгъ,
[4] етIанэ Исхьакъ Якъубэрэ Iэсаурэ къестыгъэх.
СэIир къушъхьалъэхэр Сэ Iэсау къестыгъэх, ау
Якъубэ ыкъохэр игъусэхэу Мысыр икIыгъ.
[5] Мосэрэ Хьарунэрэ Сэ къышъуфэзгъэкIуагъэх,
етIанэ щысшIагъэхэмкIэ Мысырыр зэщызгъакъуи,
ащ шъукъисщыжьыгъ. [6] Мысырым шъуятэжъхэр

---

a 24:2 Ефрат псыхъом ыкIыб, Мэсэпэтамым. Джащ фэдэх я 3-рэ, я 14-рэ, я 15-рэ усэхэр.

къызисэщыжьхэм, ахэр хы Къамылым нэс кIуа-
гъэх. Мысырхэр купсынкIэхэм арысхэуи, шыухэуи
а хым нэс шъуятэжъхэм къалъычъагъэх. [7] Зиус-
хьаныр IэпыIэгъу къафэхъунэу ащыгъум ахэр
еджагъэхэти, шъорырэ мысырхэмрэ шъуазыфагу
Ащ шIункIыр къыдилъхьагъ, мысырхэм хыр къа-
тыригъауи, чIыригъэхьагъэх. Шъо шъунэхэмкIэ
шъулъэгъугъэба мысырхэм Сэ ясшIагъэр! Ащ ыуж
илъэсыбэрэ шъофнэкIым шъо шъущыпсэугъ.

[8] ЕтIанэ Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэкIэ
щыпсэущтыгъэхэ амэрхэм ячIыгу Сэ шъукъэсщагъ.
Ахэр шъо къышъозэуагъэхэми, шъуIэ къислъхьэ-
хи, ежьхэри шъуапашъхьэ Сэ щызгъэкIодыгъэх,
ячIыгуи шъуубытыгъ. [9] Моаб пачъыхьэу Цыпор
ыкъо Бэлакъ Израилым къеззонэу зигъэхьазыры
зэхъум, БэIор ыкъо БэлыIам къышъуигъэбгынэу
лъигъэкIуагъэх. [10] Ау Сэ БэлыIам седэIунэу сыфэя-
гъэпти, нэшIущыфэныгъэхэр къышъуезгъэIолIа-
гъэх, шъукъыIэкIэсхыгъ.

[11] Иордан псыхъом шъукъызэпырыкIи, Ерыхъэу
шъукъэкIуагъ. Ерыхъэу дэсхэр къызэрэшъозэуа-
гъэхэм фэдэу амэрхэмрэ пэрыцхэмрэ, къэнаIан-
хэмрэ хьатхэмрэ, гъыргъащхэмрэ хъэухэмрэ,
ыкIи еусхэр къышъозэуагъэхэми, Сэ ахэр шъуIэ
къислъхьагъэх. [12] Сэ ахэр гуIэнэу зыхэсыдзагъэхэм[a]

[a] 24:12 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэ-
хэтыр: «къэцыгъонэшхохэр афэзгъэкIуагъэх».

амэр пачъыхьитIур шъукIэлъырифыгъ: уичатэ-
рэ уищабзэрэп ар зышIагъэр. [13] Джаущтэу чIыгоу
умылэжьыгъэр, къалэу шъумыгъэуцугъэхэр Сэ
къышъостыгъэх. Джы шъо ахэм шъуащэпсэу,
шъумыгъэтIысыгъэ сэнэшъхьэшIапIэхэмрэ зэй-
тын мэзжъыехэмрэ къащыкIырэр шъошхы».

[14] – Арышъ,– Ехъошуа игущыIэ лъигъэкIо-
тагъ,– Зиусхьаным ищынагъо шъугу ижъугъэлъ,
шъугу къабзэу, шъуфэшъыпкъэу Ащ шъуфэлажь.
Ефрат псыхъо кIыбымрэ Мысырымрэ ащыпсэу-
хэ зэхъум шъуятэжъхэр зыфэлажьэщтыгъэхэ
тхьэхэр чIэшъудзыжьхи, Зиусхьаным шъуфэ-
лажь. [15] Ау шъо Зиусхьаным шъуфэлэжьэнэу
шъуфэмыемэ, непэ блэмыкIэу шъузыфэлэжьэ-
щтыр къыхэшъух: шъуятэжъхэр псыкIыбым
зыщыфэлажьэщтыгъэхэ тхьэхэр ара е зичIыгу
шъущыпсэурэ амэрхэм ятхьэхэр ара. Сэры пIо-
мэ, сэ сшъхьэкIи сиунагъокIи Зиусхьаным ты-
фэлэжьэщт.

[16] Арыти, израилхэм джэуап къатыжьи, къы-
раIуагъ:

– Хьау, Зиусхьаныр къэдгъанэу нэмыкI тхьэ-
хэм тафэлэжьэнэу, егъашIи орэмыхъу! [17] Зиусхьа-
нэу ти Тхьэр арыба тэри тятэжъхэри пщылIы-
пIэ чIыпIэм, Мысырым тыкъизыщыжьыгъэр,
шIэгъошIэгъэшхохэр нэрылъэгъу къыщытфэ-
зышIыгъэр. Гъогум тытетыфэ зэкIэ лъэпкъэу

тыкъызыпхырыкIыгъэхэм Ащ тащиухъумагъ.
[18] ЗэкIэ лъэпкъхэри амэрэу мы чIыгум исыгъэхэри
Зиусхьаным ткIэлъырифыгъэх. Ар – тэ ти Тхьэшъ,
тэри Зиусхьаным тыфэлэжьэщт.

[19] Ехъошуа израилхэм ариIуагъ:

– Шъо Зиусхьаным шъуфэлэжьэшъунэу шъо-
Iуа? Ар Тхьэ ЛъапI! Ар нэкъокъогъу иIэныр къызэ-
мыкIурэ Тхьэ! ШъуемыдэIумэ, псэкIод шъушIэмэ,
къышъуфигъэгъущтэп. [20] ШIу къышъуфэзышIэ-
гъэ Зиусхьаныр къэжъугъанэу, хымэ тхьэхэм
шъуафэлажьэ зыхъукIэ, Ар къышъупэуцунышъ,
тхьамыкIагъор къышъуфигъэкIони, ухыпIэ ар
шъуфэхъущт.

[21] Ащ ипэгъокIэу:

– Хьау! Зиусхьаным тэ тыфэлэжьэщт!– лъэп-
къым Ехъошуа къыриIуагъ.

[22] Арыти:

– Зиусхьаныр къыхэшъухыгъэу, Ащ шъузэрэ-
фэлэжьэщтымкIэ шъо джы шыхьат шъузыфэхъу-
жьы,– ыIуагъ Ехъошуа.

– Ары, тышыхьат,– адрэхэм къыраIожьыгъ.

[23] – Ащыгъум,– ыIуагъ Ехъошуа,– хымэ тхьэу
шъуиIэхэр чIэшъудзыхи, шъугукIэ Зиусхьанэу
Израилым и Тхьэ зыфэжъугъаз.

[24] Лъэпкъым Ехъошуа къыдыригъэштагъ:

– Тэ Зиусхьанэу ти Тхьэ тыфэлэжьэщт, Ащ те-
дэIущт.

[25] Джаущтэу а мафэм лъэпкъым ыцIэкIэ Ехъо-
шуа Зиусхьаным зэзэгъыныгъэ дишIи, унашъо-
хэмрэ шапхъэхэмрэ а чIыпIэм, Щэхэм, лъэпкъым
къыщыритыгъэх. [26] А гущыIэхэр Ехъошуа Тхьэм
ихабзэ зэрытхэгъэ тхылъым дитхагъэх. ЕтIанэ
мыжъошхо къышти, Зиусхьаным ичэтэнгъэIэгъэ
лъапIэ дэжь щыт чъыгаем ычIэгъ чIигъэуцуагъ.
[27] – Шъуеплъ!– Ехъошуа израил лъэпкъым ри-
Iуагъ.– Зиусхьаным къытиIогъэ гущыIэхэр зэкIэ
мары, мы мыжъом зэхихыгъэхэшъ ар тишыхьа-
тыщт. Шъуи Тхьэ IэкIыб зышъушIыкIэ шыхьатэу
къышъупэрэуцу!
[28] ЕтIанэ Ехъошуа шъхьадж иунэе чIыгу Iахьэ
кIонэу цIыфхэр ытIупщыгъэх.

### *Ехъошуа зэрэлIагъэр*

[29] Ащ ыуж Зиусхьаным иIумэтэу Ныун ыкъо
Ехъошуа илъэсишъэрэ пшIырэ ыныбжьэу идунай
ыхъожьыгъ. [30] Ежь иунэе Iахьэм хэхьэрэ Ефраим
къушъхьалъэм ит ГъэIащ къушъхьэм итемыркIэ
щыIэ Тымнат-Сэрахъ къалэм ичIыгу щагъэтIы-
лъыжьыгъ.
[31] Ехъошуа щэIэфи, ыужыкIэ нахьыжъ упчIэ-
жьэгъухэу Зиусхьаным Израилым къыфишIэгъэ
Iоф пстэури зынэгу кIэкIыгъэхэри опсэухэфи Изра-
илыр Зиусхьаным фэлэжьагъ.

32 Юсыф ихьэдэкъупшъхьэхэу израилхэм Мысырым къырахыжьыгъэхэр Щэхэм къалэм ичIыгу щычIалъхьажьыгъэх. Якъубэ Хъаморэ ыкъохэм а чIыгур тыжьын ахъщишъэкIэ къащищэфыгъ. (Хъаморэ Щэхэм ятагъ). Джары Юсыф къытекIыгъэхэм яунэе Iахьэу ар зыкIэхъугъэр.

33 Хьарунэ ыкъо ЕлыIазар дунаим зехыжьым, ыкъоу Пинхъас къытефэгъэ Ефраим къушъхьалъэм ит ГъыбIэ щагъэтIылъыжьыгъ.

# ГущыIалъ

**Джасус (2:1, 6:16, нэмыкI чIыпIэхэми)** – ПлъэкIодэIуакIу. Хымэ чIыпIэм цIыф ыкIи нэмыкI кIуачIэу щыIэхэр зыфэдэхэр шъэфэу къызэригъэшIэнэу агъакIорэр.
**Зиусхьан (1:1, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Тхьэм изэрэщыт къызэрыпIон плъэкIыщт амалхэм ащыщ. Адыгэ гущыIэу «Зиусхьаным» мэхьанэу иIэм зэфэмыдэ джурт гущыIитIумэ къарыкIырэр къеты. Апэрэр: «Адонай» (Ехъошуа 3:11). Тхьэр зэрэлъэрыхьэр, Ар зэрэфэшIыгъэр мэхьанэу иI. ЯтIонэрэ гущыIэмкIэ Тхьэм ыцIэ къыраIо: «Яхве» (Ехъошуа 1:1), ащ къикIырэмэ ащыщ «егъашIэм щыIэ зэпытыр».
**ЗыкъэухъумэжьыпIэ къалэхэр (20:2, нэмыкI чIыпIэхэми)** – МышIэ IофкIэ цIыф горэ зыукIырэр зыкъыгъэнэжьыным пае шъхьэегъэзыпIэкIэ зэкIужьын ылъэкIыщт къэлищэу Мосэ Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъо щигъэнэфэгъагъэхэр ары.
**Къурмэнгъэст (8:31, нэмыкI чIыпIэхэми)** (машIокIэ агъэстырэ къурмэн) – зэрэлъэпкъэуи нэбгырэ зырызхэми апае а зы мафэм къыкIоцI тIо, тыгъэм икъыкъокIыгъорэ икъохьажьыгъорэ атефэу, ашIыщтыгъэ къурмэныр ары. Къурмэныр

зэрэщытэу къурмэншIыпIэм щагъэстыщтыгъэ. Мы къурмэным адрэ къурмэн пстэумэ анахьэу мэхьанэ иIагъ;

**КъурмэнышI (3:3, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Тхьэм фэлэжьэрэ цIыфэу диным епхыгъэ Iофтхьабзэхэр зыгъэцакIэщтыгъэр ары. Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан зэрэлъэпкъэу е нэбгырэ зырызхэм ацIэкIэ къурмэн ышIыныр ащ ипшъэрылъ шъхьаIэщтыгъ.

**Лэуйхэр (3:3, 13:14, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан къурмэнышIхэр къызхахыщтыгъэхэр Лэуй ибынхэм къатекIыгъэ лIакъор ары. Лэуй джурт лIэкъо пшIыкIутIур къызтекIыгъэ Якъубэ ыкъо пшIыкIутIумэ ащыщыгъ. Лэуй къыпыкIыгъэх зэшхэу Мосэрэ Хьарунэрэ. КъурмэнышIхэр къызхахыщтыгъэхэр Лэуй къыпыкIыгъэ Хьарунэ илIакъо щыщхэр ары ныIэп. Лэуй къытекIыгъэ хъулъфыгъэхэм зэкIэми «лэуйхэр» араIуагъ. Лэуйхэм чэтэн гъэIагъэм, ыужкIэ Тхьэм и Унэу Ерусэлэм дэтым Iоф ащашIэщтыгъэ. Джащ фэдэуи Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ ахэм зэрахьэщтыгъэ.

**Мамыр (зэгурыIоныгъэ) къурмэныр (8:31, нэмыкI чIыпIэхэми)** – ЦIыфым ежь фаеу ышIырэ къурмэныр. Къурмэн ашIыгъэм ишэхэмрэ ыкIоцI къырахыгъэхэмрэ къурмэнгъэстым игъусэу Тхьэм фагъэшъуашэхэти, зэрэщытэу къурмэншIыпIэм

щагъэстыщтыгъэх. Къурмэнылым щыщ Ӏахь Тхьэм фагъэшъуашэщтыгъэ, адрэр къурмэн зышӀырэмрэ цӀыфхэмрэ зэдашхыщтыгъэ.

**Пхъонтэ лъапӀэр (3:3, 3:6, нэмыкӀ чӀыпӀэхэми)** – Тхьэм унашъо къызэрэфишӀыгъэм тетэу Мосэ пхъонтэрыр пхъэм харигъэшӀыкӀи, дышъэр тыраригъэлъхьэжьыгъагъ. Тхьэм иунэшъуипшӀ зытет мыжъобгъухэмрэ пкъыгъо лъапӀэхэмрэ ащ дэлъыгъэх. Дышъэм хэшӀыкӀыгъэ къэрыубхэу пхъонташъхьэм тетхэм атамэхэр зыщызэнэсхэрэр Тхьэр зыдэщыӀэ чӀыпӀэу алъытэщтыгъ.

**Пчыпыджын (8:18, 8:26)** – Мыр зыфэдэр пчы: зыпэ папцӀэу упсыгъэ бэщ кӀыхьэу гъучӀ чан зыпалъхьэу нахьыпэм зэрэзаощтыгъэхэр ары.

**Пэсах мэфэкӀыр (5:10, 5:11)** – Тхьэм джуртхэр Мысыр хэгъэгум къызэрэрищыжьыгъэхэм фэгъэхьыгъэ мэфэкӀ.

**Фэ (11:6)** – фэр Ӏудэнэ псыгъо кӀыхьэм фэдэу цӀыфыми псэушъхьэу лъакъомэ атетхэми ахэлъ, лыпцэхэмрэ къупшъхьэхэмрэ зэрепхых. ЗекӀорэ псэушъхьэм иаужырэ лъакъохэм ахэлъ фэр зэпыупкӀымэ, ар мыкӀожьышъоу мэхъу.

**ЧэтэнгъэӀэгъэ лъапӀэр (18:1, нэмыкӀ чӀыпӀэхэми)** – Джурт лъэпкъыр итарихъ иублэгъум кощын зэпымыужьхэм ахэт зэхъум, къыздырихьакӀынэу чэтэнгъэӀагъэр тхьэлъэӀупӀэ-къурмэншӀыпӀэу ыгъэпсыгъагъ. Пачъыхьэу Сэлмэн Тхьэм и Унэу

аригъэшIыгъагъэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм игъэпсыкIэ фэдагъ.

**Iумэт (1:1, нэмыкI чIыпIэхэми)** – ЗыIэ илъым фэшъыпкъэр, шъыпкъэныгъэ фыриIэу фэлажьэрэр ары. Тхылъэу «Ехъошуа» Мосэ игугъу къызэрэщишIырэр: «Тхьэм иIумэт» (1:1). Джащ фэдэу мы тхылъ дэдэм икIэухым Ехъошуа фэгъэхьыгъэу къыщеIо: «Тхьэм иIумэт» (24:29).


Ехъошуа КъэнаIаным щызэхищэгъэ заохэр
Т (Темыр)
Цыдон
Хъэрмон къушъхьэ
Мыщпэ кIэй
Къэдэщ
Мэром псыхъо
Хьацэр
Ахъшаф
Мадон
Къынэрэт псыхъурай
Щымрэн
Иордан псыхъо
ХЫШХО (СРЕДИЗЕМНЭ ХЫР)
Iэбал къушъхьэ
Гъэрызым къушъхьэ
ГъыбIон
Бэтэл
Гъылгъал
Бэтхъорэн
Iай
Шытым
Гъэзэр
Ерыхъэу
Макъэд
Ерусэлэм
Лыбнэ
Лахыщ
Iэгълон
Хъэурэн
Дэбир
ХЫ ЩЫУГЪ
Апэрэ къалэхэр КъэнаIан хэгъэгум зэрэщаштагъэхэр (2–8:29)
Къыблэ пачъыхьэхэм Ехъошуа зэратекIуагъэр (9:3–10:43)
Темыр пачъыхьэхэм Ехъошуа зэратекIуагъэр (11:1-15)
0
25
50
75 км


Израилым илІэкъо 12 ячІыгу
Ехъошуа чІыгур зэригощыгъэр
(13:1–21:45)
Цыдон
Ливан къушъхьэ
Хъэрмон къушъхьэ
Дамаск
Тир
НАФТАЛЫЙ
Дан (Лаиш)
ДАН
АЩЭР
Къэдэщ
МЫНАСЭ (КЪОКІЫПІЭ ЧІЫГУР)
Хъацэр
Къынэрэт псыхъуэай
ХЫШХОР (СРЕДИЗЕМНЭ ХЫР)
ЗЭБУЛУН
Табор къушъхьэ
Іащтарэт
Гъолан
Дор
ИССАШХАР
Мэгъыдэ
ИзрыІэл
ГъылыІадым ит Рамот
Иордан псыхъуэ
ГЪАД
МЫНАСЭ (КЪОХЬЭПІЭ ЧІЫГУР)
ГЪЫЛЫІАД
Іэбал къушъхьэ
Щэхэм
Гъэрызым къушъхьэ
Ябэкъ псыхъуэ
ІАМОН ХЭКУ
ЕФРАИМ
Щылэу
Тымнат-Сэрахъ
Бэтэл
Іай
Гъылгъал
ДАН
ГъыбІон
Ерыхъэу
БИНЯМИН
Бэцэр
Іэкърэн
Ерусэлэм
Ащдэд
ФЫЛИСТ ХЭКУ
Лыбнэ
Ащкъэлэн
РУБЭН
Гъат
ЕХЪУДЭ
Лахыщ
ХЫ ЩЫУГЪ
Іазэ
Хъэурэн
Дэбир
Іэнгъэдый
Арнон псыхъуэ
МОАБ ХЭКУ
БэрщэбаІ
Хъорым
ЩЫМІОН
Т (Темыр)
0
25
50 км
ЕДОМ ХЭКУ